देशक गप गामक भाषा मे

# समदिया मिथिला

मंगल

04 अगस्त, 2026

पटना

साओन, कृष्ण पक्ष, षष्ठी, संवत् : 2083

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक

सौभाग्य हुनके प्राप्त होइत अछि जे अपन कर्तव्य पथ पर अविचल रहैत अछि।
- मुंशी प्रेमचंद

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 16, अंक : 323 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 4:00



# भाजपाक किला ढहल पीके बांकीपुरक 'नव सम्राट'

**पटना, समदिया**

बांकीपुर विधानसभा उपचुनाव मे जनसुराज पार्टी (जेएसपी)क संस्थापक प्रशांत किशोर प्रचंड मत सं विजयी भेल छथि। 32 चरणक मतगणनाक बाद प्रशांत किशोर कें कुल 63,946 मत प्राप्त भेल, जखन कि भाजपा प्रत्याशी नीरज सिन्हा कें 44,700 मत आ राजद प्रत्याशी रेखा कुमारी कें 14,241 मत भेटल। एहि प्रकारें प्रशांत किशोर निर्णायक अंतर सं विजय प्राप्त कएलनि। विशेष बात ई रहल जे भाजपा अध्यक्ष नितिन नवीनक प्रभाव क्षेत्र मानल जाएबला बांकीपुर मे भाजपा प्रत्याशी कें कसगर हारिक सामना करय पड़ल। मतगणनाक आरंभ सं अंत धरि प्रशांत किशोर लगातार बढ़त बनौने रहलाह। उल्लेखनीय अछि जे बांकीपुर उपचुनाव लेल 30 जुलाई कें मतदान संपन्न भेल छल, जतय लगभग 35 प्रतिशत मतदान दर्ज कएल गेल छल।

विजयक घोषणाक बाद प्रशांत किशोर कहलनि जे लोकतंत्र मे हारि-जीत स्वाभाविक प्रक्रिया अछि। हुनका अनुसार बांकीपुरक ई चुनाव मात्र विधायक चुनबाक चुनाव नहि छल, बल्कि बिहार मे भाजपा-एनडीए सरकार आ ओकर नेतृत्वक प्रति जनमत सेहो छल। हुनकर कथन छल जे बांकीपुरक जनताक संदेश अछि जे भाजपा नेतृत्व बिहारक हित मे एकटा योग्य आ सुशासन देबा मे सक्षम व्यक्ति कें राज्यक नेतृत्व सौंपय।

- **प्रशांत किशोर कें कुल 63,946 मत प्राप्त भेल**
- **भाजपाक नीरज कें 44,700 मत भेटलनि**
- **राजदक रेखा कुमारी कें 14,241 मत प्राप्त भेल**
- **जीतलाक बाद पीके कहलनि, नीक आदमी कें सीएम बनाउ**
- **31 साल धरि बांकीपुर मे रहल भाजपाक कब्जा**

प्रशांत किशोर आगू कहलनि जे बिहारक जनता सं आग्रह अछि जे राज्यक नेतृत्व एहन व्यक्तिक हाथ मे रहय, जे शिक्षा, रोजगार आ विकासक दिशा मे प्रभावकारी काज कए सकय, जाहि सं बिहारक युवा सभ कें रोजगारक खोज मे दोसर राज्य नहि जाए पड़य। ओ अपन समर्थन कएनिहार मतदाता सभक प्रति आभार व्यक्त कएलनि आ जे मत नहि देने छथि, हुनकर विश्वास जीतबाक लेल आरो परिश्रम करबाक संकल्प दोहरौलनि।

## सीएम सम्राट प्रशांत किशोर कें देलनि बधाइ

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सेहो जनसुराजक विजय पर प्रशांत किशोर कें बधाइ देने छथि। सोशल मीडिया पर जारी संदेश मे मुख्यमंत्री कहलनि जे लोकतंत्रक महापर्व मे बांकीपुरक जनताक निर्णयक सम्मान करैत छथि आ प्रशांत किशोर कें विजय लेल हार्दिक शुभकामना दैत छथि।

निर्वाचन आयोगक आंकड़ाक अनुसार 31म चरण धरि प्रशांत किशोर कें 63,203 मत प्राप्त भेल छल, जखन कि भाजपा प्रत्याशी नीरज कुमार 44,250 मतक संग दोसर स्थान पर छलाह। राजद प्रत्याशी रेखा कुमारी 14,085 मत प्राप्त कए तेसर स्थान पर रहलीह। अंतिम चरणक मतगणनाक उपरांत प्रशांत किशोरक मतसंख्या बढ़ि 63,946 धरि पहुंचि गेल।

विजयक उपरांत प्रशांत किशोर प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आ गृहमंत्री अमित शाह सं बिहारक नेतृत्व मे परिवर्तन पर विचार करबाक आग्रह सेहो कएलनि। एहि बीच भाजपा प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी प्रशांत किशोर कें विजयक बधाई देलनि। राजद नेता लालू प्रसाद यादवक पुत्री रोहिणी आचार्य सेहो प्रशांत किशोर कें शुभकामना दैत बांकीपुरक चुनाव परिणाम पर प्रतिक्रिया व्यक्त कएलनि।

# सिमरी बख्तियारपुर स्टेशन पर डेमू ट्रेनक इंजन मे लागल भीषण आगि, अफरा-तफरी

## दमकल दल दू घंटाक अथक प्रयासक बाद आगि पर पौलक काबू, जांच शुरू

**सहरसा, समदिया**

सहरसा-मानसी रेलखंड पर सोमदिन भोर मे सिमरी बख्तियारपुर रेलवे स्टेशन पर ठाढ़ समस्तीपुर-सहरसा पैसेंजर डेमू ट्रेनक इंजन मे अनचोके भीषण आगि लागि गेल, जाहि सं स्टेशन परिसर मे अफरा-तफरीक स्थिति उत्पन्न भए गेल। प्रारंभ मे इंजन सं धुआं उठैत देखल गेल, मुदा किछुए क्षण मे आगि विकराल रूप धारण कए लेलक। इंजन सं उठैत ऊंच-ऊंच धधरा कें देखि यात्री सभ भयभीत भए गेलाह आ स्टेशन परिसर मे भगदड़ सन स्थिति बनि गेल।



रेलवे कर्मचारी सभ तत्परताक परिचय दैत तत्काल ट्रेन खाली करौलनि आ सभ यात्री कें सुरक्षित रूप सं प्लेटफॉर्म पर पहुंचा देलनि। समय पर निकासी भए जाएबाक कारण एकटा पैघ रेल दुर्घटना टरि गेल। एहि घटना मे कोनो यात्री अथवा रेलकर्मी कें हानि पहुंचबाक सूचना नहि अछि।

घटनाक जानकारी भेटिते दमकलक कतेको गाड़ी घटनास्थल पर पहुंचल। दमकलकर्मी सभ लगातार दू घंटा सं अधिक समय धरि प्रयास कए आगि पर पूर्ण रूप सं नियंत्रण स्थापित कएलनि। आगि मिझेबाक दौरान स्टेशन परिसर मे सुरक्षा व्यवस्था कें कड़ा बनाओल गेल आ लोक सभ कें सुरक्षित दूरी पर राखल गेल। रेलवे प्रशासन आ स्थानीय पुलिस सेहो घटनास्थल पर उपस्थित रहि संपूर्ण परिस्थिति पर गहिंकी नजरि रखने रहल।

प्रत्यक्षदर्शी यात्री सभक अनुसार, इंजन सं अनचोके धुआं निकलय लागल आ किछुए मिनटक भीतर आगि तेजी सं पसरि गेल। तथापि रेलवे कर्मचारी सभक सूझबूझ आ तत्परताक कारण सभ यात्री कें सकुशल बाहर निकालि लेल गेल।

अखन आगि लगबाक कारण स्पष्ट नहि भए सकल अछि। रेलवेक वरिष्ठ पदाधिकारी घटनास्थल पर पहुंचि घटनाक विस्तृत जांच मे जुटल छथि। अधिकारी सभक कहब अछि जे जांच रिपोर्ट प्राप्त भेलाक बादे आगि लगबाक वास्तविक कारणक खुलासा भए सकत। सब सं पैघ राहतिक बात ई रहल जे एहि घटना मे कोनो प्रकारक जनहानि नहि भेल।

# समस्तीपुर मे ठनका खसला सं माय-बेटाक मृत्यु

- **माय-बेटा खेत मे कए रहल छल काज, तखनहि खसल ठनका**

**समस्तीपुर, समदिया**



प्रदेश मे लगातार भए रहल बरखा, बीहाड़ि आ वज्रपातक बीच समस्तीपुर जिला सं हृदयविदारक घटना सामने आयल अछि। कल्याणपुर थाना क्षेत्रक मधुरापुर टारा पंचायत अंतर्गत माधोपुर भुआल चौड़ मे सोमदिन ठनका खसला सं माय-बेटाक घटनास्थले मृत्यु भए गेल, जखन कि एकटा बालक गंभीर रूप सं घायल भए गेल। मृतकाक पहिचान हरिहरपुर वार्ड संख्या-2 निवासी रविंद्र सहनीक 40 वर्षीय पत्नी सविता देवी आ हुनक 13 वर्षीय पुत्र अभिषेक कुमारक रूप मे भेल अछि। घायल बालकक पहिचान सुरेंद्र सहनीक लगभग 10 वर्षीय पुत्र प्रिन्स कुमारक रूप मे कएल गेल अछि। प्रारंभिक उपचार लेल ओकरा सैदपुर पूसा स्थित एकटा निजी चिकित्सालय मे भर्ती कराओल गेल, जतय सं चिकित्सक सभ गंभीर अवस्था देखैत समस्तीपुर रेफर कए देलनि।

जानकारीक अनुसार सविता देवी अपन पुत्र आ पड़ोसीक एक बालकक संग बैगन खेत मे बैगन तोड़य गेल रहथि। एहि बीच अनचोके बरखा शुरू भेल आ ठनका खसि पड़ल। वज्रपातक चपेट मे आबि माय-पुत्रक घटनास्थले मृत्यु भए गेल, जखन कि दोसर बालक घायल भए गेल।




## यौन उत्पीड़न मामिला मे पूर्व भाजपा सांसद बृजभूषण शरण सिंह बरी

**नई दिल्ली :** महिला पहलवान सभ द्वारा दर्ज कराओल गेल यौन उत्पीड़न मामिला मे दिल्ली हाई कोर्ट पूर्व भाजपा सांसद बृजभूषण शरण सिंह कें दोषमुक्त कए देलक अछि। न्यायालय हुनका विरुद्ध लागल आरोप सभ सं बरी कए राहति प्रदान कएलक। अतिरिक्त मुख्य न्यायिक दंडाधिकारी (एसीजेएम) अश्विनी पंवार एहि मामिला मे फैसला सुनबैत बृजभूषण शरण सिंह आ विनोद तोमर कें बरी कएलनि। बरी भेलाक बाद बृजभूषण सिंह कहलनि जे हुनका शुरूए सं विश्वास छल जे सत्यक विजय होयत। ओ कहलनि जे जे बात ओ मामिलाक शुरूआत मे कहने छलाह, ओहि बात कें न्यायालय सही प्रमाणित कए देलक अछि।

# पहिल सोमवारी पर शिवमय भेल मिथिला, शिवालय सभ मे उमड़ल भीड़

## कुशेश्वर, बिदेश्वर, सिंहेश्वर, कपिलेश्वर सहित विभिन्न शिवालय मे भोरहि सं लागल रहल श्रद्धालुक लाइन

**दरभंगा, समदिया**

साओनक पहिले सोमवारी पर मिथिलाक सभ शिवालय शिवमय भए गेल। विभिन्न शिवालय मे भक्तक भीड़ भोरहि सं उमड़ि पड़ल। बाबा कुशेश्वरनाथ धाम मे पवित्र साओन मासक पहिल सोमवारी पर आस्थाक विराट सैलाब उमड़ि पड़ल। दरभंगा जिला मुख्यालय सं लगभग 80 किलोमीटर दूर अवस्थित एहि प्राचीन शिवधाम मे नेपाल, भूटान, झारखंड, पश्चिम बंगाल आ बिहारक विभिन्न जिला सं हजारो श्रद्धालु भगवान शिवक जलाभिषेक लेल पहुंचलाह।



संपूर्ण मंदिर परिसर ॐ नमः शिवाय, हर-हर महादेव आ बोल बम केर जयघोष सं भक्तिमय बनल रहल। श्रद्धालु सभ गंगाजल, दूध, दही, मधु, घृत, चंदन, बेलपत्र, भांग, धतूरा, आकक फूल आ पंचामृत सं भगवान भोलेनाथक अभिषेक कए अपन परिवारक सुख-समृद्धि, आरोग्यता आ मंगलक कामना कएलनि। प्रशासनक अनुसार पहिल सोमवारी पर लगभग एक लाख श्रद्धालु जलाभिषेक केलनि अछि। श्रावणी मेला-2026क विधिवत शुभारंभ न्यास समितिक अध्यक्ष सह अनुमंडल पदाधिकारी शशांक राज, न्यास समितिक उपाध्यक्ष सह अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी प्रभाकर तिवारी तथा पूर्व विधायक अमन भूषण हजारी संयुक्त रूप सं फीता काटि कएलनि। एकर संगहि श्रावण मासक धार्मिक आयोजनसभक औपचारिक शुरूआत भए गेल।

# साओनक पहिल सोमवारी पर शिवालय सभ मे लागल लाइन

## हर-हर महादेवक जयघोष सं गूंजल पटना, विशेष संयोग मे भए रहल अछि आराधना

**पटना, समदिया**

सावनक पहिल सोमवारी पर पटनाक शिवालय सभ मे श्रद्धालु सभक भारी भीड़ उमड़ल। 'हर-हर महादेव' आ 'बोल बम'क जयघोष सं पूरा शहर भक्तिमय भए गेल। विशेष नक्षत्र आ योगक संयोग मे भगवान शिवक आराधना कएल जा रहल अछि।



उत्तराभाद्रपद नक्षत्र आ सुकर्मा योगक शुभ संयोग मे 16 सोमवारी व्रतक शुरूआत भेल अछि। मान्यता अछि जे भगवान शिवक पूजा-अर्चना सं सभ मनोरथ पूर्ण होइत अछि आ कष्ट दूर होइत अछि।

सावनक पहिल सोमवारी पर इंद्रदेव सेहो मानो महादेवक जलाभिषेक लेल धरती पर उतरल छथि। भोर सं रुकि-रुकि बरखा भए रहल अछि। देवाधिदेव महादेवक आराधना लेल शिवालय सभ सजाओल गेल अछि।

शहरक महावीर मंदिर, गर्दनीबाग ठाकुरबाड़ी, कदमकुआं चूड़ी मार्केट, खाजपुरा, पंचशिव मंदिर कंकड़बाग सहित आन शिव मंदिर सभ कें रंग-बिरंग बल्ब आ विभिन्न प्रकारक फूल सभ सं सजाओल गेल अछि।

भोर सं शिवालय सभ मे श्रद्धालु सभक लंबा कतार लागल अछि। 'हर-हर महादेव' आ 'बोल बम'क जयघोष सं मंदिर परिसर गूंजि रहल अछि। मंदिर सभक आसपास भोर सं चहल-पहल बनल अछि।

सावनक पहिल सोमवारीक संयोग सेहो विशेष मानल जा रहल अछि। उत्तराभाद्रपद नक्षत्र आ सुकर्मा योगक शुभ अवसर पर घर सभ मे पार्थिव पूजन आ मठ-मंदिर सभ मे भजन-कीर्तनक संग भगवान शिवक भव्य श्रृंगारक तैयारी कएल गेल अछि।

16 सोमवारी व्रतक शुरूआत भेल अछि। ओतहि मिथिलांचलक लोकपर्व मधुश्रावणी सेहो शुरू भए गेल अछि। एकर समापन 15 अगस्त शनि दिन होयत।

राजधानी सं सटल खुसरूपुरक बैकटपुर स्थित श्री गौरीशंकर बैकुंठनाथ मंदिर मे भोर सं श्रद्धालु सभक तांता लागल अछि। बिहटा स्थित बाबा बिहटेश्वरनाथ मंदिर सहित आन शिवालय सभ मे सेहो पैघ संख्या मे भक्त सभ पहुंचि रहल छथि।

धार्मिक मान्यताक अनुसार साओन मास मे भगवान शिवक पूजा-अर्चना करबा सं सामान्य दिनक अपेक्षा चारि गुणा बेसी पुण्यक प्राप्ति होइत अछि। पहिल सोमवारी पर दूध, गंगाजल आ बेलपत्र सं भगवान शिवक जलाभिषेक करबा सं श्रद्धालु सभक सभ मनोरथ पूर्ण होइत अछि। महामृत्युंजय मंत्र, वेदोक्त मंत्र आ गायत्री मंत्रक संग रुद्राभिषेक कए उमा-महेश्वरक श्रृंगार पूजा करबा सं जीवनक कष्ट दूर होइत अछि। प्रत्येक सोमवारी रुद्राभिषेक, शिवसहस्त्रनाम, शिव पंचाक्षर, शिव महिम्न, रुद्राष्टक, शिव कवच आ शिव तांडव स्तोत्रक 108 बेर पाठ करबा सं दरिद्रताक नाश होइत अछि आ भगवान शिवक विशेष कृपा प्राप्त होइत अछि।

# पटना सिटी मे केमिकल गोदाम मे लागल आगि, स्कूल कराओल गेल खाली

**पटना, समदिया**

पटना सिटीक किला रोड पर सोम भोर एकटा केमिकल गोदाम मे अचानक आगि लागि गेल, जाहि सं पूरा इलाका मे अफरा-तफरी मचि गेल। केमिकल गोदाम मे आगि लगलासं किछुए देर मे पैघ लपट आ काल धुआंक घना गुबार पूरा इलाका मे पसरि गेल।



आगि सं निकलनिहार धुआं दूर-दूर धरि देखाइ देबए लागल, जाहि सं आसपासक लोक सभ अपन घर आ दोकान सं बाहर निकलि आएलाह। स्थानीय लोक सभ तत्काल पुलिस आ फायर ब्रिगेड कें सूचना देलनि।

आगिक सूचना भेटिते अग्निशमन विभागक 5 गाड़ी घटनास्थल पर पहुंचल आ आगि पर काबू पाबाक प्रयास शुरू कएलनि। एहतियातक तौर पर लगक एकटा स्कूल कें सेहो खाली कराओल गेल।

### 5 दमकल गाड़ी संभारलक मोर्चा

घटनाक गंभीरता कें देखैत फायर ब्रिगेडक 5 गाड़ी घटनास्थल पर पठाओल गेल। एहि मे 2 फोम टेंडर, 2 वाटर टेंडर आ 1 छोट दमकल गाड़ी शामिल छल। पटना सिटी फायर ब्रिगेड अधिकारी अजय कुमारक नेतृत्व मे दमकलकर्मी सभ आगि बुझेबाक अभियान चलौलनि। गोदाम मे केमिकल रहबाक कारण आगि तेजी सं पसरि रहल छल, जाहि सं राहतिक काज मे बहुत कठिनाइ भेल।

### शॉर्ट सर्किट सं आगि लगबाक आशंका

फायर अधिकारी अजय कुमार बतौलनि जे प्रारंभिक जांच मे आगि लगबाक कारण शॉर्ट सर्किट मानल जा रहल अछि। हुनक अनुसार, लगभग 10.15 फीटक एकटा कमरा मे पैघ मात्रामे ब्लीचिंग पाउडर राखल छल, जाहि मे आगि लगलाक बाद स्थिति गंभीर भए गेल।

स्कूल खाली कराओल गेल, लोक सभ सं सुरक्षित दूरी बनौने रखबाक अपील

संभावित खतरा कें देखैत प्रशासन गोदामक आसपासक भवन सभ कें खाली करेनाइ शुरू कएलक। सबसं पहिने लगक स्कूल कें एहतियातक तौर पर खाली कराओल गेल, जाहि सं बच्चा सभ आ शिक्षक सभक सुरक्षा सुनिश्चित कएल जा सकए। पुलिस प्रशासन लोक सभ सं घटनास्थलक लग नहि जाएब आ सुरक्षित दूरी बनौने रखबाक अपील कएने अछि।

हताहतक सूचना नहि

प्रारंभिक जानकारीक अनुसार, एहि घटनामे कोनो व्यक्तिक हताहत होएबाक सूचना नहि अछि। प्रशासन आ अग्निशमन विभागक टीम घटनास्थल पर लगातार नजरि रखने अछि। आगि लगबाक कारणक विस्तृत जांच कएल जा रहल अछि।

# राज्य मे बनत दूटा पैघ इंडस्ट्रियल पार्क, हजारो लोक कें भेटत रोजगार

**पटना, समदिया**

बिहार सरकार राज्य मे दूटा औद्योगिक पार्क विकसित करबाक दिशामे महत्वपूर्ण कदम उठौने अछि। सरकार मुजफ्फरपुर आ दरभंगा मे इंडस्ट्रियल पार्क बनेबाक प्रस्ताव केंद्र सरकार कें पठा देने अछि। एहि पार्क सभक विकास भारत औद्योगिक विकास योजना (भव्य)क अंतर्गत कएल जाएबाक योजना अछि। जं केंद्र सरकार सं मंजूरी भेटैत अछि, तं बिहार कें लगभग 1050 करोड़ रुपैयाक सहायता भेटत।



सरकारक योजनाक अनुसार मुजफ्फरपुर जिलाक पारू मे 700 एकड़ आ दरभंगा जिलाक बहादुरपुर मे 350 एकड़ भूमि चिह्नित कएल गेल अछि। एहि तरहे दुनू परियोजना लेल कुल 1050 एकड़ भूमि निर्धारित कएल गेल अछि। उद्योग सचिव कुंदन कुमार बतौलनि जे प्रस्ताव केंद्र सरकारक लग पठा देल गेल अछि। मंजूरी भेटलाक बाद दुनू जिला मे आधुनिक औद्योगिक पार्क विकसित कएल जाएत।

सरकारक अनुमान अछि जे एहि दुनू पार्क मे उद्योग शुरू भेला पर लगभग 12 हजार लोक कें प्रत्यक्ष आ अप्रत्यक्ष रूप सं रोजगार भेटत। एहि सं स्थानीय युवा सभ लेल रोजगारक नव अवसर सृजित होयत आ क्षेत्र मे औद्योगिक गतिविधि सेहो बढ़त। भारत औद्योगिक विकास योजना (भव्य)क उद्देश्य देश मे विनिर्माण क्षेत्र कें बढ़ावा देनाइ अछि। एहि योजनाक माध्यम सं भारत कें वैश्विक मैन्युफैक्चरिंग हब बनेबाक तैयारी कएल जा रहल अछि। ई योजना 2026-27 सं 2031-32 धरि लागू रहत। एकरा लेल केंद्र सरकार 33,660 करोड़ रुपैयाक बजटक प्रावधान कएने अछि। एहि योजनाक अंतर्गत पूरा देश मे 100 औद्योगिक पार्क विकसित कएल जाएत। पहिल चरण मे 50 पार्क बनत, मुदा शुरूआती मंजूरी मात्र 20 पार्क कें भेटत। एहन स्थिति मे बिहार कें आन राज्य सभ सं कड़ा प्रतिस्पर्धाक सामना करए पड़त।

मुजफ्फरपुर आ दरभंगा मे बनए बला ई पार्क प्लग-एंड-प्ले मॉडल पर आधारित होयत। अर्थात उद्योग स्थापना लेल आवश्यक आधारभूत सुविधा सभ पहिनेसं उपलब्ध रहत। सड़क, बिजली, पानि, ड्रेनेज आ आन आवश्यक आधारभूत संरचना पहिनेसं तैयार रहत। उद्योगपति सभ कें मात्र अपन मशीन लगाबए पड़त आ ओ सभ तत्काल उत्पादन शुरू कए सकत। बिहार एहि मॉडलक सफल उदाहरण पहिनहिं प्रस्तुत कए चुकल अछि। कोरोना काल मे पश्चिम चंपारण जिलाक चनपटियाक प्लग-एंड-प्ले पार्क बहुत चर्चा मे रहल छल।

एहि औद्योगिक पार्क सभ मे आधुनिक सुविधा सभक व्यापक व्यवस्था कएल जाएत आ वैल्यू-एडेड इंफ्रास्ट्रक्चर विकसित कएल जाएत। एहि योजनाक नोडल एजेंसी वाणिज्य आ उद्योग मंत्रालयक उद्योग संवर्द्धन आ आंतरिक व्यापार विभाग (डीपीआईआईटी) अछि। योजनाक क्रियान्वयन राष्ट्रीय औद्योगिक कॉरिडोर विकास निगम (एनआईसीडीसी), राज्य सरकार सभ आ निजी क्षेत्रक सहयोग सं करत।

# पटना जूनियर जोन बालक कबड्डीक खिताब जीतलक

**पटना।** पटनाक टीम शानदार प्रदर्शन करैत जूनियर जोन बालक कबड्डी प्रतियोगिताक खिताब अपन नाम कए लेलक। फाइनल मोकाबला मे पटना लखीसराय कें हरा ट्रॉफी पर कब्जा जमौलक। पूरा मोकाबलाक दौरान खेलाड़ी सभ दमदार खेल देखौलनि आ अंत धरि मोकाबलापर अपन पकड़ बनाए रखलनि। फतुहाक देव क्रिकेट एकेडमी मे आयोजित एहि जूनियर जोन बालक कबड्डी प्रतियोगिता मे पटना चैंपियन बनेबाक गौरव हासिल कएलक। फाइनल मोकाबला बहुत रोमांचक रहल, जतए दुनू टीमक बीच कड़ा टक्कर देखए कें भेटल।

फाइनल मोकाबला मे पटना आ लखीसरायक टीम आमने-सामने छल। पटना शुरूए सं आक्रामक खेल देखौलक आ धीरे-धीरे बढ़त बना लेलक। अंत मे पटना 32-24 अंकक अंतर सं जीत दर्ज करैत खिताब अपन नाम कए लेलक। एकर पहिने सेमीफाइनल मोकाबला मे सेहो पटनाक टीम शानदार प्रदर्शन कएने छल। पटना नालंदा कें 35-20 अंक सं हरा फाइनल मे स्थान सुनिश्चित कएलक। ओतहि लखीसराय रोहतास कें 30-15 अंक सं पराजित कए फाइनल मे पहुंचल छल। प्रतियोगिताक दौरान खेलाड़ी सभ मे जबरदस्त उत्साह देखल गेल। प्रत्येक टीम जीत लेल पूरा ताकत लगा देलक। दर्शक सभ सेहो खेलाड़ी सभक उत्साहवर्धन कएलनि, जाहि सं मोकाबलाक रोमांच आरो बढ़ि गेल।

# पटनाक जेपी गंगा पथ कें भेटत इंटरनेशनल लुक

## 6.5 किलोमीटर पर गंगा चैनलक विकास होयत

**पटना, समदिया**

सरकार जेपी गंगा पथ (मरीन ड्राइव)क कात मे श्रद्धालु सभ आ छठव्रती सभक सुविधा कें ध्यान मे रखैत गंगा घाट सभक विकास करत। कुर्जी सं काली घाट धरि 6.5 किलोमीटर लंबा गंगा चैनलक विकास कएल जाएत आ एकरा विश्वस्तरीय स्वरूप देल जाएत।



मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी लोक सेवक आवास स्थित संकल्प सभागार मे जेपी गंगा पथ समग्र उद्यान परियोजनाक अंतर्गत समग्र उद्यान, पार्किंग, कैफेटेरिया आ आन सुविधा सभक विकास सं संबंधित काजक समीक्षा कएलनि।

मुख्यमंत्री प्रत्येक 1.5 सं 2 किलोमीटर पर पर्याप्त पार्किंगक व्यवस्था करबाक आ फुटओवर ब्रिजक निर्माण करबाक निर्देश देलनि। एहि अवसर पर बिहार राज्य पथ विकास निगम लिमिटेडक प्रबंध निदेशक सौरभ जोरवाल प्रस्तुतीकरणक माध्यम सं जेपी गंगा पथ समग्र उद्यान परियोजनाक अंतर्गत पूरा भेल, चलि रहल आ प्रस्तावित विकास काजक विस्तृत जानकारी देलनि।

प्रस्तुतीकरण मे वाटर मेट्रो जेट्टी, पार्किंग फॉर शॉप्स, ग्राउंड डेवलपमेंट, 25 एमएलडी आ 100 एमएलडी एसटीपी, एलसीटी घाट, पीएमसी 50 शॉप्स, बॉटनिकल गार्डेन, पटना मेट्रो कास्टिंग यार्ड, मीटिंग ग्राउंड, स्पोर्ट्स ग्राउंड, बटरफ्लाई पार्क, बांस घाट क्रिमेटोरियम कॉम्प्लेक्स, मंदिरी नाला कनेक्टिविटी, पुरान बांस घाट क्रिमेटोरियम कॉम्प्लेक्स, एसटीपी, वेस्ट टू वंडर पार्क, प्रस्तावित गंगा चैनल विकास, पटना स्मार्ट सिटी पार्क विकास, महिला हाट आ पार्किंग, कला ग्राम, दीघा रोटरी सहित विभिन्न विकास काजक प्रगति आ अद्यतन स्थिति सं मुख्यमंत्री कें अवगत कराओल गेल।

समीक्षाक दौरान मुख्यमंत्री अधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे विकास काज मे तेजी आनल जाए आ निर्धारित समय सीमाक भीतर सभ काज पूरा कएल जाए। कोइलवर एक्सप्रेस-वे कें ध्यान मे रखैत एहन कार्ययोजना बनाओल जाए जाहि सं गंगाक जलस्तर बढ़लाक बादो लोक सभ कें कोनो कठिनाइक सामना नहि करए पड़ए।

मुख्यमंत्री कहलनि जे जेपी गंगा पथ पर प्रत्येक 1.5 सं 2 किलोमीटरक दूरी पर पर्याप्त पार्किंगक व्यवस्था सुनिश्चित कएल जाए, जाहि सं वाहन सभक परिचालन सुचारु रहए। आवश्यकता अनुसार गंगाक कात मे फुटओवर ब्रिजक निर्माण लेल सेहो कार्ययोजना तैयार कएल जाए।

ओ कहलनि जे ऐतिहासिक गोलघर पटनाक पहचान अछि। तें एकरा आरो सुंदर आ आकर्षक रूप मे विकसित कएल जाए। गोलघर परिसर मे कैफेटेरियाक व्यवस्था सेहो सुनिश्चित कएल जाए।

पटना हाईकोर्टक लग स्थित वाटर टावरक जीर्णोद्धार सेहो नीक ढंग सं करबाक निर्देश देल गेल। मुख्यमंत्री कहलनि जे जेपी गंगा पथ समग्र उद्यान परियोजना कें आरो आकर्षक, सुविधाजनक आ जनोपयोगी बनेबाक लेल आमलोक सं सुझाव सेहो लेल जाए।

बैठक मे उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी, नगर विकास आ आवास विभागक प्रधान सचिव विनय कुमार, पथ निर्माण विभागक सचिव पंकज कुमार पाल, जिलाधिकारी कुंदन कुमार सहित कतेको वरीय अधिकारी उपस्थित छलाह।

# सरिस्ताबाद सं दीदारगंज धरि एलिवेटेड-एंटग्रेड सड़क बनत

## केंद्र बिहार सरकार सं 1600 करोड़ रुपैयाक हिस्सेदारी मांगलक, 3675 करोड़ रुपैया खर्च होयत

**पटना, समदिया**

सरिस्ताबाद सं दीदारगंज (न्यू बाइपास) धरि 12 किलोमीटर लंबा एलिवेटेड-एटग्रेड सड़क बनत। 3675 करोड़ रुपैयाक लागत बला एहि परियोजनामे केंद्र सरकार बिहार सरकार सं 1600 करोड़ रुपैयाक हिस्सेदारी मांगने अछि। केंद्रीय कैबिनेट सं परियोजनाक मंजूरी भेटिते भारी ट्रैफिक बला एहि बाइपासक कात मे रहनिहार मोहल्लाक लोक सभ कें राहति भेटत।



एहि परियोजनाक अंतर्गत दीदारगंज सं मीठापुर बस स्टैंड सं पहिने धरि 7.51 किलोमीटर लंबा 6 लेनक एलिवेटेड कॉरिडोर सेहो बनाओल जाएत। स्थानीय लोक सभक सुविधाक लेल दुनू कात मिला कए 21.84 किलोमीटर लंबा सर्विस रोड बनत। एनएचएआईक अनुसार, परियोजनाक मूल्यांकन एखनो जारी अछि। एखन धरि मंजूरी नहि भेटल अछि। एहि मे राज्य सरकार कें एसएएससीआई फंड सं परियोजनाक सिविल लागतक 25 प्रतिशत, राज्य जीएसटीक 9 प्रतिशत, निर्माण सामग्री पर सीग्नॉरेज शुल्क आ जं आवश्यक भए तं राज्य उपयोगिता स्थानांतरणक 50 प्रतिशत लागत, अर्थात कुल लगभग 1600 करोड़ रुपैया वहन करबाक लेल कहल गेल अछि।

2 फ्लाईओवर बनत, 10 स्थान पर प्रवेश आ निकास रैंप होयत एहि सड़क पर चढ़बा-उतरबाक लेल 10 प्रवेश-निकास रैंप बनाओल जाएत, जाहिक कुल लंबाइ 8.16 किलोमीटर रहत। पटना-गया रेलवे लाइनक ऊपर 8 लेनक एकटा आरओबी बनत। पूरा परियोजनाक अंतर्गत 2 फ्लाईओवर, 3 छोट पुल, 4 लाइट व्हीकल अंडरपास आ 5 किलोमीटर सं बेसी लंबा नव जलनिकासी प्रणालीक निर्माण सेहो कएल जाएत। ई परियोजना पटना बाइपास (एनएच-31) पर भीड़ कम करबाक, क्षेत्रीय संपर्क व्यवस्था मे सुधार आनबाक आ भविष्यक यातायात आवश्यकताक पूरा करबाक उद्देश्य सं तैयार कएल जा रहल अछि।

सरकार 40 प्रतिशत आ एजेंसी 60 प्रतिशत राशि लगाओत

परियोजनाक वास्तविक निर्माण लागत 3442.92 करोड़ रुपैया आ भूमि अधिग्रहणक लागत 232.29 करोड़ रुपैया अछि। एकर निर्माण हाइब्रिड वार्षिकी मोड (एचएएम) मे कएल जाएत। एहि मे शुरूआत मे सरकार 40 प्रतिशत राशि खर्च करत। शेष 60 प्रतिशत राशि कार्यकारी एजेंसी लगाओत। परियोजनाक संचालन आ रखरखावक अवधिक दौरान आगूक 15 वर्ष मे सरकार एजेंसी कें ब्याज सहित ई राशि वापस करत। न्यू बाइपासक दुनू कात बसल सैकड़ो कॉलोनीक 10 लाख सं बेसी आबादी लेल न्यू बाइपास पार करनाइ आ एहि पर यात्रा करनाइ आसान भए जाएत। एखन भारी वाहनक आवाजाहीक कारण लोक सभ अक्सर दुर्घटनाक शिकार होइत छथि। दोसर दिस न्यू बाइपास सं गुजरनिहार ट्रक आ आन पैघ मालवाहक वाहन सभ कें अनीसाबाद सं दीदारगंज दिस जाएब-आबएमे बहुत कठिनाइक सामना करए पड़ैत अछि। विशेष रूप सं अनीसाबाद मोड़, 90 फीट मोड़, भूतनाथ रोड मोड़ आ पहाड़ी मोड़ सहित कतेको स्थान पर दिनभर जाम लागल रहैत अछि। ई एलिवेटेड सड़क बनलाक बाद वाहन सभक समय आ डीजलक बचत होयत।

# बेतिया रेलवे स्टेशन बनत हाईटेक, दू प्रवेश द्वारक संग भेटत एयरपोर्ट जकां आधुनिक सुविधा

**पटना, समदिया**

अमृत भारत स्टेशन योजनाक अंतर्गत बेतिया रेलवे स्टेशनक पुनर्निर्माण काज तेजी सं चलि रहल अछि। लगभग 54 करोड़ रुपैयाक लागत सं स्टेशनक पुनर्निर्माण कएल जा रहल अछि।



निर्माण पूरा भेला पर स्टेशन आधुनिक सुविधा सभ सं सुसज्जित होयत आ एकर स्वरूप एयरपोर्टक तर्ज पर विकसित कएल जाएत। रेलवे वर्ष 2029 धरि एहि परियोजनाक काज पूरा करबाक लक्ष्य निर्धारित कएने अछि। रेलवेक आईओडब्ल्यू संजय कुमार बतौलनि जे नव स्टेशन भवनक सबसं पैघ विशेषता ई रहत जे एतय दुनू दिस प्रवेश आ निकास द्वार होयत। एकरा सं शहरक दुनू भागक यात्री सभ कें स्टेशन पहुंचबामे सुविधा होयत। वर्तमान मे मात्र एकटा प्रवेश द्वार होएबाक कारण यात्री सभ कें भीड़ आ असुविधाक सामना करए पड़ैत अछि। मुदा नव व्यवस्था लागू भेला पर आवागमन आसान होयत आ भीड़क दबाव सेहो घटत। रेल अधिकारी सभक अनुसार निर्माण काज चरणबद्ध रूप सं चलि रहल अछि।

पुरान स्टेशन भवन कें ध्वस्त कए देल गेल अछि। नव भवन लेल फाउंडेशन, स्टील स्ट्रक्चर आ वेल्डिंगक काज तेजी सं कएल जा रहल अछि। निर्माण पूरा भेला पर बेतिया रेलवे स्टेशन पश्चिम चंपारणक सबसं आधुनिक स्टेशन सभ मे शामिल भए जाएत। नव स्टेशन भवन मे पैघ प्रतीक्षालय, आधुनिक टिकट काउंटर, पर्याप्त पार्किंग, दिव्यांग यात्री सभ लेल विशेष सुविधा, लिफ्ट, एस्केलेटर, अत्याधुनिक शौचालय, डिजिटल सूचना प्रणाली आ आकर्षक प्रकाश व्यवस्थाक विकास कएल जा रहल अछि। एकरा संगहि स्टेशन परिसरक सौंदर्यीकरण सेहो कएल जाएत, जाहि सं यात्री सभ कें स्वच्छ आ आधुनिक वातावरण भेटत। स्टेशनक बानुछापर दिस दोसर प्रवेश द्वारक निर्माण सेहो कएल जा रहल अछि। कार्यस्थल पर उपस्थित जूनियर इंजीनियर बतौलनि जे एहि प्रवेश द्वार पर बुकिंग कार्यालय, टिकट काउंटर, आधुनिक प्रतीक्षालय आ प्रवेश-निकास लेल अलग-अलग मार्ग विकसित कएल जाएत।

# मिथिला हाट मे मधुश्रावणी डाली सज्जा प्रदर्शनी प्रतियोगिताक शुभारंभ

## नवविवाहिता सभ बढ़ि-चढ़ि कए लेलनि भाग, प्रतियोगिताक विजेता बनलीह नेहा ठाकुर

**झंझारपुर, समदिया**

बिहार राज्य पर्यटन विकास निगम लिमिटेडक इकाई मिथिला हाट मे मधुश्रावणी डाली सज्जा प्रतियोगिताक शुभारंभ विगत सोमदिन सं कएल गेल। ई प्रतियोगिता 3 अगस्त सं 14 अगस्त धरि आयोजित हएत। प्रतियोगिताक पहिल दिन अररिया संग्राम गामक नेहा ठाकुर आ अंजली मिश्रा भाग लेलनि। एहि मे नेहा ठाकुर विजेता घोषित भेलीह। वर्षाक कारण प्रतिभागीसभक संख्या अपेक्षाकृत कम रहल, किएक तं प्रतियोगिताक समय लगातार बरखा भए रहल छल। आयोजकसभक अनुसार एहि प्रतियोगिता मे मिथिलाक कोनो गामक नवविवाहिता सभ पंजीकरणक माध्यम सं भाग लए सकैत छथि। प्रतियोगिता मे भाग लेनिहार नवविवाहिता आ हुनक एक




सहेलीक मिथिला हाट मे निःशुल्क प्रवेशक व्यवस्था प्रबंधनक द्वारा कएल गेल अछि। डाली सज्जा प्रतियोगिता मे नवविवाहिता सभ श्रद्धा, कला आ परंपराक समन्वयक संग डाली सजा रहल छथि। ई प्रतियोगिता मिथिलाक लोकपरंपराक जीवंत स्वरूप कें प्रस्तुत करैत अछि आ अपन आकर्षक सज्जा सं आगंतुकसभक ध्यान आकृष्ट कए रहल अछि। मधुश्रावणी पर्व मिथिला मे नवविवाहिता सभ लेल अत्यंत महत्वपूर्ण मानल जाइत अछि। एहि अवसर पर ओ सभ अपन पतिक दीघार्यु, सुख-समृद्धि आ मंगलमय जीवनक कामना करैत छथि। प्रतियोगिता मे सहभागी नवविवाहिता सभ अपन कलात्मक प्रतिभा आ पारंपरिक शैलीक माध्यम सं डाली सजा कए मिथिलाक सांस्कृतिक परंपरा कें जीवंत रूप दए रहल छथि। पान, सुपारी, फूल, चाउर आ विभिन्न पारंपरिक सामग्री सं सजाओल गेल रंग-बिरंग डाली सभ दर्शक सभ लेल विशेष आकर्षणक केंद्र बनल अछि। पहिल दिन रंग-बिरंग फूल-पात सं सजाओल गेल डाली मिथिलाक समृद्ध लोकसंस्कृतिक मनोहारी झांकी प्रस्तुत करबा मे सफल रहल। प्रतियोगिता मे चयनित उत्कृष्ट डाली सज्जाक प्रतिभागी नवविवाहिता सभ कें आयोजकक द्वारा प्रशस्ति-पत्र आ उपहार दए सम्मानित कएल जाएत।

# औद्योगिक पार्क स्थापनाक दिस बढ़ल डेग, रोजगार आ निवेश कें भेटत नव गति : गोपालजी ठाकुर

**दरभंगा, समदिया**

स्थानीय सांसद तथा लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपालजी ठाकुर कहलनि जे केंद्र आ राज्यक एनडीए सरकार दरभंगा कें उत्तर बिहारक प्रमुख औद्योगिक केंद्रक रूप मे विकसित करबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। ओ कहलनि जे केंद्र सरकारक महत्वाकांक्षी योजनाक अंतर्गत दरभंगा मे प्लग एंड प्ले औद्योगिक पार्क स्थापनाक लेल बिहार सरकार द्वारा प्रस्ताव पठाओल जाएब एहि दिशा मे एक महत्वपूर्ण पहल अछि। सांसद डॉ. गोपालजी ठाकुर कहलनि जे प्रस्तावित औद्योगिक पार्क सं दरभंगा सहित संपूर्ण मिथिला क्षेत्र मे कृषि, मखाना, मत्स्य पालन, डेयरी तथा पारंपरिक उत्पाद सभ सं संबंधित उद्योग कें बढ़ावा भेटत। एकर संगहि स्थानीय स्तर पर रोजगारक नव अवसर सृजित होयत आ निवेश कें प्रोत्साहन भेटत, जाहि सं क्षेत्रक अर्थव्यवस्था कें नव गति प्राप्त होएत। ओ जनौलनि जे एहि परियोजना कें लए कए ओ कतेको



बेर केंद्रीय वाणिज्य आ उद्योग मंत्री पीयूष गोयल सं भेंट कए व्यक्तिगत रूप सं आग्रह केने छथि तथा लोकसभा मे सेहो निरंतर एहि विषय कें उठबैत रहल छथि। हुनक अनुसार केंद्र सरकार राज्य सरकार सं प्रस्ताव प्राप्त भेलापर सकारात्मक पहल करबाक आश्वासन देने छल। सांसद कहलनि जे ओ बिहारक पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमार तथा वर्तमान मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सं सेहो दरभंगा लेल शीघ्र प्रस्ताव पठेबाक आग्रह केने छलाह।

बिहार सरकार द्वारा प्रस्तावित औद्योगिक पार्क लेल 350 एकड़ भूमिक स्वीकृति दए केंद्र सरकार कें प्रस्ताव पठाओल गेला पर प्रसन्नता व्यक्त करैत डॉ. गोपालजी ठाकुर कहलनि जे ई पहल दरभंगा आ संपूर्ण मिथिला क्षेत्रक औद्योगिक विकास मे मीलक पाथर सिद्ध होयत तथा "विकसित बिहारझविकसित भारत" केर संग "विकसित मिथिला" केर संकल्प कें सेहो साकार करबाक दिशा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभाओत।

# इंस्टाग्राम पर देशी कट्टा लहराबैबला युवक पकड़ायल, हथियार आ कारतूस बरामद

## सोशल मीडिया पर अवैध हथियारक वीडियो पड़ल भारी, बासोपट्टी पुलिस केलक कारबाइ



**जयनगर, समदिया**

बासोपट्टी थाना मे आयोजित प्रेस वार्ता मे जयनगर अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी (डीएसपी) सदानंद कुमार सोशल मीडियापर देशी कट्टा लहराबए संबंधी मामिलाक खुलासा कएलनि। एहि अवसर पर थानाध्यक्ष कार्तिक भगत, अपर थानाध्यक्ष धर्मेंद्र कुमार तथा पुलिस अभिरक्षा मे गिरफ्तार आरोपी सेहो उपस्थित छल। सोशल मीडियापर अवैध हथियारक संग वीडियो बना कए इंस्टाग्राम पर अपलोड करब एक युवक कें महंग पड़ल। बासोपट्टी थाना पुलिस त्वरित कारबाइ करैत युवक कें गिरफ्तार कए हुनकर कब्जा सं एकटा देशी कट्टा, एकटा जिंदा कारतूस आ वीडियो बनाबय मे प्रयुक्त मोबाइल फोन बरामद कएलक। डीएसपी सदानंद कुमार प्रेस वार्ता मे जनौलनि जे नियमित पुलिस गश्तीक दौरान एकटा वीडियो सामने आएल, जाहि मे एक युवक हाथ मे अवैध हथियार लहरबैत देखल गेल। मामिलाक गंभीरता कें देखैत थानाध्यक्ष कार्तिक भगतक नेतृत्व मे घोड़बंकी गाम मे छापेमारी कएल गेल। पुलिस कें देखिते युवक संदिग्ध वस्तु लए भागबाक प्रयास कएलक, मुदा सशस्त्र पुलिस बल पीछा कए ओकरा पकड़ि लेलक। गिरफ्तार युवकक पहचान घोड़बंकी गाम निवासी प्रबोध मंडलक पुत्र सचिन कुमार केर रूप मे भेल अछि। विधिवत तलाशी मे ओकर लग सं एकटा लोहाक देशी कट्टा, एकटा जिंदा कारतूस तथा वीडियो बनाबय मे इस्तेमाल कएल गेल ओप्पो कंपनीक मोबाइल फोन बरामद भेल। डीएसपी कहलनि जे बिना अनुज्ञप्तिक अवैध हथियार राखब अथवा ओकर प्रदर्शन करब संज्ञेय अपराध अछि। एहि मामिला मे प्राथमिकी दर्ज कए आरोपी कें न्यायिक हिरासत मे पठा देल गेल अछि।

# पुलिसक संयुक्त कारबाइ मे जाली भारतीय मुद्रा बरामद, दू गोटे गिरफ्तार

## कुल 50,150 टाकाक संदिग्ध जाली भारतीय मुद्रा बरामद भेल

**जयनगर, समदिया**

भारत-नेपाल अंतरराष्ट्रीय सीमापर सुरक्षा व्यवस्था सुदृढ़ करबाक संगहि जाली भारतीय मुद्रा (एफआईसीएन) केर अवैध कारोबार पर प्रभावी अंकुश लगाबए लेल चलाओल जा रहल विशेष अभियानक अंतर्गत 48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बल (एसएसबी), जयनगर कें महत्वपूर्ण सफलता भेटल अछि। विश्वसनीय गुप्त सूचनाक आधार पर एसएसबी, बिहार पुलिस, बिहार एसटीएफ आ बिहार पुलिस एसओजीक संयुक्त कारबाइ मे 50,150 टाकाक संदिग्ध जाली भारतीय मुद्रा आ दूटा मोबाइल फोन बरामद कएल गेल। संगहि दू भारतीय नागरिक कें गिरफ्तार कए अग्रिम वैधानिक कारबाइ आरंभ कएल गेल अछि।

गुप्त सूचना प्राप्त भेल छल जे भारत-नेपाल सीमावर्ती क्षेत्रक दुहबी बाजार स्थित एकटा दोकानक माध्यम सं संदिग्ध जाली भारतीय मुद्रा संग्रह कए विभिन्न बाजार सभ मे खपेबाक तैयारी चलि रहल अछि। सूचनाक गंभीरता कें देखैत वरीय पदाधिकारीसभक निर्देशन मे 48म



वाहिनी एसएसबी, बासोपट्टी थाना पुलिस, बिहार एसटीएफ आ बिहार पुलिस एसओजीक संयुक्त टीम गठित कएल गेल।

2 अगस्त 2026 कें संयुक्त टीम योजनाबद्ध ढंग सं संबंधित स्थानपर पहुंचि घेराबंदी कए विशेष तलाशी अभियान चलौलक। कारबाइक दौरान दू संदिग्ध व्यक्ति घटनास्थल सं भागबाक प्रयास कएलक, मुदा सुरक्षा बलक सतर्कता आ त्वरित कारबाइ सं दुनू कें तत्काल पकड़ि लेल गेल। स्वतंत्र गवाहसभक उपस्थिति मे दुनूक लग राखल बैगक विधिवत तलाशी लेलापर 50,150 टाकाक संदिग्ध जाली भारतीय मुद्रा बरामद भेल। एकर अतिरिक्त दुनूक कब्जा सं ओप्पो आ वीवो कंपनीक दूटा मोबाइल फोन सेहो जप्त कएल गेल। संयुक्त अभियान मे गिरफ्तार दुनू व्यक्ति भारतीय नागरिक छथि। एक आरोपी बासोपट्टी थाना क्षेत्रक दुहबी बाजार आ दोसर बाबूबरही थाना क्षेत्रक भटचौरा गामक निवासी छथि। प्रारंभिक पूछताछ मे जानकारी भेटल अछि जे जाली भारतीय मुद्रा कें सीमावर्ती क्षेत्र मे संग्रह कए जयनगर, बासोपट्टी, मधुबनी आ आसपासक बाजार सभ मे चलाबए केर योजना छल। एहि अवैध कारोबार सं जुड़ल अन्य व्यक्ति आ संभावित नेटवर्कक संबंध मे गहन जांच जारी अछि। बरामद जाली मुद्राक स्रोत आ संपूर्ण गिरोहक पता लगाबए लेल संबंधित एजेन्सी सभ विस्तृत अनुसंधान कए रहल छथि। बरामद जाली मुद्रा, मोबाइल फोन आ गिरफ्तार अभियुक्त सभ कें विधिसम्मत जब्ती आ गिरफ्तारीक प्रक्रिया पूरा कए अग्रिम वैधानिक कारबाइ लेल बासोपट्टी थाना, मधुबनी कें सुपुर्द करबाक प्रक्रिया जारी अछि। 48म वाहिनी एसएसबीक कमांडेंट राजेंद्र कुमार एहि सफल संयुक्त अभियान मे सहभागी सभ अधिकारी आ जवान कें बधाई दैत कहलनि जे भारत-नेपाल अंतरराष्ट्रीय सीमापर जाली भारतीय मुद्रा, मादक पदार्थ, हथियार आ अन्य अवैध तस्करीक विरुद्ध एसएसबी पूर्ण सतर्कता आ प्रतिबद्धताक संग कारबाइ कए रहल अछि। ओ सीमावर्ती क्षेत्रक नागरिक सभ सं अपील कएलनि जे कोनो संदिग्ध गतिविधिक सूचना तत्काल सुरक्षा बल अथवा स्थानीय पुलिस कें दिअथि, जाहि सं राष्ट्रक सुरक्षा आरो सुदृढ़ भए सकए।

# प्रक्षेत्रक निर्णय पर कर्मचारी मे पनपल असंतोष

## सीएम साइंस कॉलेजक आम सभा मे मंत्री आ अध्यक्ष पर कर्मचारी लगौलनि स्वार्थ साधबाक आरोप

**दरभंगा, समदिया**

बिहार राज्य विश्वविद्यालय एवं महाविद्यालय कर्मचारी महासंघ केर लए. ना. मिथिला विश्वविद्यालय प्रक्षेत्रक आह्वान पर विगत 27 जुलाई सं आयोजित अनिश्चितकालीन हड़ताल कें नाटकीय ढंग सं समाप्त कयल जयबा सं आहत सी.एम. साइंस कॉलेज इकाई केर कर्मचारी लोकनि एकर समीक्षा लेल आम सभाक बैसार सोमदिन इकाई संघक संरक्षक पवन कुमार ठाकुर केर अध्यक्षता मे कयलनि।

बैसार मे उपस्थित सदस्य लोकनि दिनांक 27 जुलाई 2026 सं चलि रहल अनिश्चितकालीन हड़ताल मे भेल समझौता पत्र पर अपन विचार रखैत समझौता पत्र कें पूर्ण रूप सं निराधार बतेलनि। सदस्य लोकनि लए. ना. मिथिला विश्वविद्यालय प्रक्षेत्रक प्रक्षेत्रीय मंत्री विनय कुमार झा आ अध्यक्ष अशोक कुंवर पर स्वयं केर हित मे हड़ताल कें आनन फानन मे समाप्त कयल जयबाक आरोप लगबैत सर्वसम्मति सं निंदा प्रस्ताव पारित कयलनि।



कर्मचारी लोकनि ध्वनिमत सं आरोप लगेलनि जे प्रक्षेत्रीय मंत्री आ अध्यक्ष गत वृहद परिषद मे लेल गेल निर्णयक अवहेलना करैत एकर अनुपालन मे पूर्ण रूप सं असफल साबित भेलाह अछि। एहन स्थिति मे कर्मचारी स्वयं कें असहाय आ ठगल महसूस क' रहलनि। बैसार मे ईहो निर्णय लेल गेल जे प्रक्षेत्रीय संघ द्वारा कर्मचारीक मांग सं संबंधित जतेक पत्र विश्वविद्यालय प्रशासनक समक्ष उपस्थापित कयल गेल, ओहि पर कोनो तरहक कोनो ठोस सहमति नहि बनाओल जा सकल, जे प्रक्षेत्रीय नेतृत्वक निष्क्रियता कें स्पष्ट तौर पर साबित करैत अछि।

बैसार मे ध्वनिमत सं निर्णय लेल गेल जे जा धरि महासंघ द्वारा प्रक्षेत्रीय नेतृत्व मे परिवर्तन नहि कयल जायत, प्रक्षेत्र स्तर पर आयोजित कार्यक्रमक सी.एम. साइंस कॉलेज इकाई सामूहिक बहिष्कार करत, जकर सूचना महासंघ कें यथाशीघ्र उपलब्ध करा देल जायत। बैसार मे सर्वसम्मति सं ईहो निर्णय लेल गेल जे महासंघ द्वारा प्रस्तावित आंदोलन कार्यक्रम यथा, महासंघक आह्वान पर बिहार सरकारक प्रस्तावित विश्वविद्यालय अधिनियम 2026 केर विरोध मे विश्वविद्यालय आ महाविद्यालय शिक्षक-शिक्षकेत्तर कर्मचारी संयुक्त संघर्ष मोर्चा द्वारा आहूत राज्यव्यापी चरण बंद आंदोलन मे महाविद्यालय इकाई केर सभ कर्मचारी भाग लेत। एकरा अंतर्गत 5 सं 8 अगस्त धरि महाविद्यालयक सभ कर्मचारी कारी पट्टी लगा क' कार्य स्थल पर एहि विधेयक केर प्रति विरोध दर्ज करत। जखन कि 10 अगस्त कें आहूत सामूहिक अवकाश मे अपन शत-प्रतिशत भागीदारी सुनिश्चित करैत महाविद्यालयक मुख्य द्वार पर धरना प्रदर्शन करत। बैसार मे महाविद्यालय इकाई संघक अध्यक्ष राधेश्याम झा, सचिव अनुपम कुमार झा, उपाध्यक्ष अशोक कुमार झा आ गोपाल सिंह, संयुक्त सचिव राजेश कुमार सिंह डा रोहित कुमार झा, कोषाध्यक्ष रामशंकर भंडारी, कार्यालय सचिव कुमार राजर्षि, कार्यकारिणी सदस्य जितेंद्र राम, जरीना खातून आ चंद्रकांत चौधरी, आदित्य नाथ झा, प्रवीण कुमार झा, जितेंद्र कुमार महतो, अनुपम शेखर सिंह, रविंद्र कुमार यादव, रमेश कुमार कामती, सरोज कुमार चौधरी, विकास कुमार, आकाश कुमार वर्मा, जय नारायण यादव, रामनारायण साह, मिसरी साह, संतोष कुमार, जयकांत कामती, अनुराधा कुमारी, ज्योति देवी, युगेश्वर महतो, सिंदु कुमारी अभिषेक कुमार, चेतकर झा आदि शामिल भेलनि।

### प्रदेश कांग्रेस उपाध्यक्ष सहयोगी संग केलक केंद्रीय गृहमंत्रीक पुतला दहन

**सीतामढ़ी।** डुमराक शंकर चौक पर बिहार प्रदेश कांग्रेस कमेटीक उपाध्यक्ष दिलीप कुमार खिरहरक नेतृत्व मे विगत दिन पूर्णियाक सांसद राजेश रंजन उर्फ पप्पू यादवक दिल्ली स्थित आवास पर कथित रूप सं सरकार संरक्षित गुंडा सभ द्वारा कएल गेल हमला केर विरोध मे केंद्रीय गृहमंत्री अमित शाहक पुतला दहन कएल गेल आ घटनाक निंदा कएल गेल। पुतला दहन कार्यक्रम मे प्रदेश कांग्रेस उपाध्यक्ष दिलीप कुमार खिरहर, प्रदेश सचिव अवध किशोर यादव, पूर्व पार्षद आ कांग्रेस नेता आफताब अंजुम बिहारी, सरवन यादव, श्री लाल राय, अभिषेक कुमार, वीरू यादव, माया शंकर यादव, मोनू राय, कृष्ण कुमार, अमन राय, ललित यादव सहित कतेको कांग्रेस कार्यकर्ता आ समर्थक सभ सहभागी भेलाह।

### विश्वविद्यालय मे छात्र संघ चुनाव लेल चारू जिला मे नोडल पदाधिकारीक होयत नियुक्ति



**दरभंगा, समदिया**

ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय, दरभंगा मे होमए बला छात्र संघ चुनाव कें लए मुख्य चुनाव पदाधिकारी प्रो. मुनेश्वर यादवक अध्यक्षता मे छात्र संघ चुनाव 2026-27 केर आयोजन आ सफल संचालन संबंधी एक महत्वपूर्ण बैसार आयोजित कएल गेल। बैसार मे विश्वविद्यालयक क्षेत्राधिकार अंतर्गत मधुबनी, दरभंगा, समस्तीपुर आ बेगूसराय जिला मे छात्र संघ चुनाव लेल जिलावार नोडल पदाधिकारीक नियुक्ति करबाक लेल कुलपति प्रो. संजय कुमार चौधरी सं अनुरोध कएल गेल। संगहि विश्वविद्यालयक सभ अंगीभूत महाविद्यालयक संबंधित प्रधानाचार्यसभक बैसार आहूत करबाक निर्णय लेल गेल। शीघ्रहि छात्र संघ चुनाव सं संबंधित विभिन्न समितिसभक गठन कएल जाएत। छात्र-छात्रासभक नामांकन आ परीक्षा सत्रक नियमितीकरण कें ध्यान मे रखैत मतदाता सूची सेहो तैयार कएल जाएत। बैसार मे विश्वविद्यालयक कुलानुशासक प्रो. विजय कुमार यादव तथा अध्यक्ष, छात्र कल्याण प्रो. अशोक कुमार मेहता छात्र संघ चुनावक सफल आयोजन लेल महत्वपूर्ण सुझाव प्रस्तुत कएलनि।

### मद्यनिषेध टीमक पैघ कारबाइ मे 72 लीटर कफ सिरपक संग एक गिरफ्तार

**दरभंगा।** मद्यनिषेध आ उत्पाद विभागक टीम गुप्त सूचनाक आधार पर त्वरित कारबाइ करैत पैघ मात्रा मे प्रतिबंधित कफ सिरप बरामद केने अछि। मद्यनिषेधक सहायक आयुक्त प्रदीप कुमार जनौलनि जे प्राप्त गुप्त सूचनाक आधार पर मद्यनिषेध टीम सदर थाना क्षेत्रक रानीपुर चौकक समीप छापेमारी कएलक। ओ कहलनि जे कारबाइक दौरान एकटा कार सं 100 एमएलक 720 बोतल कफ सिरप, जाहिक कुल मात्रा 72 लीटर अछि, बरामद कएल गेल। एहि क्रम मे कफ सिरप सं लादल कार कें जप्त कएल गेल तथा घटनास्थल सं एक गोटे अभियुक्त कें गिरफ्तार कएल गेल। सहायक आयुक्त जनौलनि जे गिरफ्तार अभियुक्त सं पूछताछ जारी अछि। एहि मामिला मे मद्यनिषेध आ उत्पाद अधिनियम तथा अन्य सुसंगत धारासभक अंतर्गत अग्रेतर विधिसम्मत कारबाइ कएल जा रहल अछि।

# बिस्फी : 'हर-हर महादेव'केर जयघोष सं गुंजल वातावरण

बिस्फी, समदिया

भगवान शिव कें समर्पित पवित्र साओन मासक पहिल सोमवारी श्रद्धा, भक्ति आ उत्साहक वातावरण मे मनाओल गेल। प्रखंडक प्रसिद्ध भैरवा उगना महादेव शिवालय मे भोरहि सं श्रद्धालुसभक लंबी पांति देखल गेल। दिनभरि मंदिर परिसर हर-हर महादेव आ बोल बमक जयघोष सं गुंजायमान रहल। श्रद्धालु सभ भगवान भोलेनाथक जलाभिषेक कए विधि-विधानपूर्वक पूजा-अर्चना कएलनि तथा परिवारक सुख- समृद्धि, उत्तम स्वास्थ्य आ मंगलमय जीवनक कामना कएलनि। कतेको श्रद्धालु ब्रह्ममुहूर्त मे शिवालय पहुंचिजलाभिषेक कएलनि, जखन कि दिनभरि आ संध्याक आरती धरि पूजा-अर्चनाक क्रम निरंतर चलैत रहल।एहि अवसर पर मंदिर परिसर मे विशेष पूजा, भजन-कीर्तन, आरती आ प्रसाद वितरणक आयोजन सेहो कएल गेल। शिवभक्तसभक अपार उत्साह सं संपूर्ण क्षेत्र भक्तिमय वातावरण मे सराबोर देखल गेल। श्रद्धालुसभक भारी भीड़ कें दृष्टिगत रखैत मंदिर समिति आ प्रशासन पूर्ण रूप सं सक्रिय रहल। मंदिर समिति अध्यक्ष सुशील कुमार सुमन,ग्रामीण पुलिस अधीक्षक शिवम धाकड़, अपर समाहर्ता मुकेश रंजन झा, अनुमंडल पदाधिकारी शारंग



पाणि पांडेय, अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी अमित कुमार, डीसीएलआर प्रशांत कुमार, प्रखंड विकास पदाधिकारी बसंत कुमार सिंह, कार्यपालक पदाधिकारी गौतम आनंद, अंचलाधिकारी संतोष कुमार सिंह, पुलिस निरीक्षक अखिलेश कुमार सहितअन्य पदाधिकारी स्वयं व्यवस्था पर निगरानी रखैत रहलाह। भीड़ नियंत्रण लेल सातटा प्रवेश द्वार, तीनटा मेटल डिटेक्टर, तीनटा नियंत्रण कक्ष आ छहटा वॉच टावरक व्यवस्था कएल गेल छल। संपूर्ण मेला परिसर मे सुरक्षा आ विधि-व्यवस्था चुस्त-दुरुस्त बनाओल गेल छल। एहि अवसर पर बीपीआरओ शेखर कुमार, एमओ कौशल कुमार मंडल, वीएओ कौशल कुमार सिंह, राजस्व पदाधिकारी सविता कुमारी, डॉ. अब्दुल बासित, थानाध्यक्ष अविनाश कुमार आ अन्य प्रशासनिक पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

# सेवा-संवाद-समाधान कार्यक्रम मे जिलाधिकारी सुनलनि जनसमस्या सभ

मधुबनी, समदिया

## समयबद्ध निष्पादनक देलनि निर्देश

जिलाधिकारी आनंद शर्मा सोमदिन समाहरणालय स्थित अपन कार्यालय कक्ष मे सेवा-संवाद-समाधान अनुश्रवण प्रणाली अंतर्गत आयोजित सभक सम्मान–जीवन आसान कार्यक्रम मे आम नागरिक सभ सं सीधा संवाद स्थापित कए हुनक समस्या सभ गंभीरता पूर्वक सुनलनि। ओ संबंधित विभागक पदाधिकारी सभ कें प्राप्त शिकायतसभक त्वरित, निष्पक्ष, पारदर्शी आ समयबद्ध निष्पादन सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। एहि कार्यक्रमक उद्देश्य आमजन कें सरकारी कार्यालय सं जुड़ल समस्याक समाधान लेल सुलभ आ प्रभावकारी मंच उपलब्ध कराएब तथा प्रशासन आ जनताक बीच संवाद कें आरो सुदृढ़ बनायब अछि। एहि अवसर पर जिलाक विभिन्न प्रखंड आ पंचायत सभ सं आएल नागरिक सभ भूमि विवाद, अतिक्रमण, नल-जल योजना, बासगीत पर्चा, ग्राम रक्षा दल प्रशिक्षण सहित विभिन्न



विषय सं संबंधित आवेदन प्रस्तुत कएलनि। राजनगर प्रखंडक गोसाई टोल निवासी रंजीत यादव निजी भूमिपर अतिक्रमण आ आवागमनक बाट अवरुद्ध केनेजाएबाक शिकायत कएलनि। बेनीपट्टी प्रखंडक पाली निवासी नजमून निशा नल-जल योजनाक भूमि-दाताक छोट पुत्र शेख मोहम्मद मोती आलम कें अनुरक्षक पदपर प्राथमिकता देबाक आग्रह कएलनि। घोघरडीहा निवासी छेदी कामत बासगीत पर्चाक भूमिआ ओहिपर निर्मित आवासपर अवैध कब्जाक शिकायत प्रस्तुत कएलनि। भेजा थानाक्षेत्रक दीपक कुमार मंडल भूमि विवादक कारण जान सं मारबाक धमकी भेटबाक संबंध मे आवेदन देलनि।एकरा अतिरिक्त ग्राम रक्षा दलक सदस्य सभ आगामी 30 दिवसीय प्रशिक्षण कार्यक्रम मे सम्मिलित करबाक मांग करैत आवेदन समर्पित कएलनि। कार्यक्रमक दौरान विभिन्न विभागक पदाधिकारी सभ अपन-अपन कार्यालय कक्ष मे उपस्थित रहि आमजन सं प्राप्त आवेदनसभपर आवश्यक कारबाइ प्रारंभ कएलनि। जिलाधिकारी स्पष्ट कहलनि जे प्रशासन नागरिक सभक समस्याक समाधान लेल पूर्ण रूप सं प्रतिबद्ध अछि। संबंधित सभ पदाधिकारी कें निर्देश देल गेल अछि जे प्रत्येक शिकायतक निष्पक्ष, पारदर्शी आ निर्धारितसमयसीमाक भीतर निष्पादन सुनिश्चित कएल जाए। ओ जानकारी देलनि जे राज्य सरकार द्वारा प्रत्येक मासक प्रथम आ तृतीय मंगल दिन पंचायत स्तरपर सहयोग शिविर आयोजित कएल जाइत अछि। ई पूर्णतः ऑनलाइन व्यवस्था अछि, जाहिक माध्यम सं प्राप्त आवेदनसभक निर्धारित अवधि मे निष्पादन कएल जाइत अछि। जिलाधिकारी नागरिक सभ सं आग्रह कएलनि जे अपन शिकायतक समाधान लेल घरबैसल आरटीएमएस "सहयोग" पोर्टल पर ऑनलाइन आवेदन करथि, जाहि सं समय पर समस्याक समाधान सुनिश्चित भए सकय।

# स्वतंत्रता दिवस पर युवा सभ कें प्रशासनिक कार्यप्रणाली समीप सं बुझबाक भेटत अवसर

मधुबनी, समदिया

## ऑफिसर फॉर ए डे कार्यक्रम लेल आवेदन आमंत्रित

भारत सरकारक स्वतंत्रता दिवस 2026क थीम आजादीक सम्मान, भविष्य लेल प्रेरणाक अनुरूप युवा सभ मे सुशासन, नेतृत्व क्षमता आ लोकसेवाक भावना विकसित करबाक उद्देश्य सं मधुबनी जिला प्रशासन द्वारा एक अभिनव पहल ऑफिसर फॉर ए डे कार्यक्रम प्रारंभ कएल जा रहल अछि। एहि कार्यक्रमक माध्यम सं विद्यार्थी सभ कें प्रशासनिक व्यवस्था आ शासन-प्रशासनक कार्यप्रणाली नजदीक सं बुझबाक अवसर प्रदान कएल जाएत। कार्यक्रम अंतर्गत चयनित छात्र-छात्रा सभ कें जिला पदाधिकारी (डीएम), पुलिस अधीक्षक (एसपी), अनुमंडल पदाधिकारी (एसडीएम), अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी (एसडीपीओ) सहित अन्य वरिष्ठ प्रशासनिक आ पुलिस पदाधिकारीसभक संग शैडो ऑफिसरक रूप मे काज करबाक अवसर भेटत। एहि दौरान सहभागी सभ प्रशासनक दैनिक कार्य, जनकल्याणकारी योजनाक क्रियान्वयन, लोक शिकायतक निष्पादन, निर्णय लेबाक प्रक्रिया आ प्रशासनिक चुनौतीसभक प्रत्यक्ष अनुभव प्राप्त करताह। नेतृत्व आ जनसेवाक भावना विकसित करबाक प्रयासजिला प्रशासनक अनुसार, एहि कार्यक्रमक उद्देश्य युवा सभ मे नेतृत्व क्षमता, उत्तरदायित्व, सामाजिक संवेदनशीलता, नवाचारपूर्ण चिंतन आ लोकसेवाक प्रति समर्पणक भावना विकसित करब अछि। संगहि विद्यार्थी सभ कें प्रशासन आ समाजक बीच सशक्त सेतुक रूप मे तैयार करब तथा सुशासनक अवधारणा सं जोड़ब सेहो एहिपहलक प्रमुख लक्ष्य अछि।के कए सकैत छथि आवेदन मधुबनी जिलाक सभ सरकारी आ गैर-सरकारी विद्यालय तथा महाविद्यालय मे अध्ययनरत कक्षा 11 आ 12क छात्र-छात्रा सभ एहि कार्यक्रम लेल आवेदन कए सकैत छथि। आवेदन लेल तैयार कएल गेल गूगल फॉर्म जिला शिक्षा विभागक माध्यम सं सभ शिक्षण संस्थानसभक संग साझा कएल जाएत। प्रश्नसभक आधार पर होयत चयन गूगल फॉर्म मे विश्लेषणात्मक क्षमता, नेतृत्व कौशल, सामाजिक संवेदनशीलता आ समस्या समाधानक दृष्टिकोणक मूल्यांकन लेल विभिन्न प्रश्न शामिल कएल गेल अछि। प्राप्त आवेदनसभक परीक्षण विशेषज्ञ समितिक द्वारा कएल जाएत आ उत्तरक आधार पर प्रतिभागीसभक चयन कएल जाएत। महत्वपूर्ण तिथिआवेदन प्रारंभ : तत्काल आवेदनक अंतिम तिथि : 10 अगस्त चयन परिणामक घोषणा : 13 अगस्त 2026 14 अगस्त कें प्रशासन संग काज करबाक अवसर चयनित विद्यार्थी सभ कें 14 अगस्त 2026 कें जिला प्रशासनक एहि प्रमुख कार्यक्रम मे सहभागी बनाओल जाएत। प्रत्येक चयनित विद्यार्थी कें एक वरिष्ठ प्रशासनिक अथवा पुलिस पदाधिकारीक संग जोड़ल जाएत, जतय ओ दिनभरि शैडो ऑफिसर केर रूप मे कार्यालयीन कार्यप्रणाली, जनसुनवाई, बैठक आ क्षेत्रीय निरीक्षण मे सहभागी भए प्रत्यक्ष अनुभव प्राप्त करताह। जिला प्रशासनक मानब अछि जे एहि अनुभव सं विद्यार्थी सभ शासन-प्रशासनक वास्तविक कार्यशैली आ जनकल्याणक प्रति प्रशासनक प्रतिबद्धता कें निकट सं बुझि सकताह। जिला प्रशासन मधुबनी जिलाक सभ पात्र छात्र-छात्रा सभ सं आग्रह केने अछि जे ओ एहि अभिनव अवसरक अधिकाधिक लाभ उठाबथि, निर्धारित समयसीमाक भीतर आवेदन करथि आ अपन नेतृत्व क्षमता, रचनात्मक सोच तथा लोकसेवाक प्रति समर्पणक परिचय दिअथि।

# अधिक मूल्य पर खाद बेचनिहार विक्रेता सभ पर होयत कारबाइ : प्रखंड कृषि पदाधिकारी

बिस्फी, समदिया

खरीफ वर्ष 2026 कें दृष्टि मे रखैत बिस्फी प्रखंड मुख्यालय स्थित किसान भवनक सभागार मे उर्वरक निगरानी समितिक बैठक आयोजित कएल गेल। बैठकक अध्यक्षता प्रखंड कृषि पदाधिकारी कौशल कुमार सिंह कएलनि।बैठक मे किसान सभ कें समय पर आ सरकार द्वारा निर्धारित मूल्य पर उर्वरक उपलब्ध कराबय तथा कालाबाजारी, जमाखोरी आ अनियमिततापर प्रभावी रोक लगाबय संबंध मे विस्तार सं विचार-विमर्श कएल गेल। प्रखंड कृषि पदाधिकारी कौशल कुमार सिंह किसान, उर्वरक विक्रेता आ कृषि विभागक कर्मी सभ कें खरीफ मौसिम मे उर्वरकक उपलब्धता, वितरण व्यवस्था आ निर्धारित मूल्यक संबंध मे विस्तृत जानकारी देलनि। ओ सभ खुदरा उर्वरक विक्रेता सभ कें स्पष्ट निर्देश देलनि जे किसान सभ कें मात्र निर्धारित मूल्य पर खाद उपलब्ध कराओल जाए।ओ चेतावनी देलनि जे यदि



कालाबाजारी, जमाखोरी अथवा निर्धारित मूल्य सं बेसी मूल्य वसूलबाक शिकायत भेटत,तं संबंधित विक्रेताक विरुद्ध नियमानुसार कठोर कारबाइ कएल जाएत। बैठक मे किसान सभ सं सेहो आग्रह कएलगेल जे ओ मात्र अधिकृत दोकान सं उर्वरक किनथि, खरीदक रसीद अवश्य लेथि आ कोनो प्रकारक अनियमितता देखलाक बाद तुरंत कृषि विभाग कें सूचना देथि, जाहि सं समय पर आवश्यक कारबाइ कएल जा सकय। एहि अवसर पर कृषि विभागक कतेको पदाधिकारी, जनप्रतिनिधि आ किसान सभ उपस्थित छलाह।

# मिथिलाक लोकपर्व मधुश्रावणी प्रारंभ, नवविवाहिता सभ 13 दिनक व्रत राखि कए करती शिव-पार्वतीक पूजा

## पहिल सोमवारी सं गुंजल मधुश्रावणीक कथा, महिला सभक बीच चनाक वितरण

झंझारपुर, समदिया

मिथिलाक सांस्कृतिक अस्मिता आ नवविवाहिता सभक प्रमुख लोकपर्व मधुश्रावणी साओनक पहिल सोमवारी सं श्रद्धा आ उल्लासक वातावरण मे प्रारंभ भए गेल। नगर सं लए कए गाम-गाम धरि नवविवाहिता सभ 13 दिनक व्रत राखि विधि-विधानपूर्वक मधुश्रावणीक पूजा कए रहल छथि। एहि वर्ष ई पर्व 15 अगस्त कें पारंपरिक 'टेमी दागब'क रस्मक संग संपन्न होयत। पहिल दिन सोमदिन भोरहि सं नवविवाहिता सभ निर्जला अथवा नियमपूर्वक व्रत राखि बासी फूल, बासी पात आ बेलपत्र सं भगवान शिव आ माता पार्वतीक पूजा-अर्चना कएलनि। गाम सभ मे दर्जनों महिला एकठाम जुटि महिला पंडिताइन सं मधुश्रावणीक कथा श्रवण कएलनि। मान्यता अछि जे एहि पर्वक प्रत्येक दिनक कथा आ धार्मिक महत्त्व अलग-अलग होइत अछि। परंपराक अनुसार नवविवाहिता अपन ससुराल सं आएल अरबा-अरबानि अन्नक सेवनकरैत छथि।सांझ मे सजि-धजि नवविवाहिता सभ अपन सखी-सहेलीसभक संग विभिन्न शिवालय, मठ आ मंदिर सभ मे गेलीह। ओतय सं विभिन्न प्रकारक फूल-पात चुनि डाली मे सजा कए घरक पूजास्थल पर स्थापित कएल गेल। एहि अवसर पर हास-परिहास आ आपसी स्नेहक सुंदर वातावरण सेहो देखल गेल।मधुश्रावणीक व्रतकथा अनुसार ई पर्व मिथिलाक सांस्कृतिक जीवनक अभिन्न अंश अछि आ मात्र मिथिला क्षेत्र मेमनाओल जाइत अछि। विवाहक प्रथम वर्ष साओन मास मे नवविवाहिता सभ नागदेवताक पूजा कए अपन अखंड सौभाग्य आ पतिक दीर्घायु लेल प्रार्थना करैत छथि। एहि पर्व सं कतेको पौराणिक आख्यान आ लोककथा सभ सेहो जुड़ल अछि।एहि अवसर



पर महिलासभक बीच चनाक वितरणक प्राचीन परंपरा सेहो निभाओल गेल। एक-दोसराक चना दए पर्वक शुभकामना देल गेल। 15 अगस्त कें टेमी सं ठेहुना दागबक पारंपरिक रस्मक संग विधिपूर्वक मधुश्रावणीक समापन होयत। पूजा करैत नवविवाहिता प्रियंका झाक अनुसार मधुश्रावणी मात्र धार्मिक अनुष्ठान नहि, बल्कि मिथिलानी महिलासभक प्रेम, सौहार्द आ संस्कारक अनुपम प्रतीक अछि।

# मिथिलाक अर्थव्यवस्था कें भेटत नव गति, दरभंगा मे प्लग एंड प्ले औद्योगिक पार्कक पहल तेज : डॉ. गोपाल जी ठाकुर

दरभंगा, समदिया

दरभंगा कें उत्तर बिहारक प्रमुख औद्योगिक केंद्रक रूप मे विकसित करबाक लेल केंद्र आ राज्यक एनडीए सरकार प्रतिबद्ध अछि। केंद्र सरकारक महत्त्वाकांक्षी भव्य योजनाक अंतर्गत दरभंगा मे प्लग एंड प्ले औद्योगिक पार्क स्थापनाक लेल बिहार सरकार द्वारा केंद्र सरकारक समक्ष प्रस्ताव पठाओल जाएब एहि प्रतिबद्धताक महत्वपूर्णउदाहरण मानल जा रहल अछि। स्थानीय सांसद तथा लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर बिहारक मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक नेतृत्ववाली एनडीए सरकार द्वारा पठाओल गेल एहि प्रस्तावक महत्त्व कें रेखांकित करैत कहलनि जे प्रस्तावित औद्योगिक पार्कक स्थापना सं दरभंगा सहित संपूर्ण मिथिला क्षेत्र मे कृषि, मखान, मत्स्य, डेयरी आ मिथिलाक पारंपरिक उत्पाद सभ सं जुड़ल उद्योग कें नव प्रोत्साहन भेटत। एकरा परिणामस्वरूप क्षेत्र मे निवेश आ रोजगारक अवसर मे उल्लेखनीय वृद्धि होयत, जे मिथिलाक अर्थव्यवस्थाक लेल अत्यंत लाभदायक सिद्ध होयत। सांसद डॉ. ठाकुर कहलनि जे



दरभंगा मे प्लग एंड प्ले औद्योगिक पार्क स्थापनाक विषय मे ओ लगातार प्रयास करैतरहल छथि। एहि संबंध मे ओ कतेको अवसर पर केंद्रीय वाणिज्य आ उद्योग मंत्री पीयूष गोयल सं भेंट कए व्यक्तिगत रूप सं आग्रह केने छथि। संगहि लोकसभा मे सेहो ओ लगातार एहि विषय कें उठबैत रहल छथि। हुनकअनुसार, संबंधित केंद्रीय मंत्रालय स्पष्ट केने छल जे राज्य सरकारक प्रस्ताव प्राप्त होइतहि केंद्र सरकार सकारात्मक निर्णय लेत। सांसदक कहब अछि जे ओ बिहारक तत्कालीन मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ वर्तमान मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सं भेंट कए केंद्र सरकारक इच्छा सं अवगत करौने छलाह तथा दरभंगा लेल शीघ्र प्रस्ताव पठेबाक आग्रह

» कहलनि सांसद, दरभंगा मे आधुनिक औद्योगिक पार्क निर्माण लेल बिहार सरकारक प्रस्ताव कें शीघ्र भेटत केंद्र
» सरकारक स्वीकृति

लगातार करैत रहलाह। आब बिहार सरकार द्वारा एहि दिशा मे आवश्यक पहल कएल जाएब प्रसन्नताक विषय अछि। डॉ. ठाकुरबिहार सरकार द्वारा प्रस्तावित औद्योगिक पार्क लेल 350 एकड़ भूमिक स्वीकृति दैत अवसंरचनात्मक विकासक उद्देश्य सं केंद्र सरकारक समक्ष प्रस्ताव पठेबाक निर्णयक स्वागत कएलनि। हुनक अनुसार, एहि योजना सं दरभंगाआ संपूर्ण मिथिला क्षेत्रक स्थानीय अर्थव्यवस्था कें नव गति भेटत, औद्योगिक विकास तेज होयत तथा युवा सभ लेल रोजगारक नव अवसर उपलब्ध होयत। ओ कहलनि जे एनडीए सरकारक ई पहल विकसित बिहार–विकसित भारतक संकल्प संग-संग विकसित मिथिलाक सपना साकार करबाक दिशा मे सेहो एकटा महत्वपूर्ण डेग सिद्ध होयत।

# भारत-नेपाल सीमा पर एसएसबीक पैघ कारबाइ, 30 लीटर नेपाली शराब आ साइकिल सं एक तस्कर गिरफ्तार

## गुप्त सूचनाक आधार पर कएल गेल कारबाइ

लदनियां, समदिया

भारत-नेपाल अंतरराष्ट्रीय सीमापर अवैध गतिविधि आ शराब तस्करीक विरुद्ध चलाओल जा रहल विशेष अभियानक क्रम मे सशस्त्र सीमा बल (एसएसबी) कें एकटा महत्वपूर्ण सफलता भेटल अछि। लदनिया प्रखंडक लगड़ी क्षेत्र मे सीमा स्तंभ संख्या 262/23 सं लगभग 100 मीटर भारतीय सीमाक भीतर एसएसबीक जवान सभ एक शराबतस्कर कें रंगेहाथ गिरफ्तार कएलनि। प्राप्त जानकारीक अनुसार, सीमाक्षेत्र मे गश्ती आ सुरक्षा अभियानक नेतृत्व कए रहल एसएसबीक निरीक्षक एच.एल. सिंह अपन दल-बलक संग गश्ती पर छलाह। एहि क्रम मे नेपालक दिशा सं एक संदिग्ध व्यक्ति साइकिल पर बैगलादि भारतीय सीमा मे प्रवेश करैत देखल गेल। सुरक्षाबल कें देखिते ओ भागबाक प्रयास कएलक, मुदा सतर्क जवान सभ घेराबंदी कए ओकरा तत्काल पकड़ि लेलनि।30 लीटर नेपाली शराब बरामद गिरफ्तार व्यक्तिक बैगक तलाशी लेलाक बाद ओहि सं लगभग 30 लीटर अवैध नेपाली शराब बरामद भेल। संगहि तस्करी मे प्रयुक्त साइकिल सेहो जप्त कए लेल गेल। प्रारंभिक पूछताछक दौरान गिरफ्तार व्यक्तिक पहचान मो. अफरोज, पिता अहमद रहमान, निवासी पदमाक रूप मे भेल। पूछताछ मे आरोपीक स्वीकारोक्ति अनुसार, ओ नेपाल सं अवैध शराब आनिकऽ स्थानीय क्षेत्र सभ मे अधिक मूल्य पर बिक्री करबाक उद्देश्य सं भारत मे प्रवेश केने छल। अग्रिम कानूनी कारबाइ जारीजप्त शराब आ साइकिलक संग गिरफ्तार तस्कर कें आवश्यक कानूनी कारबाइ लेल लदनिया थाना पुलिसक हवाले कए देल गेल अछि। पुलिस बिहार मद्यनिषेध आ उत्पाद अधिनियमक संबंधित धारासभक अंतर्गत मामिला दर्ज कए विधिसम्मत कारबाइ प्रारंभ केने अछि। एसएसबी अधिकारी सभ स्पष्ट कहलनि जे भारत-नेपाल सीमापर कोनोप्रकारक तस्करी अथवा अवैध गतिविधि कें कदापि सहन नहि कएल जाएत। सीमाक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक लेलआगू सेहो एहि प्रकारक विशेष अभियान निरंतर चलाओल जाइत रहत।

## हजारो श्रद्धालु कएलनि जलाभिषेक

# साओनक पहिल सोमवारी पर बाबा विदेश्वर स्थान सहित विभिन्न शिवालय सभ मे उमड़ल भीड़

झंझारपुर, समदिया

साओन मासक पहिल सोमवारीक पावन अवसर पर झंझारपुर अनुमंडलक प्रसिद्ध बाबा विदेश्वर स्थान, शांतिनाथ मंदिर, महादेव मंदिर, बाबा पंचनाथ मंदिर सहित विभिन्न शिवालय सभ मे श्रद्धालुसभक अपार भीड़ उमड़ि पड़ल। भोरहि सं शिवभक्तसभक लंबी पांति मंदिर परिसर मे लगि गेल छल। श्रद्धालु सभ हर-हर महादेव आ बोल बमक जयघोषक बीच भगवान शिवक जलाभिषेक कएलनि तथा विधि-विधानपूर्वक पूजा-अर्चना करैत परिवारक सुख-समृद्धि, उत्तम स्वास्थ्य आ मंगलमय जीवनक कामना कएलनि। संपूर्ण मंदिर परिसर दिनभर भक्तिमय वातावरण सं गुंजायमान रहल। श्रद्धालुसभक भारी भीड़ कें दृष्टिगत रखैत झंझारपुरक अनुमंडल पदाधिकारी टोनी कुमारी, अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी सुबोध



कुमार सिन्हा सहित कतेको पुलिस पदाधिकारी विभिन्न शिवालयसभक निरीक्षण कएलनि। ओ ड्यूटी पर तैनात पुलिस पदाधिकारी, पुलिस बल आ मंदिर प्रबंधन समिति कें सुरक्षा व्यवस्था, भीड़ नियंत्रण तथाश्रद्धालुसभक सुविधाक संबंध मे आवश्यक निर्देश देलनि। महिला, पुरुष, युवा आ बालकसभक पैघ संख्या भगवानभोलेनाथक दर्शन लेल पहुंचल। कतेको श्रद्धालु कमला नदीक कंदर्पी घाट सं पवित्र जल भरि बाबा विदेश्वर स्थान पहुंचि श्रद्धापूर्वक जल अर्पित कएलनि।

» झंझारपुर एसडीएम, एसडीपीओ सहित अन्य पुलिस पदाधिकारी स्वयं विभिन्न मंदिर सभक निरीक्षण कए देलनि आवश्यक निर्देश

श्रद्धालुसभक अत्यधिक भीड़ कें ध्यान मे रखैत मंदिर प्रबंधन समिति आ स्थानीय प्रशासन द्वारा व्यापक सुरक्षा व्यवस्था कएल गेल छल। स्वयंसेवक सभ श्रद्धालु सभ कें सुव्यवस्थित रूप सं दर्शन कराबय मे निरंतर सहयोग करैत रहलाह। मंदिर परिसरक आसपास पूजाक सामग्री, फूल-माला आ प्रसादक दोकान सभ पर सेहो दिनभरि चहल- पहल बनल रहल। साओनक पहिल सोमवारी पर उमड़ल अपार आस्था आ श्रद्धाक कारण संपूर्ण क्षेत्र भक्तिरस मे सराबोर देखल गेल।

# साओन मासक पहिल सोमवारी पर बाबा शीलानाथ धाम मे 25 हजार सं अधिक श्रद्धालु सभ कएलनि जलाभिषेक

जयनगर, समदिया

साओन मासक पहिल सोमवारीक अवसर पर मिथिलाक काशी विश्वनाथ कहल जाएबला प्रसिद्ध बाबा शीलानाथ धाम मे आस्थाक अपार सैलाब उमड़ि पड़ल। दिनभरि मे 25 हजार सं अधिक श्रद्धालु सभ भगवान शिवक जलाभिषेक कएलनि। मंदिरक पुजारी बैजू पांडाक अनुसार, सोमदिन भोर दुइये बजे मंदिरक कपाट श्रद्धालु सभ लेलखोलि देल गेल छल। कांवरिया सभ जयनगर स्थित पवित्र कमला नदी सं जल भरि लगभग पांच किलोमीटरक पदयात्रा कए बाबा शीलानाथ धाम पहुंचि श्रद्धापूर्वक जल अर्पित कएलनि। सीमावर्ती क्षेत्र सं आबि रहल श्रद्धालुसभक सुविधाक लेल कमला नदीक घाट पर विशेष व्यवस्था कएल गेल छल। श्रद्धालुसभक भारी भीड़ कें दृष्टि मे रखैत प्रशासन सुरक्षा व्यवस्था कें अत्यंत कड़ा कए देने छल। साओन मासक अवसर पर अनुमंडल कार्यालय मे 24 घंटा कार्यरत नियंत्रण कक्ष स्थापित कएल गेल अछि। कमला नदीक पूर्वी आ पश्चिमी दुनू तट पर सुरक्षित घाटक निर्माण कएल गेल, जाहि सं श्रद्धालु सभ कें जल भरबा मे कोनो कठिनाई नहि हो।गहिर पानिक स्थान सभ पर बांसक घेराबंदी कए लाल कपड़ा सं चिन्हित कएल गेल छल, जाहि सं दुर्घटनाक संभावना नहि रहय। एहि बेर श्रद्धालु सभ कमला नदी सं जल भरि



बाबा शीलानाथ धामक अतिरिक्त कपिलेश्वरनाथ, जागेश्वरनाथ सहित विभिन्न शिवालय सभ मे जलाभिषेक लेल रवाना भेलाह। विशेष रूप सं शनि आ रविदिन कांवरियासभक संख्या बेसी देखल गेल। प्रशासनक अनुसार असामाजिक तत्त्व सभ पर विशेष निगरानी राखल जा रहल अछि। श्रद्धालु सभ कें कोनो प्रकारक असुविधा नहि हो, एकरा लेल स्थानीय समिति आ प्रशासन आपस मे समन्वय स्थापित कए लगातार सहयोग प्रदान कए रहल अछि। समितिक द्वारा हर वर्षक भांति एहि बेर सेहो पेयजल, विश्राम आ अन्य आवश्यक सुविधाक विशेषव्यवस्था कएल गेल अछि।ध्वनि विस्तारक यंत्रक माध्यम सं श्रद्धालु सभ कें समय-समय पर आवश्यक सूचना देल जा रहल अछि। श्रद्धालुसभक सुरक्षा लेल दंडाधिकारीक संग पुलिस बल, महिला पुलिस आ अन्य सुरक्षाकर्मी तैनात छलाह। एहि अवसर पर जयनगर थानाक अपर थानाध्यक्ष जाती कुमारी, अवर निरीक्षक मोनिका कुमारी, पैंथर मोबाइलक श्याम पासवान, राहुल कुमार, विकास कुमार सहित अन्य पुलिसकर्मी कर्तव्यपर तैनात छलाह।

# साओनक पहिल सोमवारी पर बाबा कुशेश्वरनाथ धाम मे उमड़ल आस्थाक भीड़

कुशेश्वरस्थान/दरभंगा, समदिया

## जिला प्रशासन संभारलक विधि-व्यवस्था





साओन मासक पहिल सोमवारीक अवसर पर मिथिलाक प्रसिद्ध तीर्थस्थल बाबा कुशेश्वरनाथ धाम मे आस्थाक अद्भुत दृश्य देखबा कें भेटल। भोर मे प्रधान पूजाक उपरांत जखन मंदिरक पट श्रद्धालु सभ लेल खोलल गेल, तं हर-हर महादेव आ बोल बम केर गगनभेदी जयघोष सं समूचा मंदिर परिसर गुंजिउठल। हजारो शिवभक्त पांतिबद्ध भए बाबा कुशेश्वरनाथक जलाभिषेक करबाक लेल पहुंचलाह। श्रद्धालुसभक सुविधा आ सुरक्षा कें ध्यान मे रखैत मंदिर प्रशासन महिला आ पुरुष श्रद्धालु सभ लेल अलग-अलग पांतिक व्यवस्था केने छल। घुमावदार बैरिकेडिंगक माध्यम सं श्रद्धालु अनुशासित ढंग संमंदिर मे प्रवेश कए बाबा भोलेनाथ पर जल अर्पित करैत रहलाह। भोर होइत-होइत मंदिर परिसर, चरणकूप आ शिवगंगा क्षेत्र पूर्ण रूपें शिवमय वातावरण मे डूबि गेल। बढ़ैत भीड़ कें देखैत ग्रामीण पुलिस अधीक्षक साक्षी कुमारी आ सहायक समाहर्ता कल्पना रावत भोरहि मंदिर पहुंचलाह। दुनू पदाधिकारी बैरिकेडिंग, दर्शन मार्ग, सुरक्षा व्यवस्था आ भीड़ प्रबंधनक गहन निरीक्षण कएलनि। ओतहि उपस्थित दंडाधिकारी, पुलिस पदाधिकारी आ सुरक्षा बल कें आवश्यक दिशा-निर्देश देल गेल, जाहि सं श्रद्धालु सभ कें दर्शनक दौरान कोनो प्रकारक असुविधा नहि होअ। निरीक्षणक उपरांत ग्रामीण पुलिस अधीक्षक आ सहायक समाहर्ता स्वयं सेहो बाबा कुशेश्वरनाथक जलाभिषेक कए पूजा-अर्चना कएलनि तथा जिलाक सुख-समृद्धि आ शांतिक कामना कएलनि। मंदिर परिसर मे पर्याप्त संख्या मे पुलिस बल, महिला पुलिसकर्मी आ स्वयंसेवकसभक प्रतिनियुक्ति सं संपूर्ण व्यवस्था सुचारु आ शांतिपूर्ण बनल रहल। दूर-दराजक गाम आ विभिन्न जिला संपहुंचल श्रद्धालु सभ गंगाजल, कलश आ पूजासामग्री लए बाबा केर दर्शन लेल उत्साहित देखल गेलाह। मंदिर परिसर मे भक्ति गीत, शंख, घंट-घड़ियाल आ नगाड़ाक गूंज सं संपूर्ण वातावरण भक्तिमय बनल रहल। प्रशासन श्रद्धालु सभ सं धैर्य बनौने रखबाक, निर्धारित मार्गक पालन करबाक आ प्रशासनक निर्देश मे सहयोग देबाक अपील कएलक।साओनक पहिल सोमवारी पर बाबा कुशेश्वरनाथ धाम मे उमड़ल श्रद्धालुसभक भारी भीड़ एक बेर फेरसिद्ध कए देलक जे मिथिलाक ई आस्था केंद्र लाखो शिवभक्तक अटूट श्रद्धाक प्रतीक अछि।श्रद्धालुसभक भारी भीड़ कें देखैत सुरक्षाक पुख्ता व्यवस्था कएल गेल छल। सुरक्षा व्यवस्थाक जायजा लेबाक उपरांत बिहार सरकारक वन, पर्यावरण आ जलवायु परिवर्तन मंत्री तथा हायाघाटक विधायक रामचंद्र प्रसाद, कुशेश्वरस्थानक पूर्व विधायक अमन भूषण हजारी आ दरभंगाक वरीय पुलिस अधीक्षक जगुनाथ जला रेड्डी बाबा कुशेश्वरनाथ मंदिर पहुंचलाह। सभगोटे विधि-विधान सं भगवान शिवक जलाभिषेक कए राज्य आ क्षेत्रक सुख-समृद्धिक कामना कएलनि। एहि बीच क्षेत्रक प्रसिद्ध सलमगढ़ बाबा, जिमराहा बाबा, तेगच्छा महादेव, गोलमा महादेव आ तिलकेश्वर महादेव मंदिर सभ मे सेहो देर सांझ धरि श्रद्धालुसभक भीड़ लागल रहल। दूर-दराज सं पहुंचल शिवभक्त सभ गंगाजल अर्पित कए पूजा-अर्चना कएलनि। संपूर्ण क्षेत्र भक्ति गीत, शंख आ घंटक गूंज सं शिवमय बनल रहल। प्रशासनक सतर्कताक कारण जलाभिषेक शांतिपूर्ण ढंग सं संपन्न भेल। सांझ मे भव्य श्रृंगारपूजाक सेहो आयोजन कएल गेल।

# एसपीक कारवाई मे जुलाई मास मे 966 अभियुक्त गिरफ्तार

## 2,967 वारंटक निष्पादन, भारी मात्रा मे शराब, हथियार आ मादक पदार्थ बरामद

» हत्या, लूट, महिला उत्पीड़न, मादक पदार्थ आ अवैध शराबक विरुद्ध चलाओल गेल विशेष अभियान

सहरसा, समदिया



पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहागक नेतृत्व मे सहरसा पुलिस जुलाई मास मे अपराध नियंत्रण, फरार अपराधीसभक गिरफ्तारी, वारंट निष्पादन तथा अवैध शराब आ मादक पदार्थक विरुद्ध व्यापक अभियान चलाबैत उल्लेखनीय सफलता प्राप्त कएलक। 1 जुलाई सं 31 जुलाई 2026 धरि जिला मे कुल 966अभियुक्त कें गिरफ्तार कएल गेल। एहि अवधि मे हत्याक 9, हत्याक प्रयासक 117, लूटक 9, डकैतीक 5, आर्म्स एक्टक 33, एनडीपीएस एक्टक 21, एससी-एसटी एक्टक 19 तथा महिला उत्पीड़न सं संबंधित मामिला मे 64 अभियुक्त कें गिरफ्तार कएल गेल। एहि सं अतिरिक्त न्यायालय सं निर्गत 2,967 वारंटक निष्पादन कएल गेल तथा 55 कुर्की-जप्तीक कारबाइ सेहो कएल गेल। अवैध शराबक विरुद्ध चलाओल गेल अभियान मे 671.450 लीटर देशी शराब आ 568.345 लीटर विदेशी शराब बरामद कएल गेल। एकर अतिरिक्त 236.550 लीटर प्रतिबंधित कोरेक्स सिरप, 599.71 ग्राम स्मैक (हेरोइन) तथा 17.550 किलोग्राम गांजा सेहो जब्त कएल गेल। पुलिस कारबाइक दौरान 10 अवैध हथियार आ 24 जीवित कारतूस सेहो बरामद कएल गेल। ऑपरेशन मुस्कान तथा चोरी आ गुमशुदगी सं संबंधित मामिला मे 103 मोबाइल फोन बरामद कए ओकर वास्तविक मालिक सभ कें लौटेबाक प्रक्रिया आरंभ कएल गेल। अन्य बरामदगी मे 17 अपहृत युवती आ 3 अपहृत व्यक्तिक सकुशल बरामदगी, 45 मोबाइल फोन, 160 लीटर जावा विनष्ट, एकटा अवैध शराब भट्ठीक ध्वस्तीकरण, 26 मोटरसाइकिल, 4 कार, 2 टेंपो, 2 स्कूटी, 1 साइकिल, सोनाक आभूषण, बैंक पासबुक, एटीएम कार्ड, क्यूआर कोड तथा गोलीक अग्र भाग सहित कतेको अन्य सामग्रीबरामद कएल गेल। पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहाग कहलनि जे अपराध आ अपराधीसभक विरुद्ध सहरसा पुलिसक अभियान आगू सेहो एहि प्रकार निरंतर जारी रहत। कानून-व्यवस्था कें सुदृढ़ बनौने रखबाक, अपराध पर प्रभावी नियंत्रण स्थापित करबाक तथा आम नागरिकसभक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक लेल जिलाक सभ थाना क्षेत्र मे विशेष अभियान लगातार चलाओल जा रहल अछि।

# पहिल सोमवारी पर पंचमुखी महादेव मंदिर मे 100 किलो दूधक खीरक भोग

सहरसा, समदिया



■ श्रद्धालु सभ मे बांटल गेल प्रसाद

साओन मासक पहिल सोमवारीक अवसर पर शहरक कोशी रोड स्थित पंचमुखी महादेव मंदिर मे श्रद्धा आ भक्तिक अनुपम संगम देखबा कें भेटल। भोरसंहि भगवान शिवक जलाभिषेक, पूजा-अर्चना आ दर्शनलेल श्रद्धालुसभक लंबगर पांति लागल रहल। मंदिर परिसर हर-हर महादेव आ बोल बम केर जयघोष संगुंजायमान रहल। मंदिर समितिक सचिव रविशंकर सिंह जनौलनि जे साओन मासक प्रत्येक सोमवारी कें मंदिर मे विशेष पूजा-अर्चनाक आयोजन कएल जाइत अछि। हुनक अनुसार सांझ मे भव्य श्रृंगार पूजाक उपरांत करीबअढ़ाइ मन (लगभग 100 किलो) दूध सं तैयार खीरक भोग भगवान शिव कें अर्पित कएल गेल। पूजाकसमापनक उपरांत उपस्थित श्रद्धालुसभक बीच खीरक प्रसाद वितरित कएल गेल।ओ कहलनि जे साओनक प्रत्येक सोमवारी एहि प्रकारक विशेष धार्मिक आयोजन आ प्रसाद वितरणकपरंपरा निरंतर निभाओल जाइत अछि। मंदिर मे श्रद्धालुसभक बढ़ैत संख्या कें ध्यान मे रखैत मंदिर समितिक दिस सं आवश्यक व्यवस्था सभ सेहो कएल गेल छल, जाहि सं दर्शन आ प्रसाद वितरणक समस्त व्यवस्था शांतिपूर्ण आ सुव्यवस्थित ढंग सं संपन्न भए सकल।

# पीएम सूर्य घर योजना कें मिशन मोड मे लागू करबाक निर्देश

सहरसा, समदिया

## 31 अक्टूबर धरि लक्ष्य पूरा करबाक देल गेल बल



जिलाधिकारी दीपेश कुमारक अध्यक्षता मे सोमदिन समाहरणालय सभागार मे पीएम सूर्य घर : मुफ्त बिजली योजना केर प्रभावी आ समयबद्ध क्रियान्वयन कें लए जिला स्तरीय समन्वय समितिक बैसारआयोजित कएल गेल। बैसार मे विद्युत विभाग, ब्रेडा, नगर निगम, अग्रणी बैंक, विभिन्न ऋणदाता बैंक,अधिकृत विक्रेता सभ तथा क्रियान्वयन एजेंसीसभक प्रतिनिधि सहभागी भेलाह। बैसार मे योजनाकअद्यतन प्रगतिक समीक्षा करैत प्राप्त आवेदन, तकनीकी स्वीकृति, विक्रेताक चयन, रूफटॉप सौर पैनलक स्थापना, निरीक्षण तथा सब्सिडी भुगतानक स्थितिपर विस्तार सं विचार-विमर्श कएल गेल। जिलाधिकारी संबंधित पदाधिकारी सभ कें आवेदन सं लए कए सब्सिडी भुगतान धरि प्रत्येक चरणक नियमितअनुश्रवण सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि।ओ सभ कनीय विद्युत अभियंता कें अपन-अपन क्षेत्र मे विशेष शिविर आयोजित कए अधिक सं अधिकपात्र परिवार कें योजना सं जोड़बाक निर्देश देलनि। संगहि बैंक सभ कें निर्देश देल गेल जे पात्र ऋण आवेदनसभक प्राथमिकताक आधार पर शीघ्र निष्पादन सुनिश्चित करथि तथा ऋण आवेदन अस्वीकृतिक दर 10 प्रतिशत सं अधिक नहि हो। बैसार मे जानकारी देल गेल जे जिलाक 72 सरकारी भवन पर लगभग 1.3 मेगावाट क्षमताक सौर पैनल पहिने सं स्थापित अछि, जाहि सं स्वच्छ आ हरित ऊर्जाक उपयोग केंबढ़ावा भेटि रहल अछि। जिलाधिकारी सभ संबंधित विभाग आ एजेंसी सभ कें 31 अक्टूबर 2026 धरि निर्धारित लक्ष्य मिशन मोड मे पूरा करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे एहि योजनाक अंतर्गत पात्र घरेलू उपभोक्ता सभ कें 3किलोवाट धरिक रूफटॉप सौर प्रणाली पर केंद्र सरकार द्वारा अधिकतम 78 हजार रुपैयाक सब्सिडी प्रदान कएल जाइत अछि। ओ जिलावासी सभ सं एहि योजनाक अधिक सं अधिक लाभ उठेबाक अपील करैत कहलनि जे रूफटॉप सौर प्रणाली सं एक दिस विद्युत बिल मे बचत होइत अछि, तं दोसर दिस पर्यावरणसंरक्षण आ ऊर्जा आत्मनिर्भरताक दिशा मे सेहो ई एक महत्वपूर्ण कदम अछि।

# एसडीआरएफ शिविर मे आपदा मित्र सभ लेल विशेष प्रशिक्षणक आयोजन

बेनीपट्टी, समदिया

## आपदा प्रबंधन व्यवस्था सुदृढ़ करबाक देल गेल बल



जिलाधिकारी आनंद शर्मा केर निर्देश पर जिला आपदा प्रबंधन पदाधिकारी रजनीश कुमारक नेतृत्व मे जिला आपदा प्रबंधन शाखा, मधुबनीक तत्वावधान मे 3 अगस्त कें बेनीपट्टीक महमदपुर स्थित एसडीआरएफ भवन मे लगभग 200 सं 250 आपदा मित्रसभक एकदिवसीय प्रशिक्षण कार्यक्रमक आयोजन कएल गेल। प्रशिक्षण कार्यक्रम मे एसडीआरएफक टीम कमांडर प्रदीप कुमार आ प्रशिक्षक रंजीत कुमार यादव द्वारा बाढ़ि, भूकंप, सर्पदंश, अगिलग्गी, सड़क दुर्घटना, वज्रपात, प्राथमिक उपचार, खोज आ बचाव, सुरक्षित निकासीतथा जन-जागरूकता सं संबंधित व्यवहारिक आ तकनीकी प्रशिक्षण देल गेल। प्रशिक्षणक मुख्य उद्देश्य पंचायत स्तर पर एहन प्रशिक्षित स्वयंसेवकसभक टोली तैयार करब अछि, जे कोनो प्रकारक आपदा अथवा दुर्घटनाक समय प्रशासनक संग मिलि कए त्वरित राहति आ बचाव कार्य संपन्न कए सकथि। कार्यक्रम मे आपदा मित्र संघ, मधुबनीक अध्यक्ष अरुण कुमार, सचिव सुमन कुमार, सहायक कोषाध्यक्ष ललन कुमार मंडल, मनोज कुमार राम, संतोष कुमार मिश्रा, फैज आलम, गोपाल प्रसाद, राहुल कुमार, वरुण कुमार यादव, संजीव कुमार सहित लगभग 250 आपदा मित्र उपस्थित छलाह। प्रशिक्षणक क्रम मे जानकारी देल गेल जे आपदा मित्र सभ विगत कतेको वर्ष सं जिला मे बाढ़ि,अगिलग्गी, सर्पदंश, सड़क दुर्घटना तथा आन आपदाक समय निस्वार्थ भाव सं राहति आ बचाव कार्य,प्राथमिक उपचार तथा जन-जागरूकता अभियान मे निरंतर महत्वपूर्ण भूमिका निभाबैत आबि रहल छथि। हुनक सक्रियताक कारण समय पर कतेको स्थान पर लोकसभक सहायता संभव भए सकैत अछि।आपदा मित्रसभक प्रति आम जनताक विश्वास आ जनसहयोग लगातार बढ़ैत जा रहल अछि। आइ ग्रामीण आ शहरी दुनू क्षेत्र मे लोक कोनो प्रकारक आपदा अथवा दुर्घटनाक स्थिति मे आपदा मित्र सभ कें अपन पहिल सहायता शक्ति केर रूप मे देखऽ लागल छथि। ई विश्वास आपदा मित्रसभक समर्पण, अनुशासन आ निरंतर सेवाभावक परिणाम अछि। एहि अवसर पर आपदा मित्र सभ जिला प्रशासन, सभ विभाग तथा जनप्रतिनिधि सभ सं आग्रह कएलनिजे प्रशिक्षित आपदा मित्रसभक क्षमता आ अनुभवक अधिक सं अधिक उपयोग कएल जाए। आपदाप्रबंधन, राहति आ बचाव कार्य, जन-जागरूकता अभियान तथा अन्य सामाजिक सुरक्षा गतिविधि सभ मेहुनक नियमित रूप सं दायित्व आ ड्यूटी निर्धारित कएल जाए, जाहि सं हुनक सेवाक लाभ अधिक सं अधिक लोकधरि पहुंचि सकए आ जिलाक आपदा प्रबंधन व्यवस्था आरो सशक्त भए सकए। अंत मे सभ आपदा मित्र सभ अपन-अपन क्षेत्र मे जन-जागरूकता अभियान चलाबए तथा प्रत्येक संकटकाल मे निस्वार्थ भाव सं सेवा देबाक संकल्प दोहरौलनि। संगहि जिलाक सभ पदाधिकारी, जनप्रतिनिधि तथा आम नागरिक सं अपील कएल गेल जे कोनो प्रकारक आपदा, दुर्घटना अथवा आपातकालीन परिस्थिति मे अपन क्षेत्रक प्रशिक्षित आपदा मित्र कें अविलंब सूचना दिअ, जाहि सं राहति आ बचाव कार्य बिना विलंब प्रारंभ कएल जा सकए।

# डूबला सं मृत दू बच्चीक परिजन कें विधायक सौंपलनि आठ लाख रुपैयाक अनुग्रह सहायता राशि



सिंहवाड़ा, समदिया

केवटी विधानसभा क्षेत्रक विधायक डॉ. मुरारी मोहन झा सिंहवाड़ाक अंचलाधिकारिक संग भराठी पंचायतक गौड़ा गाम पहुंचि पानि मे डूबला सं मृत्यु भए गेल दू बच्चीक पीड़ित परिजन कें आपदा प्रबंधन विभागकदिस सं चारि-चारि लाख रुपैयाक अनुग्रह सहायता राशिक चेक प्रदान कएलनि। उल्लेखनीय अछि जे 26 मई 2026 कें सिंहवाड़ा अंचलक भराठी पंचायतक वार्ड संख्या-3 स्थित गौड़ा गाम मे पानि मे डूबला सं दू बच्चीक असमय मृत्यु भए गेल छल। घटनाक उपरांत प्रशासन त्वरित कारबाइ करैत सहायता राशि स्वीकृत केने छल। विधायक डॉ. मुरारी मोहन झा आ अंचलाधिकारी स्वर्गीय निशा कुमारीक माता कविता देवी तथा स्वर्गीय शिवानी कुमारीक माता ममता देवी कें सरकारी प्रावधानक अनुरूप कुल आठ लाख रुपैयाक अनुग्रह सहायता राशिक चेक प्रदान कएलनि। एहि अवसर पर विधायक शोक-संतप्त परिवार सभकें सांत्वना दैत कहलनि जे बच्चासभक असमय निधन अत्यंत दुःखद आ अपूरणीय क्षति अछि। ओपीड़ित परिवारसभक प्रति गहन संवेदना व्यक्त करैत कहलनि जे एहि कठिन समय मे सरकार आस्थानीय प्रशासन हुनक संग अछि तथा आगू सेहो हरसंभव सहयोग उपलब्ध कराओल जाएत।

# सदर अस्पतालक आईसीयू मे पहिल बेर सफल ट्रेकियोस्टॉमी कएल गेल

सीतामढ़ी, समदिया



62 वर्षीय रोगी श्रुबैदा खातून कें गंभीर अस्थमाक कारण सांस लेबा मे अत्यधिक कठिनाइ भए रहल छल।हुनका दीर्घ समय धरि वेंटिलेटरक सहायता आवश्यक छल। स्थितिक गंभीरता कें देखैत जीवनरक्षकट्रेकियोस्टॉमी प्रक्रिया एनेस्थीसिया विशेषज्ञ डॉ. मृत्युंजय कुमार (एमडी, क्रिटिकल केयर मेडिसिन) द्वारा रविदिन, 2 अगस्त कें सफलतापूर्वक संपन्न कएल गेल। एहि प्रक्रियाक दौरान रोगीक गर्दन मे शल्यक्रिया कए श्वासनली मे एकटा ट्यूब स्थापित कएल गेल, जाहि सं हुनका सांस लेबा मे सुविधा भए सकए। तत्पश्चात ओहि ट्यूब कें वेंटिलेटर सं जोड़ि जीवनरक्षक उपचार प्रक्रिया पूरा कएल गेल। एहि जटिल चिकित्सकीय प्रक्रिया मे डीएनबी प्रथम वर्षक छात्र डॉ.अविनाश सेहो सहयोगी रहलाह। जिला अस्पतालक स्तर पर एहि जटिल चिकित्सकीय प्रक्रियाक सफल निष्पादन सं राज्य सरकारक नव रेफरल नीतिक उद्देश्य कें बल भेटल अछि। एकर अतिरिक्त राज्य सरकारक महत्वाकांक्षी आईसीयू सेवाकसफल संचालन कें सेहो नव गति भेटल अछि। संगहि डीएनबी पाठ्यक्रमक संचालनक महत्त्व स्पष्ट रूप सं रेखांकित भेल अछि आ एकर उपयोगिता सेहो सिद्ध भेल अछि।जिलाधिकारी डॉ. रिची पांडेक मार्गदर्शन, सिविल सर्जन डॉ. आर. के. यादवक नेतृत्व तथा अस्पताल उपाधीक्षक (डीएस) डॉ. मनोज कुमारक सतत निगरानी सं ई उपलब्धि संभव भए सकल।जिला अस्पतालक स्तर पर एहन जटिल चिकित्सकीय प्रक्रिया संपन्न करए बला सीतामढ़ी सदर अस्पतालसंभवतः जिलाक पहिल अस्पताल बनि गेल अछि। आब जिला मे उन्नत आ जीवनरक्षक क्रिटिकल केयर सेवा सभ स्थानीय स्तर पर उपलब्ध भए रहल अछि।

## जैव-चिकित्सा अपशिष्ट प्रबंधन पर प्रशासनिक कड़गर निगरानी

# स्वास्थ्य संस्थान सभ मे नियमक अनुरूप शत-प्रतिशत पालन सुनिश्चित हो : डीएम

सहरसा, समदिया



समाहरणालय स्थित कार्यालय प्रकोष्ठ मे सोमदिन जिलाधिकारी दीपेश कुमारक अध्यक्षता मे जैव- चिकित्सा अपशिष्ट प्रबंधन नियमावली, 2016 केर अंतर्गत गठित जिला स्तरीय अनुश्रवण समितिक बैसार आयोजित कएल गेल। बैसार मे जिलाक सरकारी आ निजी स्वास्थ्य संस्थान सभ मे जैव-चिकित्सा अपशिष्टक सुरक्षित प्रबंधन व्यवस्थाक समीक्षा कएल गेल। बैसार मे सिविल सर्जन, अपर समाहर्ता, जिला प्रदूषण नियंत्रण पदाधिकारी सहित विभिन्न सरकारी आ निजी अस्पताल, नर्सिंग होम, पैथोलॉजी प्रयोगशाला तथा आन स्वास्थ्य संस्थानसभक प्रतिनिधि उपस्थित छलाह। एहि अवसर पर जैव-चिकित्सा अपशिष्टक संग्रहण, पृथक्करण, परिवहन, उपचार आ वैज्ञानिक विधि सं निस्तारणक वर्तमान व्यवस्थापर विस्तार सं विचार-विमर्श कएल गेल। जिलाधिकारी दीपेश कुमार सभ स्वास्थ्य संस्थान कें जैव-चिकित्सा अपशिष्ट प्रबंधन नियमावली, 2016 केर सभ प्रावधानक पूर्ण अनुपालन सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। ओ विशेष रूप सं रंग-कोड आधारितअपशिष्ट पृथक्करण प्रणाली कें प्रभावी ढंग सं लागू करबाक आवश्यकता पर बल दैत कहलनि जेअस्पताल आ स्वास्थ्य केंद्र सभ मे निर्धारित मानकक अनुरूप अपशिष्ट प्रबंधन अवश्य होअ। ओ संबंधित पदाधिकारी सभ कें नियमित निरीक्षण आ अनुश्रवण करबाक, अधिकृत एजेंसीसभक माध्यम सं अपशिष्टक समयबद्ध निष्पादन सुनिश्चित करबाक तथा कोनो प्रकारक अनियमितता भेटला पर नियमानुसार कारबाइ करबाक निर्देश सेहो देलनि।बैसार कें संबोधित करैत जिलाधिकारी कहलनि जे जैव-चिकित्सा अपशिष्टक वैज्ञानिक आ सुरक्षित प्रबंधन जनस्वास्थ्य तथा पर्यावरण संरक्षण लेल अत्यंत आवश्यक अछि। ओ सभ विभाग कें आपसी समन्वय सं काज करैत निर्धारित नियम आ मानकक कड़ाई सं पालन सुनिश्चित करबाक आवश्यकता पर विशेष बल देलनि। बैसार मे स्वास्थ्य सुरक्षा आ पर्यावरण संरक्षण सं संबंधित विभिन्न विषय सभ पर आवश्यक दिशा-निर्देश सेहो देल गेल।

# चेहल्लुम पर्व लेल डीएम आ एसएसपीक संयुक्त आदेश जारी

## 140 स्थान पर दंडाधिकारी आ पुलिस पदाधिकारीक प्रतिनियुक्ति

दरभंगा, समदिया



चेहल्लुम पर्व कें शांतिपूर्ण, सौहार्दपूर्ण आ विधि-व्यवस्थाक संग संपन्न करबाक उद्देश्य सं जिलाधिकारी कौशल कुमार आ वरीय पुलिस अधीक्षक जगुनाथ रेड्डी जला रेड्डी द्वारा संयुक्त आदेश जारी कएल गेल अछि। जिला मे सुरक्षा व्यवस्था कें सुदृढ़ करैत 140 संवेदनशील स्थान पर दंडाधिकारी, पुलिस पदाधिकारी, सशस्त्र बल आ लाठी बलक प्रतिनियुक्ति कएल गेल अछि। जारी संयुक्त आदेश मे कहल गेल अछि जेचेहल्लुम पर्व 4 आ 5 अगस्त कें मनाओल जाएबाक सूचना अछि। एहि अवसर पर मुहर्रम जकां ताजिया आ जुलूस निकालबाक परंपरा रहल अछि। एकरा ध्यान मे रखैत जुलूस मार्ग, ताजियाक आगू-पाछां तथा अन्य संवेदनशील स्थान सभ पर विशेष सतर्कता बरतबाक निर्देश देल गेल अछि, जाहि सं कोनो प्रकारक विवाद उत्पन्न नहि होअ। जिला प्रशासन निर्देश देलक अछि जे ताजिया जुलूसक लाइसेंस आ मार्ग निर्धारण एहि प्रकार सं कएल जाए, जाहि सं कोनो अखाड़ा अथवा जुलूसक बीच विवादक स्थिति उत्पन्न नहि हो। सभ संबंधित पदाधिकारी सभ कें ई सुनिश्चित करबाक निर्देश देल गेल अछि जे पर्व पूर्ण रूप सं शांतिपूर्ण वातावरण मे संपन्न होअ। जिलाधिकारी आ वरीय पुलिस अधीक्षक सभ अनुमंडल पदाधिकारी, अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी, प्रखंड विकास पदाधिकारी, अंचलाधिकारी, थानाध्यक्ष तथा ओपी अध्यक्ष सभ कें अपन-अपन क्षेत्र मे निरंतर निगरानी रखबाक आ कोनो प्रकारक संदिग्ध गतिविधि देखलापर अविलंब कारबाइ करबाकनिर्देश देलनि। हुनका सभक अनुसार दरभंगा जिला सांप्रदायिक दृष्टि सं संवेदनशील अछि। एहिलेल अफवाह फैलाबऽ बला, सांप्रदायिक सौहार्द बिगाड़ऽ बला तथा असामाजिक तत्वसभक गतिविधिपर विशेष नजरि राखल जाए आ आवश्यकतानुसार त्वरित कारबाइ सुनिश्चित कएल जाए। सभ थानाध्यक्ष, पुलिसनिरीक्षक, अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी, प्रखंड विकास पदाधिकारी आ अंचलाधिकारी सभ कें निर्देश देल गेल अछि जे जाहि क्षेत्र सभ मे पूर्व मे सांप्रदायिक तनावक घटना भए चुकल अछि अथवा तनावक आशंका अछि, ओतय दुनू समुदायक प्रबुद्ध नागरिक, जनप्रतिनिधि, मुखिया, सरपंच तथा गणमान्य व्यक्तिसभक सहयोग सं शांति समिति कें सक्रिय राखल जाए। पर्वक दौरान जिलाक 140 चिन्हित स्थान सभ पर दंडाधिकारी, पुलिस पदाधिकारी, सशस्त्र बल आ लाठी बलक प्रतिनियुक्ति कएल गेल अछि। ई प्रतिनियुक्ति सामान्य रूप सं 4 अगस्तक पूर्वाह्न सं 5 अगस्त धरि प्रभावी रहत। यदि कोनो स्थान पर तनावक स्थिति उत्पन्न होइत अछि तं आवश्यकतानुसार प्रतिनियुक्तिक अवधि स्वतः बढ़ा देल जाएत। संयुक्त आदेशक अनुसार चेहल्लुम पर्वक अवसर पर विधि-व्यवस्था संधारण कें प्राथमिकता दैत सभ प्रकारक अवकाश आगामी आदेश धरि स्थगित कए देल गेल अछि। विशेष परिस्थिति मे मात्र सक्षम प्राधिकरणक स्वीकृति सं अवकाश प्रदान कएल जाएत। जिला प्रशासन सभ नागरिक सं अपील केने अछि जे चेहल्लुमपर्व आपसी भाईचारा, सामाजिक सद्भाव आ शांतिपूर्ण वातावरण मे मनाउ। प्रशासन स्पष्ट केने अछि जे शांति आ कानून-व्यवस्था भंग करऽ बला तत्वसभक विरुद्ध कड़ा कानूनी कारबाइ कएल जाएत।

# जतय शिव छथि, ओतय अन्हार नहि रहैछ



कुमार नितेश

जखन नामक दंभ आ शरीरक अहंकार पाछां छुटय लगैत अछि, तखन मनुष्य ओहि अदृश्य शक्तिक अनुभव करय लगैत अछि जे आरंभहि सं ओकर भीतर कार्यरत रहैत अछि। ई शक्ति कतहु बाहर सं नहि अबैत अछि। ओ तं सदिखन ओकरे भीतर विद्यमान रहैत अछि। किंतु संसारक कोलाहल, प्रतिष्ठाक मोह आ स्वयं कें सिद्ध करबाक व्यग्रता एहि अनुभूतिक ऊपर परदा दए दैत अछि। श्रावणी पथ पर आगू बढ़ैत-बढ़ैत जखन ई परदा धीरे-धीरे हटय लगैत अछि, तखन मनुष्य पहिल बेर अपन अंतरात्माक ओहि गंभीर मौन कें सुनि पबैत अछि, जतय शिवक निवास मानल गेल अछि। ओकरा अनुभव होइत अछि जे कांवर तं ओकर कान्ह पर अछि, मुदा ओकर भार मात्र ओ एकल नहि वहन कए रहल अछि। श्रम तं ओकर अपन अछि, किंतु ओकरा सहन करबाक आ आगू बढ़ेबाक शक्ति कतहु आर सं प्राप्त होइत अछि। कहियो कोनो अनजान कांवरियाक मुस्कान सं, कहियो सेवा शिविर मे भेटल एक गिलास पानि सं, कहियो बोल बम केर सामूहिक उद्घोष सं, तं कहियो अंतर मे जगैत ओहि अनकहल श्रद्धा सं, जकरा शब्द मे व्यक्त करब कठिन होइत अछि। शायद एहि कारण श्रावणी पथ पर केओ वास्तव मे एकाकी नहि होइत अछि। लाखो लोकक भीड़ मे सेहो ई यात्रा मनुष्य कें भीड़क मात्र एक अंश नहि, बल्कि विराट चेतनाक सहभागी बना दैत अछि। एतय परिचय नहि पूछल जाइत अछि, जाति नहि पूछल जाइत अछि, भाषा नहि पूछल जाइत अछि। मात्र एतेक पर्याप्त होइत अछि जे समक्ष चलय बला यात्री सेहो ओहिना दिशा मे अग्रसर अछि, जतय शिव छथि। महाभारतक अंतिम प्रसंग मे बर्बरीक सेहो संभवतः एहनहि अनुभूति केने छलाह। हुनका ने योद्धा सभ देखाइ पड़लनि, ने सेना। हुनका मात्र एक विराट शक्ति देखाइ पड़लनि, जे कौरव आ पांडव दुनू पक्षक माध्य मे संपूर्ण युद्ध लड़ि रहल छल। व्यक्तिगत पराक्रम ओहि क्षण गौण भए गेल छल। दृश्य मात्र ओहि अदृश्य शक्तिक छल, जकर समक्ष मनुष्य मात्र माध्यम बनि जाइत अछि। श्रावणी पथ पर सेहो कहियो-कहियो एहन अनुभूति होइत अछि।



श्रावणी पथ : कड़ी-5

लाखो कांवरिया छथि, लाखो कन्हा अछि, लाखो नाम छथि, मुदा संकल्प मात्र एक अछि। एकहि ध्वनि लाखो कंठ सं उच्चरित होइत अछि। एकहि दिशा लाखो जन कें एक सूत्र मे बान्हि दैत अछि। एकहि पुकार रात्रि, बरखा आ थकान सभ सं पैघ बनि जाइत अछि। भिन्न-भिन्न गाम, नगर आ राज्य सं निकलल लोक सभ एकहि लय मे चलय लगैत छथि। मानू हुनकर चालि, श्वास आ गति सभ एकरूप भए गेल हो। तखन मनुष्य अनुभव करैत अछि जे ओ मात्र अपन संकल्पक बल पर नहि बढ़ि रहल अछि, बल्कि कोनो विराट संकल्पक सहभागी बनि गेल अछि। ओहि क्षण साधारण यात्रा तीर्थयात्रा मे परिणत भए जाइत अछि। शरीर आगू बढ़ैत अछि, मुदा भीतर चेतनाक नव द्वार खुलय लगैत अछि। पैर माटि पर पड़ैत अछि, मुदा मोन अन्य दिशा मे यात्रा करय लगैत अछि।

बहुत पूर्वे ऋषि सभ एहि दिव्य ज्योतिक अनुभव कए लेने छलाह -

दूरङ्गमं ज्योतिषां ज्योतिरेकं तन्‍ मे मनः शिवसङ्कल्पमस्तु॥

ई मात्र प्रार्थना नहि, भारतीय चेतनाक अत्यंत गंभीर अभिलाषा अछि। मोन एहन हो, जे सीमा सभ सं दूर जा सकए, अन्हार सं विचलित नहि होय आ सत्यक प्रकाश मे अडिग रहए। श्रावणी पथ पर चलैत प्रत्येक कांवरिया अनजाने अपन प्रत्येक डेग सं एहि प्रार्थनाक पुनरावृत्ति करैत चलैत अछि। सभ सं दूर धरि जएबला शरीर नहि होइत अछि। अंत धरि संग देबयबला सेहो शरीर नहि होइत अछि। शरीरक अपन सीमा अछि। ओ थाकैत अछि, रुकैत अछि, पीड़ा सहैत अछि। किंतु मनुष्य मात्र शरीर नहि अछि। ओकर भीतर एक एहन ज्योति विद्यमान अछि जे प्रत्येक कठिनाई सं पैघ अछि। वएह ज्योति मनुष्य कें फेर उठब सिखबैत अछि, आगू बढ़बाक प्रेरणा दैत अछि। शरीरक हारि, पथक कठिनता आ रात्रिक अन्हारक बीच जे ज्योति अखंड प्रज्वलित रहैत अछि, श्रावणी पथ ओकरे शिव-संकल्प कहैत अछि। ई संकल्प मात्र देवघर पहुंचबाक नहि, बल्कि स्वयं कें चिन्हबाक यात्रा अछि। ई बाह्य दूरी सं बेसी अंतरक दूरी पार करबाक साधना अछि।

अन्हार कें पराजित करबाक आवश्यकता नहि।

आवश्यकता एहि बातक अछि जे भीतरक ज्योति कदापि नहि मिझाय।

जीवन मे अन्हार पूर्ण रूपें कखनो समाप्त नहि होइत अछि। दुःख, संघर्ष, असफलता आ अनिश्चितता मनुष्यक जीवन यात्राक सहयात्री बनल रहैत अछि। भारतीय दर्शन एहि कारण अन्हार सं युद्ध करबाक अपेक्षा प्रकाश कें सुरक्षित रखबाक शिक्षा दैत अछि। एक छोट दीप सेहो घनघोर अन्हार कें चुनौती देबाक सामर्थ्य रखैत अछि।

शायद एहि कारण भारतीय मनीषा शिव कें कर्पूरक उज्ज्वल आभा मे देखलक -

कर्पूरगौरं करुणावतारं संसारसारं भुजगेंद्रहारम्।

ई मात्र स्तुति नहि, जीवन-दर्शन अछि। शिवक गौर वर्ण मात्र रूप-वर्णन नहि, बल्कि ओहि निर्मल चेतनाक प्रतीक अछि जे भेदभाव सं दूर अछि आ अपन प्रकाश सं सभ कें समान रूपें आलोकित करैत अछि। कर्पूर स्वयं जरैत अछि, दोसर कें प्रकाश दैत अछि, आ अंत मे अपन कोनो चिह्न नहि छोड़ैत विलीन भए जाइत अछि। ओकर अस्तित्व मात्र अपना लेल नहि होइत अछि। ओ जरि कें सेहो अहंकार धारण नहि करैत अछि। एहि कारण भारतीय पूजापद्धति मे कर्पूर त्याग, समर्पण आ निःस्वार्थ भावक प्रतीक मानल गेल अछि। शायद शिव सेहो ओहि दिव्य प्रकाशक नाम छथि, जे अपन लेल नहि, बल्कि जगत्क हित लेल प्रज्वलित रहैत अछि। जे स्वयं तप सहैत छथि, जाहि सं संसार कें शीतलता प्राप्त हो। जे विष अपन कंठ मे धारण करैत छथि, जाहि सं जीवन सुरक्षित रहए। एहि कारण शिव मात्र देवता नहि, करुणा, त्याग आ लोकमंगलक सर्वोच्च प्रतीक बनि जाइत छथि। शायद एहि सत्यक अनुभूति हमर पूर्वज सभ अग्निस्तंभक कथा मे केने छलाह। ब्रह्मा ऊपर उड़ैत रहलाह, विष्णु नीचां उतरैत रहलाह, मुदा अग्निस्तंभक ने आदि भेटलनि, ने अंत। कारण, ओ कोनो मापल जा सकय बला वस्तु नहि छल; ओ मात्र ज्योति छल। आ ज्योतिक कोनो सीमा नहि होइत अछि। साओनक रात्रि अवतरित भए जाइत अछि। मेघाच्छन्न आकाश पृथ्वी लग आबि जाइत अछि। दूध सन उज्ज्वल प्रकाश सं आलोकित श्रावणी पथ दूर धरि पसरल रहैत अछि। पैर मे फोंका अछि, कान्ह पर कांवर अछि, उमस अछि, थकान अछि। देवघर एखनहुं दूर अछि। रात्रि एखन शेष अछि। मुदा कांवरिया सभक धारा रुकैत नहि अछि।

तखने कतहु दूर सं स्वर उठैत अछि - बोल बम!

दोसर दिशा सं उत्तर अबैत अछि - बोलो बम!

आ ओहि क्षण प्रतीत होइत अछि जे मात्र मनुष्य नहि बाजि रहल छथि, मानू स्वयं श्रावणी पथ मुखरित भए उठल अछि।

देवघर एखनहुं दूर अछि।

मुदा पहुंचब जरूर अछि।

# पीओके ओहि 'आजादी' सं बचबाक संघर्ष कए रहल अछि, जे पाकिस्तान ओकरा पर थोपने अछि

प्रवीण स्वामी

पाकिस्तानक कब्जावला कश्मीर (पीओके) मे चलि रहल असंतोष आब मात्र आर्थिक वा प्रशासनिक मुद्दा धरि सीमित नहि रहल अछि। ई संघर्ष ओहि राजनीतिक व्यवस्था आ दमनक विरुद्ध अछि, जकर आरोप स्थानीय लोक बहुत दिन सं लगबैत आबि रहल छथि। इतिहास पर दृष्टि देल जाए तं स्पष्ट होइत अछि जे एहि क्षेत्र मे असंतोष कोनो नव घटना नहि, बल्कि 1947 केर बाद सं लगातार विभिन्न रूप मे प्रकट होइत रहल अछि।

1955 मे सुधान बहुल क्षेत्र मे पाकिस्तानक सुरक्षा बलक कारबाइ अत्यंत कठोर मानल गेल। तत्कालीन मुस्लिम कॉन्फ्रेंसक कतेको नेता सभ पाकिस्तानक संविधान सभा मे शिकायत करैत आरोप लगौने छलाह जे सून-पाटोची गामक किशोर सभक संग पंजाब पुलिस द्वारा अमानवीय व्यवहार कएल गेल। शिकायत मे महिला सभ पर बलात्कार आ अन्य जघन्य अत्याचारक सेहो उल्लेख कएल गेल। बाद मे प्रधानमंत्री बनल सरदार अब्दुल कय्यूम अपन संस्मरण मे लिखलनि जे गामक बुजुर्ग सभ कें सार्वजनिक रूप सं अपमानित कएल गेल, कोड़ा मारल गेल आ रस्सी सं बान्हि कए बजार मे घुमाओल गेल। एहि घटनाक दशको बाद पीओके मे अशांति समाप्त नहि भेल। हालक वर्ष सभ मे लोकतांत्रिक अधिकार, प्राकृतिक संसाधन पर स्थानीय अधिकार आ आर्थिक न्यायक मांग लए कए व्यापक प्रदर्शन शुरू भेल। पत्रकार हारिस कादिरक अनुसार, एहि आंदोलनक दौरान पुलिसक गोलीबारी मे दर्जनो लोकक मृत्यु भेल। आंदोलनक नेतृत्व करयबला जम्मू-कश्मीर ज्वाइंट अवामी एक्शन कमेटी कें पाकिस्तान सरकार आतंकवादी संगठन घोषित कए देलक।

भारत आ अंतरराष्ट्रीय स्तर पर पीओके मे होइत घटना पर अपेक्षाकृत कम चर्चा होइत रहल अछि। 1951 मे, जखन जम्मू-कश्मीर मे लोकतांत्रिक चुनाव संपन्न भए रहल छल, तखने पाकिस्तानक पक्ष मे संघर्ष करयबला कतेको नेता स्वयं पाकिस्तान सरकार सं असंतुष्ट भए गेलाह। पुंछ क्षेत्रक बहुतो लोक कें अनुभव भेल जे ओ सभ मात्र एक शासन सं दोसर शासनक अधीन भए गेल छथि।



1947-48 केर युद्धक आरंभिक समय मे स्थानीय लोक पाकिस्तान समर्थित लश्कर सभक स्वागत करैत छलाह। मुदा शीघ्रहि परिस्थिति बदलि गेल। जे समूह स्वयं कें मुक्तिदाता कहैत छल, ओहि पर स्थानीय लोकक विरुद्ध बलप्रयोग आ दमनक आरोप लागय लागल। परिणामस्वरूप जनता आ शासनक बीच अविश्वास लगातार गहराइत गेल। हालक आंदोलनक प्रारंभ आर्थिक मांग सं भेल छल। 2023 मे गठित जेएएसी व्यापारिक संगठन, परिवहनकर्मी, अधिवक्ता, छात्र आ नागरिक समाजक समूह सभ कें एक मंच पर आनलक। आंदोलनकारी सभक मांग छल जे महंगाइक समय मे सस्ता अन्न उपलब्ध कराओल जाए आ क्षेत्रक जलविद्युत परियोजना सभ सं उत्पादित बिजली स्थानीय लोक कें कम दर पर देल जाए। प्रदर्शनकारी सभक तर्क अछि जे मंगला बांध सं प्राप्त आयक उचित हिस्सा पीओके कें नहि भेटैत अछि, किएक तं पाकिस्तान एहि क्षेत्र कें औपचारिक रूप सं अपन प्रांत नहि मानैत अछि। 2002 मे जनरल परवेज मुशर्रफक शासनकाल मे किछु आर्थिक प्रावधान अवश्य कएल गेल, मुदा आंदोलनकारी सभक अनुसार ओ अन्य प्रांत सभ कें भेटयबला अधिकारक बराबर नहि छल। 2024 मे आंदोलन तेज भेल, जाहि पर पुलिस बलप्रयोग कएलक। एहि दौरान एक पुलिस अधिकारीक सेहो मृत्यु भेल।

समय बीतलाक संग आंदोलनक स्वरूप व्यापक होइत गेल। आब मुद्दा मात्र महंगाइ नहि, बल्कि लोकतांत्रिक प्रतिनिधित्व, जवाबदेही आ राजनीतिक अधिकार बनि गेल। विशेष विवाद विधानसभा मे आरक्षित 12 सीटक अछि, जे 1947 केर बाद जम्मू-कश्मीर सं पाकिस्तान गेल परिवार सभक वंशज लेल सुरक्षित अछि। आलोचक सभक मानब अछि जे एहि व्यवस्था द्वारा इस्लामाबाद क्षेत्रीय राजनीति पर प्रभाव बना रखने अछि। एहि विवादक ऐतिहासिक जड़ि 1947 सं जुड़ल अछि। ओहि समय पुंछ क्षेत्र मे महाराजा हरि सिंहक शासनक विरुद्ध असंतोष पहिने सं व्याप्त छल। क्षेत्रीय स्वायत्तता मे कमी, अत्यधिक कर वसूली आ प्रशासन मे मुसलमान सभक सीमित भागीदारी एहि असंतोषक प्रमुख कारण मानल गेल।

# वैश्विक आर्थिक बीहाड़ि मे भारतक बाजार कतए धरि सुरक्षित अछि?

किशन सनमुखदास भावनानी

वर्तमान वैश्विक आर्थिक परिदृश्य मे वर्ष 2026 कतेको चुनौती आ अवसरक संग उपस्थित भेल अछि। ईरान-अमेरिका तनाव, रूस-यूक्रेन युद्ध, भू-राजनीतिक अस्थिरता, ऊर्जा संकट, उच्च ब्याज दर, वैश्विक पूंजीक तीव्र आवागमन आ तीव्र तकनीकी परिवर्तन विश्व अर्थव्यवस्थाक दिशा कें प्रभावित कए रहल अछि। एहन समय मे भारतक शेयर बाजार मात्र घरेलू निवेशक सभक विश्वासक प्रतीक नहि, बल्कि देशक आर्थिक क्षमता, राजनीतिक स्थिरता, डिजिटल विस्तार, आधारभूत संरचना मे निवेश आ दीर्घकालिक विकास संभावनाक संकेत सेहो बनि रहल अछि। हालहि मे भारत सरकार 1 अगस्त 2026 सं वाणिज्यिक गैस सिलिंडरक मूल्य मे 200 रुपैयाक कमी कएलक, जाहि सं व्यवसायिक क्षेत्र कें तात्कालिक राहति भेटल अछि। दोसर दिस 3 सं 5 अगस्त धरि भारतीय रिजर्व बैंकक मौद्रिक नीति समितिक बैठक होमय जा रहल अछि, जाहि मे ब्याज दर, मुद्रास्फीति, आर्थिक विकास, रुपैयाक स्थिति आ वैश्विक खतरा प्रमुख विचार-विमर्शक विषय रहत। 31 जुलाई 2026 कें भारतीय शेयर बाजार लगातार तेसर कारोबारी सत्र मे तेजी दर्ज कएलक। सेंसेक्स लगभग 78 हजार अंकक समीप बंद भेल, जखन कि निफ्टी 24,350 अंक सं ऊपर कायम रहल। पश्चिम एशियाक तनाव, ऊर्जा मूल्य मे वृद्धि आ अमेरिकी बॉन्ड प्रतिफलक दबावक बीच ई प्रदर्शन भारतीय अर्थव्यवस्थाक लचीलापन दशार्बैत अछि।

विशेषज्ञ सभक मतानुसार 3 सं 7 अगस्तक बीच भारतीय शेयर बाजारक दिशा चारि प्रमुख कारक तय करत - रिजर्व बैंकक नीति, कच्चा तेलक मूल्य, वैश्विक निवेश प्रवाह आ अंतरराष्ट्रीय आर्थिक घटनाक्रम।




वर्तमान समय मे कृत्रिम बुद्धिमत्ता (एआई), डिजिटल प्रौद्योगिकी, सेमीकंडक्टर, स्वच्छ ऊर्जा आ नव औद्योगिक निवेश अवसर प्रस्तुत कए रहल अछि। मुदा दोसर दिस युद्ध, आपूर्ति श्रृंखला मे व्यवधान, ऊर्जा असुरक्षा, व्यापारिक संरक्षणवाद आ महग पूंजी विकासक गतिपर दबाव बनौने अछि। भारत लेल सब सं पैघ बाह्य चुनौती क्रूड ऑयलक बढ़ैत मूल्य अछि। देश अपन ऊर्जा आवश्यकताक अधिकांश भाग आयात सं पूरा करैत अछि। फलस्वरूप तेल महग भेला सं मात्र पेट्रोल-डीजल नहि, बल्कि परिवहन, खाद्य पदार्थ, औद्योगिक उत्पादन, उर्वरक, विमानन, व्यापार घाटा आ सरकारी वित्त सभ प्रभावित होइत अछि। पश्चिम एशिया मे तनाव बढ़ला सं भारतक आयात व्यय आ विदेशी मुद्राक दबाव बढ़ि सकैत अछि। एहि कारण भारतीय तेल कंपनी सभ द्वारा अतिरिक्त क्रूड ऑयल खरीद ऊर्जा सुरक्षाक दिशा मे महत्वपूर्ण डेग मानल जा रहल अछि।

तेलक मूल्यवृद्धिक प्रत्यक्ष प्रभाव चालू खाताक घाटा, रुपैयाक विनिमय दर, मुद्रास्फीति आ कंपनी सभक लाभ पर पड़ैत अछि। विशेष रूप सं विमानन, रसायन, परिवहन, लॉजिस्टिक्स आ ऊर्जा-आधारित उद्योग सभ अधिक प्रभावित होइत छथि। एहि कारण निवेशक सभ लेल आवश्यक अछि जे बाजारक वर्तमान तेजी संग-संग ऊर्जा खराक सेहो समुचित मूल्यांकन करथि। अमेरिकी बॉन्ड प्रतिफल (बॉन्ड यील्ड) सेहो भारत लेल एक महत्वपूर्ण बाह्य कारक अछि। जखन अमेरिकाक दीर्घकालिक सरकारी बॉन्ड पर प्रतिफल बढ़ैत अछि, तखन वैश्विक निवेशक अपेक्षाकृत सुरक्षित निवेशक रूप मे अमेरिका कें प्राथमिकता दैत छथि। परिणामस्वरूप उभरैत अर्थव्यवस्था सभ सं विदेशी पूंजीक बहिर्गमन होएबाक संभावना बढ़ि जाइत अछि। हालक समय मे अमेरिकी 30-वर्षीय ट्रेजरी बॉन्डक प्रतिफल 5 प्रतिशत सं ऊपर पहुंचबाक कारण वैश्विक वित्तीय बाजार प्रभावित भेल अछि। भारत मे सेहो 10-वर्षीय सरकारी बॉन्ड प्रतिफल लगभग 6.81 प्रतिशतक स्तरपर रहल, जे वैश्विक आर्थिक परिस्थितिक प्रभाव कें स्पष्ट करैत अछि। तथापि, अन्य उभरैत अर्थव्यवस्थाक तुलना मे भारतक स्थिति अपेक्षाकृत सुदृढ़ मानल जा रहल अछि।

# निरंतर बढ़ैत प्लास्टिक कचड़ाक निपटानक चुनौती

दीपिका

धरती पर निरंतर बढ़ैत प्लास्टिक कचड़ा आब एक गंभीर पर्यावरणीय समस्याक रूप धारण कए चुकल अछि। भारत मे प्रतिवर्ष लगभग 94 लाख टन सं लए कए 1.02 करोड़ टन धरि प्लास्टिक अपशिष्ट उत्पन्न होइत अछि। धरती, समुद्र, पहाड़, नदी – शायद एहन कोनो स्थान नहि बांचल अछि जतय प्लास्टिक कचड़ाक पहुंच नहि भेल हो। सड़क, गली, नाला आ सार्वजनिक स्थान सभ पर यत्र–तत्र फेंकल प्लास्टिकक लिफाफ सभ अक्सरहां भूखल पशु सभ निगलि लैत अछि, जाहि सं हुनक मृत्यु धरि भए जाइत अछि। हालहि मे प्रकाशित एक समाचारक अनुसार, हरियाणा मे लगभग चारि फुट लंबा एक कोबराक पेट मे कारी पॉलीथिन फंसि गेल छल। हिसार स्थित लाला लाजपत राय पशु चिकित्सा एवं पशु विज्ञान विश्वविद्यालय (लुवास) केर चिकित्सक सभ लगभग एक घंटाक शल्यचिकित्साक बाद ओहि निरीह जीवक प्राण बचेबा मे सफल रहलाह। ई घटना मानवक लापरवाहीक प्रत्यक्ष उदाहरण अछि। देश मे 1 जुलाई 2022 सं एकबेर प्रयोग होमऽ बला प्लास्टिक (सिंगल यूज प्लास्टिक) पर प्रतिबंध लागू अछि। प्लास्टिक अपशिष्ट प्रबंधन नियम, 2016 केर अंतर्गत प्लास्टिकक कटलरी, स्ट्रॉ, पतला सजावटी प्लास्टिक सामग्री आ निम्न गुणवत्ताबला प्लास्टिकक लिफाफ निषिद्ध कएल जा चुकल अछि। तथापि, व्यवहारिक स्तर पर एहि सभ वस्तुक उपयोग एखनहुं व्यापक रूप सं भए रहल अछि। विशेष रूप सं घटिया सामग्री सं बनल प्लास्टिकक झोरा देशक अधिकांश भाग मे सहजहि देखल जा सकैत अछि। एकर प्रमुख कारण अछि कि सामान रखबाक लेल सुलभ आ व्यवहारिक विकल्प पर्याप्त मात्रा मे उपलब्ध नहि अछि। फलस्वरूप, मात्र जुमार्ना लगा कए समस्या समाप्त करब कठिन सिद्ध भए रहल अछि। विकास आ आधुनिकीकरणक संग–संग विश्व भरि मे प्लास्टिकक उत्पादन आ उपयोग तीव्र गति सं बढ़ल अछि। एकर मुख्य कारण अछि – एकर बहुउपयोगिता, टिकाऊ प्रकृति आ अपेक्षाकृत कम लागत। मुदा, दीर्घकाल धरि नष्ट नहि होएबाक ई विशेषता पर्यावरण लेल गंभीर संकट बनि गेल अछि। प्लास्टिक ने सड़ैत अछि आ वर्षो धरि माटिक भीतर पड़ल रहैत अछि, जाहि सं माटिक उर्वराशक्ति प्रभावित होइत अछि।



प्लास्टिकक थैली नालीसभ, जलनिकास प्रणाली आ सीवेज मार्ग अवरुद्ध कए दैत अछि, जाहि सं अस्वच्छता बढ़ैत अछि आ विभिन्न रोगक प्रसार होइत अछि। आधुनिक अनुसंधान सं स्पष्ट भेल अछि जे माइक्रोप्लास्टिकक सूक्ष्म कण वायु, जल आ भोजनक माध्यमे मानव शरीर मे प्रवेश कए जाइत अछि। ई मात्र मनुष्य नहि, बल्कि अन्य जीव–जंतुक स्वास्थ्य पर सेहो प्रतिकूल प्रभाव छोड़ैत अछि। प्लास्टिक सं निकलयबला रासायनिक तत्त्व हार्मोन असंतुलन, कैंसर आ अन्य गंभीर रोगक कारण बनि सकैत अछि। दोसर दिस, प्लास्टिक जरेला सं निकलयबला विषाक्त गैस श्वास–संबंधी कतेको रोग उत्पन्न करैत अछि। प्रतिवर्ष विश्वभरि सं लगभग 80 लाख टन प्लास्टिक कचड़ा समुद्र आ महासागर मे पहुंचैत अछि। एहि कारण समुद्री जीव–जंतु सभक जीवन संकट मे पड़ि जाइत अछि आ समुद्री पारिस्थितिकी तंत्र गंभीर रूपें प्रभावित होइत अछि। प्लास्टिक प्रदूषण आर्थिक गतिविधि सभ पर अतिरिक्त भार सेहो बढ़बैत अछि आ जलवायु परिवर्तनक एक महत्वपूर्ण कारण मानल जाइत अछि। पर्यावरण, जैव–विविधता आ प्राकृतिक संतुलन लेल प्लास्टिकक कचड़ा आब वैज्ञानिक उपलब्धि नहि, बल्कि पारिस्थितिक अभिशापक रूप मे देखल जाए लागल अछि। सब सं पैघ चुनौती प्लास्टिक कचड़ाक समुचित निपटान अछि। भारत मे प्रतिदिन लगभग 26 हजार टन प्लास्टिक कचड़ा निकलैत अछि, मुदा एकर मात्र लगभग 60 प्रतिशत भागक पुनर्चक्रण (रिसाइक्लिंग) भए पबैत अछि। शेष कचड़ा लैंडफिल अथवा प्राकृतिक वातावरण मे जमा रहि जाइत अछि। परिणामस्वरूप पर्यावरण प्रदूषण, जैव–विविधताक ह्रास आ पारिस्थितिकी तंत्रक क्षति निरंतर बढ़ैत अछि। भस्मीकरण आ लैंडफिल सन प्रचलित उपाय महग, अस्थिर आ पर्यावरणक अनुकूल नहि मानल जाइत अछि। एहि कारण आब जैव–अपघटनीय (बायोडिग्रेडेबल) प्लास्टिक आ वैकल्पिक निपटान विधिपर विशेष जोर देल जा रहल अछि। वैज्ञानिक सभ सूक्ष्मजीवक माध्य मे कृत्रिम प्लास्टिक कें हानिरहित रूप सं विघटित करबाक संभावनाक अनुसंधान कए रहल छथि। नवीकरणीय संसाधन सं बनल बायोप्लास्टिक प्लास्टिक प्रदूषण कम करबाक संग–संग हरितगृह गैसक उत्सर्जन घटा सकैत अछि आ पर्यावरणीय स्थिरता कें प्रोत्साहन दए सकैत अछि। तथापि, एकर व्यापक उत्पादन, लागति मे प्रतिस्पर्धा आ उपयोगक बाद उचित प्रबंधन एखनहुं चुनौती बनल अछि। एहि क्षेत्र मे अतिरिक्त अनुसंधान, नवाचार आ अंतरराष्ट्रीय सहयोगक आवश्यकता स्पष्ट रूपें अनुभव कएल जा रहल अछि। शिक्षाविद्, उद्योगपति आ सरकारक संयुक्त प्रयासें बायोप्लास्टिकक प्रभावी विकास संभव भए सकैत अछि। प्लास्टिक उत्पादक सभ कें उत्तरदायी बनेबाक लेल कठोर नीति आवश्यक अछि, मुदा ताहि सं बेसी महत्वपूर्ण अछि व्यावहारिक विकल्प सभक विकास। जं सुलभ विकल्प उपलब्ध नहि होयत, तं मात्र प्रतिबंध लगा कए प्लास्टिकक उत्पादन आ उपयोग पूर्ण रूपें रोकब संभव नहि। धरती हमर साझा घर अछि। एकरा प्रदूषण सं बचेनाइ प्रत्येक नागरिकक सर्वोच्च दायित्व अछि। प्लास्टिक प्रदूषण कम करबाक सर्वोत्तम उपाय तीन आर सिद्धांत – रिड्यूस (कम उपयोग), रीयूज (पुनः उपयोग) आ रीसाइकल (पुनर्चक्रण) केर अनुपालन अछि। कंपोस्टेबल प्लास्टिकक उपयोग जैविक कचड़ाक संग खाद तैयार करबाक लेल कएल जा सकैत अछि। तथापि, आदर्श उपाय तं प्लास्टिकक उपयोगें कम करब अछि। बाजार जाइत समय कपड़ा अथवा जूटक झोरा संग राखब, प्लास्टिकक बोतलक स्थान पर धातु अथवा कांचक बोतलक उपयोग करब सन छोट–छोट प्रयास सामूहिक स्तर पर अत्यंत सकारात्मक परिणाम दए सकैत अछि। निस्संदेह, व्यक्तिगत जिम्मेदारिये सामूहिक परिवर्तनक सब सं मजबूत आधार बनैत अछि।

# बांकीपुर सं बदलल बिहारक राजनीतिक समीकरण? भाजपाक हारि आ पीकेक जीतिक पैघ कारण



बिहारक सबसं चर्चित आ हाईप्रोफाइल विधानसभा सीट सभ मे शामिल बांकीपुरक उपचुनाव परिणाम राज्यक राजनीति मे नव समीकरणक संकेत देलक। लंबा समय सं भाजपा क गढ़ मानल जाए बला एहि सीट पर जन सुराजक संस्थापक प्रशांत किशोर (पीके) जीत दर्ज कए नहि मात्र पैघ राजनीतिक संदेश देलनि, बल्कि ईहो देखौलनि जे शहरी क्षेत्र मे चुनावी रणनीति, संगठन आ स्थानीय मुद्दा पारंपरिक राजनीतिक समीकरण पर भारी पड़ि सकैत अछि। एहन स्थिति मे प्रश्न उठि रहल अछि जे आखिर ओ कोन कारण छल, जाहि सं भाजपा अपन मजबूत शहरी गढ़ बचा नहि सकल।

### स्वयं प्रशांत किशोरक उम्मीदवारी

2025क बिहार विधानसभा चुनाव मे 243 मे सं 238 सीट पर चुनाव लड़ला बादो जन सुराज पार्टी खाता नहि खोलि सकल छल। मुदा एहि बेर प्रशांत किशोर स्वयं बांकीपुर सं चुनाव लड़बाक निर्णय लेलनि। हुनक व्यक्तिगत छवि भाजपा उम्मीदवार नीरज कुमार सिन्हा पर भारी पड़ल। नीरज सिन्हा ओहि सीट पर उम्मीदवार बनलाह, जाहि पर भाजपा राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीन 2006 सं 2026 धरि लगातार प्रतिनिधित्व कएने छलाह।

### अंतिम समय मे उम्मीदवार बदलबाक असरि

चुनाव सं पहिने भाजपा अभिषेक सिन्हा 'बंटी' कें उम्मीदवार घोषित कएने छल, मुदा हुनक चुनाव नहि लड़बाक स्थितिक बाद पार्टी अंतिम समय मे नीरज सिन्हा कें उम्मीदवार बनौलक। राजनीतिक विश्लेषक सभक मानब अछि जे अंतिम समय मे उम्मीदवार बदलला सं कार्यकर्ता आ मतदाता सभक बीच भ्रमक स्थिति बनल आ संगठनात्मक तथा चुनावी दुनू स्तर पर पार्टी कें नोकसान भेल।

### स्थानीय मुद्दा पर पीकेक फोकस

प्रशांत किशोर पूरा चुनाव अभियानक दौरान रोजगार, शिक्षा, भ्रष्टाचार, महंगाइ आ नागरिक सुविधा जकां स्थानीय मुद्दा सभ कें प्रमुखता दैत रहलाह। हुनक प्रचार अभियान केवल सभा धरि सीमित नहि रहल, बल्कि ओ लगातार मोहल्ला, बाजार आ स्थानीय क्षेत्र सभ मे जनसंपर्क करैत रहलाह, जाहि सं मतदाता सभ सं सीधा जुड़ाव मजबूत भेल।

### विपक्षक खाली स्थान भरबाक प्रयास

चुनाव प्रचारक दौरान तेजस्वी यादव अपेक्षाकृत कम सक्रिय देखल गेलाह। विदेश सं लौटला बाद ओ अंतिम समय मे सक्रिय जरूर भेलाह, मुदा विपक्षी राजनीति मे बनल खाली स्थान कें प्रशांत किशोर भरबाक प्रयास कएलनि। ओ स्वयं कें सरकारक सबसं मुखर आलोचकक रूप मे प्रस्तुत कएलनि आ सीधा मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी पर निशाना साधलनि।

### भाजपा संगठनक अति-आत्मविश्वास

राजनीतिक जानकार सभक अनुसार, भाजपा नेता सभक अति-आत्मविश्वासपूर्ण बयान आ चुनावी माहौल कें लए आश्वस्त रवैयाक प्रभाव सेहो परिणाम पर पड़ल। मानल जा रहल अछि जे एहि कारण जमीनी स्तर पर संगठनक सक्रियता अपेक्षित स्तर तक नहि पहुंचि सकल, जखनकि प्रशांत किशोरक टीम लगातार मतदाता सभक बीच सक्रिय रहल।

**भाजपा अपन मजबूत शहरी गढ़ बचा नहि सकल**

### छात्र आंदोलन आ नीट प्रश्नपत्र लीकक मुद्दा

चुनाव सं ठीक पहिने नीट प्रश्नपत्र लीकक विरोध मे छात्र आंदोलन चर्चा मे रहल। एहि दौरान प्रशांत किशोर लगातार छात्र सभक समर्थन मे सक्रिय देखल गेलाह आ सरकार तथा भाजपा पर तीखा प्रश्न उठबैत रहलाह। एकर प्रभाव युवा मतदाता आ पहिल बेर मतदान करए बला मतदाता सभ पर पड़ल आ हुनक स्वीकार्यता बढ़ल। राजनीतिक विश्लेषक सभक मानब अछि जे बांकीपुर उपचुनावक ई जीत आगामी विधानसभा चुनाव सं पहिने प्रशांत किशोर आ हुनक पार्टी लेल मनोबल बढ़ेबाक काज करत। ओतहि भाजपा लेल संगठनक मजबूती आ उम्मीदवार चयनक रणनीति पर फेर सं विचार करबाक संकेत सेहो दैत अछि।

### बदलावक जनभावना

बांकीपुर, जे लंबा समय सं भाजपाक गढ़ मानल जाइत छल, ओतय मतदाता सभक बीच बदलावक भावना देखल गेल। कतेको मतदाता प्रशांत किशोर कें नीक आ गंभीर उम्मीदवारक रूप मे देखलनि। चुनाव प्रचारक दौरान प्रशांत किशोर एहि चुनाव कें मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक नेतृत्व पर जनमत संग्रहक रूप मे प्रस्तुत कएलनि आ भाजपाक 'गढ़' बला दावाक आलोचना करैत कहलनि जे गढ़ कोनो राजनीतिक पार्टी नहि, बल्कि जनता बनबैत अछि।

### पारंपरिक वोट बैंक मे सेंध

राजनीतिक विश्लेषक सभक अनुसार, भाजपा आ प्रमुख विपक्षी दल राजद दुनूक परंपरागत समर्थन आधार मे दरार देखल गेल। कायस्थ समुदायक पैघ हिस्सा भाजपा संग रहल, मुदा आन सवर्ण आ पिछड़ा वर्गक कतेको मतदाता प्रशांत किशोरक पक्ष मे गेलाह। ओतहि राजदक मुस्लिम-यादव वोट बैंकक एकटा हिस्सा सेहो प्रशांत किशोर दिस आकर्षित भेल। कतेको मुस्लिम मतदाता भाजपा कें चुनौती देबाक क्षमता देखैत प्रशांत किशोरक समर्थन कएलनि।

## बांकीपुर उपचुनाव : प्रशांत किशोर भाजपाक गढ़ मे रचलनि इतिहास



बांकीपुर विधानसभा उपचुनाव मे जन सुराजक संस्थापक प्रशांत किशोर शानदार जीत दर्ज कए इतिहास रचि देलनि। उपलब्ध परिणामक अनुसार प्रशांत किशोर कें कुल 63,912 मत भेटल, जखनकि भाजपा उम्मीदवार कें 44,687 आ राजद उम्मीदवार रेखा गुप्ता कें 14,231 मत प्राप्त भेल। प्रशांत किशोर 19,225 मतक अंतर सं विजयी भेलाह। बांकीपुर लंबा समय सं भाजपाक मजबूत गढ़ मानल जाइत रहल अछि। एहन स्थिति मे प्रशांत किशोरक जीत कें जन सुराज लेल पैघ राजनीतिक उपलब्धिक रूप मे देखल जा रहल अछि। एहि परिणाम सं बांकीपुरक पुरान राजनीतिक समीकरण मे महत्वपूर्ण बदलावक संकेत भेटल अछि। एहि जीतक संग जन सुराज बिहारक राजनीति मे अपन मजबूत उपस्थिति दर्ज करौलक। भाजपाक परंपरागत प्रभाव बला क्षेत्र मे हारिक बाद पार्टीक समक्ष नव राजनीतिक चुनौती सेहो ठाढ़ भए गेल अछि। ओतहि राजद एहि चुनाव मे तेसर स्थान पर रहल। बांकीपुर उपचुनावक परिणामक बाद बिहारक राजनीति मे तेसर विकल्पक चचार्मे तेजी आएल अछि। राजनीतिक विश्लेषक सभक मानब अछि जे प्रशांत किशोरक एहि जीतक प्रभाव आगामी चुनावी रणनीति आ राज्यक राजनीतिक समीकरण पर पड़ि सकैत अछि।

**बांकीपुरक पुरान राजनीतिक समीकरण मे महत्वपूर्ण बदलाव**

## प्रशांत किशोरक पत्नी जाह्नवी कहलनि- सोमवारी छल... महादेव हमर प्रार्थना सुनलनि



बांकीपुर उपचुनावक परिणाम मे जन सुराजक संस्थापक प्रशांत किशोर निर्णायक जीत दर्ज कएलनि। परिणामक बाद जन सुराज खेमा मे उत्साह आ जश्नक माहौल देखल गेल। मतगणनाक दौरान प्रशांत किशोर शुरू सं लगातार बढ़त बनौने रहलाह। प्रत्येक चरणक संग हुनक मतांतर बढ़ैत गेल, जाहि सं चुनावक तस्वीर स्पष्ट होइत गेल। प्रशांत किशोरक पत्नी जाह्नवी दास जीतक बाद अपन प्रसन्नता व्यक्त करैत कहलनि जे ओ महादेवक पूजा केने छथि आ सोमवारीक अवसर पर हुनक उपवास सेहो छल। जाह्नवी दास कहलनि, हम सोमवारीक दिन महादेव सं प्रार्थना केने रही। महादेव हमर प्रार्थना सुनलनि। ओ बांकीपुरक मतदाता सभक प्रति आभार व्यक्त करैत कहलनि जे क्षेत्रक लोक सभ प्रशांत किशोर पर विश्वास जतौलनि आ जनादेश देलनि। एहि लेल ओ सभ मतदाता सभक धन्यवाद दैत छथि। प्रशांत किशोरक जीत कें जन सुराज समर्थक सभ पैघ राजनीतिक उपलब्धिक रूप मे देखैत छथि। एहि परिणामक बाद बिहारक राजनीति मे जन सुराजक उपस्थिति आरो मजबूत भेल मानल जा रहल अछि।

**सोमवारीक अवसर पर हुनक उपवास सेहो छल**

## बांकीपुर मे पीकेक जीत 8 वर्ष पुरान गोरखपुर उपचुनावक याद ताजा केलक



पटनाक बांकीपुर विधानसभा उपचुनाव मे जन सुराजक संस्थापक प्रशांत किशोरक जीत बिहारक राजनीति मे पैघ राजनीतिक संदेशक रूप मे देखल जा रहल अछि। लंबे समय सं भाजपाक मजबूत गढ़ मानल जाए बला बांकीपुर मे जन सुराजक जीत सं वर्षो पुरान राजनीतिक समीकरण मे बदलावक संकेत भेटल अछि। एहि परिणाम सं 8 वर्ष पूर्व उत्तर प्रदेशक गोरखपुर लोकसभा उपचुनावक याद सेहो ताजा भए गेल अछि, जतए भाजपाक परंपरागत गढ़ मे पार्टी कें हारिक सामना करए पड़ल छल। वर्ष 2018 मे मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लोकसभा सदस्यता छोड़लाक बाद गोरखपुर मे उपचुनाव भेल छल। एहि चुनाव मे समाजवादी पार्टीक उम्मीदवार प्रवीण निषाद भाजपा उम्मीदवार उपेंद्र दत्त शुक्ल कें 21,881 मत सं पराजित कएने छलाह। गोरखपुर लंबा समय सं भाजपाक मजबूत क्षेत्र मानल जाइत छल, एहि कारण ओ परिणाम राष्ट्रीय राजनीति मे व्यापक चर्चाक विषय बनल छल। राजनीतिक विश्लेषक सभ आब बांकीपुरक परिणाम कें सेहो ओहने राजनीतिक उलटफेरक रूप मे देखैत छथि। बांकीपुर लंबा समय सं भाजपाक मजबूत गढ़ रहल अछि। ई सीट नितिन नवीनक परंपरागत सीट मानल जाइत रहल, जतए पार्टीक संगठन आ शहरी मतदाता सभक बीच मजबूत आधार रहल अछि। एहन स्थिति मे प्रशांत किशोरक जीत कें केवल एकटा विधानसभा सीटक परिणाम नहि, बल्कि भाजपाक स्थापित राजनीतिक समीकरण कें चुनौती देबय बला महत्वपूर्ण घटनाक रूप मे देखल जा रहल अछि। एहि जीत सं जन सुराज कें सेहो पैघ राजनीतिक उपलब्धि भेटल अछि। भाजपा आ राजदक बीच केंद्रित बिहारक राजनीति मे ई परिणाम तेसर राजनीतिक विकल्पक संभावनाक चर्चा कें आरो बल देबाक मानल जा रहल अछि। राजनीतिक जानकार सभक अनुसार, शहरी मतदाता सभक बीच जन सुराजक स्वीकार्यता पर आब नव बहस शुरू भए सकैत अछि। ओतहि बांकीपुर जकां सीट पर हारि भाजपाक लेल संगठन आ चुनावी रणनीतिक स्तर पर मंथनक विषय बनि सकैत अछि। पार्टी कें ई बुझए पड़त जे परंपरागत मतदाता सभक बीच जन सुराज कोना अपन स्थान बनौलक। दोसर दिस प्रशांत किशोरक समक्ष एहि जीत कें पूरा राज्य मे राजनीतिक विस्तारक आधार बनेबाक चुनौती रहत। गोरखपुर जकां बांकीपुरक परिणाम सेहो ई संदेश दैत अछि जे मजबूत मानल जाए बला राजनीतिक गढ़ सभ सदिखन अजेय नहि रहैत अछि। एहि जीत सं जन सुराज कें बिहारक राजनीति मे नव पहिचान भेटल अछि। आब नजरि एहि बात पर रहत जे बांकीपुरक ई जीत केवल एकटा सीट धरि सीमित रहत कि राज्यक राजनीति मे तेसर विकल्पक मजबूत नींव साबित होयत।

**जतय भाजपाक परंपरागत गढ़ मे पार्टी कें हारिक सामना करए पड़ल छल**

# 31 वर्ष धरि एकतरफा जीतैत रहल भाजपा, मुदा बांकीपुर मे प्रशांत किशोर एहन हरौलनि जे एक्को बेर बढ़त नहि भेटल



जन सुराज पार्टी (जेएसपी)क प्रमुख प्रशांत किशोर बांकीपुर विधानसभा उपचुनाव मे भाजपा उम्मीदवार नीरज सिन्हा कें 19,324 मतक अंतर सं पराजित कए ऐतिहासिक जीत दर्ज कएलनि। एहि जीतक संगहि ओ भाजपा राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नबीनक राजनीतिक गढ़ पर कब्जा जमा लेलनि। मतगणनाक पहिल दौर सं लए आखरी 32म दौर धरि प्रशांत किशोर लगातार बढ़त बनौने रहलाह। पूरा मतगणनाक दौरान भाजपा एक बेरो बढ़त हासिल नहि कए सकल। यद्यपि 32 दौर मे मात्र तीन दौर एहन रहल, जतए भाजपा कें जन सुराज सं बेसी मत भेटल, मुदा नीरज सिन्हा बढ़तक अंतर कम करबामे सफल नहि भए सकलाह। अंतिम परिणाम अनुसार प्रशांत किशोर कें 64,151 मत अर्थात 49.23 प्रतिशत मत भेटल। भाजपा उम्मीदवार नीरज सिन्हा कें 44,827 मत अर्थात 34.40 प्रतिशत मत भेटल, जखनकि राजद उम्मीदवार रेखा गुप्ता 14,273 मत अर्थात 10.95 प्रतिशत मतक संग तेसर स्थान पर रहली। बांकीपुर भाजपा लेल 31 वर्ष धरि मजबूत गढ़ रहल अछि। एहि अवधिमे पहिने नवीन किशोर प्रसाद सिन्हा आ तकर बाद हुनक पुत्र नितिन नबीन लगातार एहि सीटक प्रतिनिधित्व करैत रहलाह। चुनावक दौरान बांकीपुर बचेबाक लेल नितिन नबीन कतेको बेर पटना एलाह आ कहलनि जे बांकीपुर हुनक घर अछि। मुदा चुनाव परिणाम सं स्पष्ट भए गेल जे एहि बेर मतदाता सभ अलग निर्णय देलनि। भाजपा उम्मीदवार चयन कें लए सेहो विवाद मे फंसल छल। पहिने अभिषेक 'बंटी' कें उम्मीदवार बनाओल गेल, मुदा नामांकनक बाद ओ चुनाव लड़ए सं मना कए देलनि। तकर बाद पार्टी जल्दबाजी मे नीरज सिन्हा कें उम्मीदवार घोषित कएलक। भाजपाक दिस सं सांसद, विधायक आ संगठनक पदाधिकारी सभ कें घर-घर प्रचार लेल उतारल गेल। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सेहो सभ विधायक सभ कें बांकीपुर मे प्रचार करबाक निर्देश देने छलाह। मुदा एहि सबक बावजूद प्रशांत किशोर अकेले चुनावी मुकाबलामे भारी पड़लाह। पिछला कतेको विधानसभा चुनाव मे भाजपा बांकीपुर सं एकतरफा जीत दर्ज करैत रहल छल। नितिन नवीन 2025क चुनाव मे लगभग 63 प्रतिशत, 2020 मे करीब 59 प्रतिशत, 2015 मे 60 प्रतिशत आ 2010 मे लगभग 72 प्रतिशत मत प्राप्त कएने छलाह। एहन स्थिति मे प्रशांत किशोरक ई जीत केवल एकटा उपचुनावक जीत नहि, बल्कि बांकीपुरक तीन दशक पुरान राजनीतिक समीकरण बदलए बला परिणामक रूप मे देखल जा रहल अछि।

**प्रशांत किशोर कें 64,151 मत अर्थात 49.23 प्रतिशत मत भेटल**

# हर-हर महादेवक जयघोष सं शिवमय भेल विद्यापतिधाम

## पहिल सोमवारी आ नागपंचमी पर 50 हजार श्रद्धालु सभ कएलनि जलाभिषेक

**समस्तीपुर/विद्यापतिनगर, समदिया**



श्रावण मासक पहिल सोमवारी आ नागपंचमीक पावन संयोग पर मिथिलांचलक प्रमुख आस्थाक केंद्र विद्यापतिधाम स्थित बाबा उगना महादेव बालेश्वर स्थान मंदिर सोमदिन शिवभक्तसभक अपार भीड़ सं पाटि गेल। भोर दू बजे मंगल आरती आ विशेष पूजा-अर्चनाक उपरांत मंदिरक पट श्रद्धालु सभ लेल खोलल गेल, जाहिक बाद जलाभिषेकक क्रम आरंभ भेल आ ई सिलसिला देर सांझ धरि अविराम चलैत रहल। एहि दौरान संपूर्ण मंदिर परिसर आ मेला क्षेत्र हर-हर महादेव, बोल बम आ ॐ नमः शिवाय केर जयघोष सं गुंजायमान रहल। मंदिर न्यास समितिक कोषाध्यक्ष रत्न शंकर भारद्वाज जनौलनि जे पहिल सोमवारी आ नागपंचमीक अवसर पर लगभग 50 हजार श्रद्धालु सभ बाबा उगना महादेवकजलाभिषेक कए सुख-समृद्धि आ मंगल जीवनक कामना कएलनि। रविदिन सांझ ढलिते कांवरिया सभ आ श्रद्धालुसभक विद्यापतिधाम पहुंचनाइ आरंभ भए गेल छल। संपूर्ण रात्रि मंदिर परिसर, मुख्य सड़क आ मेला क्षेत्र श्रद्धालु सभ सं गुलजार रहल। सोमदिन भोर मेलंबगर पांतिक बीच श्रद्धालु सभ मंदिर मे प्रवेश कए भगवान शिव कें जल अर्पित कएलनि। बिहारकविभिन्न जिला सं संगहि पड़ोसी राज्य सभ सं सेहो हजारो श्रद्धालु बाबा केर दरबार पहुंचलाह। पहिल सोमवारी आ नागपंचमीक विशेष संयोग पर श्रद्धालु सभ गंगाजल, दूध, भांग, धतूरा, बेलपत्र, आकक फूल आ चंदन अर्पित कए भगवान भोलेनाथक रुद्राभिषेक कएलनि। मंदिर मे वैदिक मंत्रोच्चारक बीच निरंतर पूजा-अर्चना चलैत रहल। श्रद्धालु सभ अपन परिवारक सुख-शांति, उत्तम स्वास्थ्य आ समृद्धिक कामना कएलनि।श्रद्धालुसभक भारी भीड़ कें देखैत जिला प्रशासन व्यापक सुरक्षा व्यवस्था केने छल। मेला क्षेत्रक 22 महत्वपूर्ण स्थान पर दंडाधिकारी, पुलिस पदाधिकारी आ पुलिस बलक प्रतिनियुक्ति कएल गेल छल। महिला श्रद्धालुसभक सुविधाक लेल महिला पुलिसकर्मी आ स्वयंसेवक सभ कें सेहो तैनात कएल गेल छल। अंचलाधिकारी कुमार हर्ष कंट्रोल रूम सं सीसीटीवी कैमरा द्वारा संपूर्ण मेला क्षेत्र पर निरंतर नजरि रखैत रहलाह। ओतहि थानाध्यक्ष सूरज कुमार सहित अन्य प्रशासनिक पदाधिकारी सभ दिनभर शिविर लगा कए संपूर्ण व्यवस्थाक निरीक्षण करैत रहलाह। भीड़ नियंत्रण लेल मंदिर परिसर मे बैरिकेडिंग कएल गेल छल। प्रवेश आ निकास लेल अलग-अलग मार्ग निर्धारित कएल गेल। बजरंगी चौक सं सुहानी पुल धरि पैघ वाहनक परिचालन पर रोक रहल, जखन कि मंदिर जाएबला मुख्य मार्ग पर सामान्य वाहनक प्रवेश सेहो प्रतिबंधित रहल। धार्मिक उत्साहक बीच भीड़क लाभ उठा चेन स्नेचर आ जेबकतरा सेहो सक्रिय रहल। शाहपुर पटोरीक चकराजअली निवासी निशा कुमारी, सुल्तानपुर गामक दीपांशु कुमार सिंहक परिवारक महिला सभ सहित कतेको महिला श्रद्धालुक लगभग डेढ़-डेढ़ भर सोनाक चेन, मंगलसूत्र आ अन्य आभूषण झपटि लेल गेल। एकर अतिरिक्त कतेको श्रद्धालुक जेब काटि नकदी सेहो चोरा लेल गेल। पीड़ित सभमेला ड्यूटी मे तैनात पुलिस पदाधिकारी सभ कें आवेदन दए कारबाइक मांग कएलनि। पुलिस जनौलक जे प्राप्त शिकायतक आधार पर जांच आरंभ कए देल गेल अछि। मंदिर न्यास समितिक कोषाध्यक्ष रत्न शंकर भारद्वाज कहलनि जे सीसीटीवी फुटेजक आधार पर संदिग्धसभक पहचानक प्रयास कएल जा रहल अछि। ओ श्रद्धालु सभ सं अपील कएलनि जे धार्मिक स्थल आ भीड़-भाड़ बला स्थान सभ पर बहुमूल्य सामान आ सोनाक आभूषण पहिरि कए नहि जाएथि। सुरक्षा व्यवस्थाक बीच उठल प्रश्न यद्यपि प्रशासन पहिल सोमवारी कें लए व्यापक सुरक्षा व्यवस्था केने छल, तथापि भीड़क बीच चेनस्नेचिंग आ जेबकटिंगक घटना सभ सुरक्षा व्यवस्थापर प्रश्नचिह्न सेहो ठाढ़ कए देलक। श्रद्धालुसभक कहब अछि जे प्रतिवर्ष मेला मे एहन घटना सभ होइत अछि। एहिलेल आगामी सोमवारी सभ कें ध्यान मे रखैत भीड़भाड़ बला क्षेत्र सभ मे सादा वेश मे पुलिसकर्मीसभक संख्या बढ़ेबाक आ निगरानी व्यवस्था कें आरो सुदृढ़ करबाक आवश्यकता अछि।

## 155 हाथ लंबगर कांवर बनल आकर्षणक केंद्र, 1100 शिवभक्तक जत्था पहुंचल विद्यापतिधाम

**विद्यापतिनगर, समदिया**



श्रावण मासक पहिल सोमवारीक अवसर पर विद्यापतिधाम स्थित बाबा उगना महादेव मंदिर मे आस्थाक अनुपम दृश्य देखबा कें भेटल। मोहनपुर प्रखंडक जौनापुर गाम सं 1100 शिवभक्तक विशाल कांवरिया जत्था 155 हाथ लंबगर भव्य कांवरक संग बाबा केर दरबार पहुंचल। संपूर्ण यात्राक दौरान हर-हर महादेवआ बोल बम केर गगनभेदी जयघोष सं वातावरण भक्तिमय बनल रहल। मंदिर परिसर पहुंचिते विशाल कांवर श्रद्धालुसभक आकर्षणक केंद्र बनि गेल। जत्था मे शामिल शिवभक्त सभ जनौलनि जे ओ सभ विगत पांच वर्ष सं लगातार साओन मास मे सामूहिक कांवर यात्रा कए विद्यापतिधाम आबैत छथि। हुनक कहब छल जे बाबा उगना महादेवक दरबार मे सच्चा मन सं मांगल प्रत्येक मनोकामना पूर्ण होइत अछि। एहिये कारण प्रत्येक वर्ष एहि यात्रा मे सहभागी श्रद्धालुसभक संख्या बढ़ैत जा रहल अछि। श्रद्धालुसभक अनुसार एहि विशेष कांवर कें तैयार करबा मे लगभग 15 दिनक समय लागैत अछि। पारंपरिक शैली मे सजाओल गेल एहि कांवर कें अत्यंत आकर्षक रूप देल जाइत अछि। लगभग 30 किलोमीटरक पदयात्राक दौरान कांवरिया सभ बारी-बारी सं एकरा अपन कांध पर उठा कए यात्रा करैत छथि। संपूर्ण यात्राक दौरान शिवभजन, कीर्तन आ जयघोष सं बाट शिवमय बनल रहल।विद्यापतिधाम मंदिर पहुंचलापर सभ शिवभक्त विधि-विधान सं बाबा उगना महादेवक जलाभिषेक कएलनि। ओ सभ अपन परिवार, समाज आ देशक सुख-समृद्धि, शांति आ खुशहालीक कामना कएलनि। पहिल सोमवारी पर पहुंचल एहि विशाल आ अनुशासित कांवरिया जत्था सं श्रावणी मेलाक भव्यता मे नव रंग जुड़ि गेल। 155 हाथ लंबगर कांवर कें देखबाक लेल मंदिर परिसर मे श्रद्धालुसभक भीड़ उमड़ि पड़ल। कतेको श्रद्धालु एहि अद्भुत कांवरक संग तस्वीर खिंचबैत आ जत्थाक अनुशासनक प्रशंसा करैत देखल गेलाह। पहिल सोमवारीक अवसर पर ई विशाल कांवरिया जत्था संपूर्ण मेला मे चर्चाक प्रमुख विषय बनल रहल।

# जनता दरबार मे जिलाधिकारी सुनलनि आम लोकक समस्या

## त्वरित निष्पादनक देलनि निर्देश

**समस्तीपुर, समदिया**



जिलाधिकारी रोशन कुशवाहा सोमदिन समाहरणालय स्थित जनता दरबार मे जिलाक विभिन्न प्रखंड सभ सं आएल नागरिकसभक समस्या आ शिकायत कें गंभीरतापूर्वक सुनलनि। जनता दरबार मे भूमि विवाद, राजस्व, सामाजिक सुरक्षा पेंशन, शिक्षा, स्वास्थ्य, विद्युत, पेयजल, सड़क, आवास, अतिक्रमण, पुलिस, आपूर्ति सहित अन्य विभाग सभ सं संबंधित आवेदन प्राप्त भेल। जिलाधिकारी प्रत्येक आवेदकक समस्या कें ध्यानपूर्वक सुनैत संबंधित विभागीय पदाधिकारी सभ कें मामिलासभक त्वरित, निष्पक्ष आ गुणवत्तापूर्ण निष्पादन सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे आम नागरिकसभक समस्याक समयबद्ध समाधान जिला प्रशासनक सर्वोच्च प्राथमिकता अछि। संगहि सभ पदाधिकारी कें संवेदनशीलता आ जवाबदेहीक संग अपन दायित्वक निर्वहन करबाक निर्देश देलनि।जनता दरबारक दौरान कतेको मामिला मे जिलाधिकारी संबंधित पदाधिकारी सभ सं तत्काल दूरभाष पर संपर्क कए आवश्यक कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। शेष आवेदन सभ कें नियमानुसार शीघ्र निष्पादन लेल संबंधित विभाग सभ कें अग्रसारित कएल गेल। एहि अवसर पर संबंधित विभागसभक जिला स्तरीयपदाधिकारी आ कर्मचारी उपस्थित छलाह तथा प्राप्त आवेदनसभक निष्पादनक प्रक्रिया तत्काल आरंभ कएल गेल।

# तारडीह मे 7 अगस्त कें दिव्यांगजनक लेल निःशुल्क सहायता शिविर आयोजित

**तारडीह, समदिया**



प्रखंड विकास पदाधिकारी प्रीति कुमारी द्वारा जारी कार्यालय आदेशक अनुसार श्री भगवान महावीर विकलांग सहायता समिति (बीएमवीएसएस), जयपुर (जयपुर फुट) केर सौजन्य सं आगामी 7 अगस्त 2026 (शुक्र) कें ग्राम पंचायत राज पोहद्दीशामक पंचायत सरकार भवन मे दिव्यांगजनक लेल निःशुल्क सहायता शिविरक आयोजन कएल जाएत। ई शिविर पूर्वाह्न 10 बजे सं अपराह्न 5 बजे धरि चलत। शिविर मे विशेषज्ञ चिकित्सक आ तकनीकी दल दिव्यांगजनक स्वास्थ्य जांच कए हुनका सभकआवश्यकतानुसार निःशुल्क कृत्रिम अंग तथा अन्य सहायक उपकरण उपलब्ध करौताह। शिविर मे जयपुर कृत्रिम पैर, कृत्रिम हाथ, पोलियोग्रस्त रोगी सभ लेल कैलिपर, बैसाखी, वॉकर, रोलेटर, वॉकिंग स्टिक, दृष्टिबाधित व्यक्ति सभ लेल छड़ी, व्हीलचेयर तथा श्रवण यंत्र (कानक मशीन) आदिक निःशुल्क वितरण कएल जाएत। प्रखंड विकास पदाधिकारी प्रीति कुमारी सभ पंचायत सचिव आ विकास मित्र सभ कें अपन- अपन क्षेत्र मे सर्वेक्षण कए दिव्यांगजनक पहचान करबाक निर्देश देने छथि। संगहि, जकरा विशेषउपकरणक आवश्यकता अछि, हुनक सूची 24 घंटाक भीतर प्रखंड कार्यालय मे जमा करबाक निर्देश देल गेल अछि। प्रखंड प्रशासन जनप्रतिनिधि, पंचायत प्रतिनिधि आ आम नागरिक सभ सं अपील केने अछि जे एहि शिविरक व्यापक प्रचार-प्रसार करथि, जाहि सं अधिक सं अधिक दिव्यांगजन एहि सुविधाक लाभ उठासकथि। लाभार्थी सभ सं निर्धारित तिथि आ समय पर शिविर मे उपस्थित भए शिविरक लाभ लेबाकआग्रह कएल गेल अछि।

# जिलाक सभ चापाकल आ नल-जल योजना कें क्रियाशील राखल जाए : श्वेता भारती

**सीतामढ़ी, समदिया**



प्रभारी जिलाधिकारी सुश्री श्वेता भारतीक अध्यक्षता मे समाहरणालय स्थित परिचर्चा भवन मे जिला विकास आ समन्वय समितिक बैसार आयोजित कएल गेल। बैसार मे अपर समाहर्ता संजीव कुमारक संगसभ विभागक जिला स्तरीय पदाधिकारी उपस्थित छलाह, जखन कि अनुमंडल आ प्रखंड स्तरीय पदाधिकारी वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्यम सं जुड़ल छलाह। बैसार मे अनुपस्थित रहबाक कारण बुडकोक कार्यपालक अभियंता आ जिला युवा पदाधिकारी सं स्पष्टीकरण पूछबाक निर्देश देल गेल। आपूर्ति विभागक समीक्षाक क्रम मे जानकारी देल गेल जे नव राशन कार्ड बनाबएक 44,915 केर लक्ष्यक विरुद्ध आबधरि लगभग 109 प्रतिशत उपलब्धि प्राप्त भए चुकल अछि। प्रभारी जिलाधिकारी निर्देश देलनि जे टीबी मुक्त भारत अभियान अंतर्गत निर्धारित लक्ष्य प्राप्तिक लेल सभ प्रखंड विकास पदाधिकारी प्रभारी चिकित्सा पदाधिकारीक संग बैसार कए अद्यतन प्रगतिक समीक्षा करथि। प्रभारी जिलाधिकारी कहलनि जे योजनासभक लाभ समयबद्ध रूप सं लक्षित लाभार्थी सभ धरि पहुंचबाक चाही तथा कार्य मे कोनो प्रकारक शिथिलता स्वीकार्य नहि हएत। ओ प्रखंड विकास पदाधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे प्रखंड स्तरीय विधि-व्यवस्था समन्वय समिति तथा प्रखंड स्तरीय विकास समन्वय समितिक बैसार नियमितरूप सं आयोजित करथि आ बैठकक कार्यवृत्त समय पर जिला मुख्यालय कें उपलब्ध कराबथि। संभावित जल संकटक समीक्षाक क्रम मे उप विकास आयुक्त (डीडीसी) लोक स्वास्थ्य अभियंत्रण विभाग सहित संबंधित विभागसभक पदाधिकारी कें आवश्यक दिशा-निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे जिलाक सभ चापाकलआ नल-जल योजना कें हर हाल मे क्रियाशील राखल जाए तथा खराब जलापूर्ति योजनाक अविलंब मरम्मत सुनिश्चित कएल जाए। संभावित जल संकटग्रस्त क्षेत्रसभक पहचान कए ओतय विशेष निगरानीराखल जाए। प्रभारी जिलाधिकारी शिकायतसभक त्वरित निष्पादन तथा विद्युत विभागक संग समन्वय स्थापित कएनिर्बाध जलापूर्ति सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। ओ सभ प्रखंडक पदाधिकारी सभ कें नियमित क्षेत्र भ्रमण कए स्थितिक निगरानी करबाक तथा कोनो प्रकारक लापरवाही नहि बरतबाक निर्देश देलनि। ओ स्पष्ट कहलनि जे आमजन कें सुरक्षित आ पर्याप्त पेयजल उपलब्ध कराएब प्रशासनक सर्वोच्च प्राथमिकता अछि। ओ निर्देश देलनि जे अपन-अपन क्षेत्र मे पेयजलक उपलब्धता, नल-जल योजनाक कार्यशीलता, कृषि फीडरक माध्यम सं विद्युत आपूर्ति तथा सामान्य विद्युत व्यवस्थाक आकलन कए विस्तृत प्रतिवेदन उपलब्ध कराओल जाए। संगहि आवश्यकतानुसार वैकल्पिक व्यवस्थाक पूर्व तैयारी राखबाक निर्देश सेहो देल गेल। बैसार मे सीमावर्ती बाजार आ पंचायत सभ मे संचालित औषधिदुकानसभक स्टॉक सत्यापन, औषधिक उपलब्धता तथा वैध अनुज्ञप्ति सं संबंधित जांच नियमित रूप सं कराबबाक निर्देश देल गेल। प्रभारी जिलाधिकारी कहलनि जे जनहित सं जुड़ल प्रतिष्ठानसभक निगरानी मे कोनो प्रकारक लापरवाही नहि बरतल जाए। बैसार मे विभिन्न योजनासभक प्रभावी क्रियान्वयन लेल भूमिक उपलब्धता सुनिश्चित करबाक निर्देश सभ अंचलाधिकारी सभ कें देल गेल।

## मालगाड़ी पर चढ़ल युवकक हाईटेंशन तारक चपेट मे आबि मरल

**विद्यापतिनगर, समदिया**

### युवक लेल सेल्फी बनल काल




साओन मासक पहिल सोमवारी पर बाबा भोलेनाथक जलाभिषेक आ दर्शन कए घुरैत एक युवकक अल्प लापरवाही जानलेवा सिद्ध भेल। पूर्व मध्य रेलक हाजीपुर–बछवाड़ा रेलखंड अंतर्गत विद्यापतिधाम रेलवे स्टेशन पर सोमदिन दिउंस मालगाड़ी पर चढ़ि सेल्फी लेबाक प्रयासक दौरान युवक हाईटेंशन ओवरहेड विद्युत तारक चपेट मे आबि गेल। जोरदार धमाकाक संग घटनास्थल परहि हुनक मृत्यु भए गेल। मृतकक पहचान विद्यापतिनगर थाना क्षेत्रक गढ़सिसई पंचायतक वार्ड संख्या-1 निवासी अशरफी महतोक पुत्र राम कृपाल महतो (44) केर रूप मे भ ल अछि। स्वजनसभक अनुसार राम कृपाल महतो अपन पत्नीक संगपहिल सोमवारी पर बाबा उगना महादेव मंदिर मे जलाभिषेक आ दर्शन करबाक लेल आएल छलाह। दर्शनक उपरांत हुनक पत्नी मंदिर मे पूजा-अर्चना मे व्यस्त रहलीह, जखन कि राम कृपाल महतो रेलवे स्टेशन दिस चलि गेलाह। प्रत्यक्षदर्शीसभक अनुसार प्लेटफॉर्म संख्या-3 पर ठाढ़ मालगाड़ी पर चढ़ि राम कृपाल महतो सेल्फी लए रहल छलाह। एही क्रम मे हुनक माथक ऊपर सं गुजरि रहल 25 हजार वोल्टकओवरहेड विद्युत तारक चपेट मे आबि गेलाह। जोरदार धमाकाक संग हुनक शरीर गंभीर रूप सं झुलसिगेल आ घटनास्थल परहि हुनक मृत्यु भए गेल। घटनाक बाद स्टेशन परिसर मे अफरा-तफरी मचि गेल।पहिल सोमवारीक कारण स्टेशन आ मंदिर परिसर मे श्रद्धालुसभक भारी भीड़ छल। धमाकाक आवाज सुनिते लोक सभ घटनास्थल दिस दौड़ल, मुदा ताबे युवकक मृत्यु भए चुकल छल। घटनाक समय मृतकक पत्नी मंदिर मे पूजा-अर्चना कए रहल छलीह। दुर्घटनाक सूचना भेटिते ओ स्टेशन पहुंचलथि। पतिक शव देखिते ओ विलाप करऽ लगलीह। स्वजनसभक करुण क्रंदन सं संपूर्ण स्टेशन परिसर शोकमय भए गेल। पुलिस आमजन सं अपील केने अछि जे रेलवे परिसर मे ठाढ़ मालगाड़ी अथवा कोनो रेल डिब्बा पर चढ़ि सेल्फी लेबाक अथवा वीडियो बनेबाक जोखिमपूर्ण प्रयास कदापि नहि करथि। ओवरहेड हाईटेंशन विद्युत तारक संपर्क मे एला सं किछुए सेकेंड मे जीवन समाप्त भए सकैत अछि।

# रूपौली पंचायत मे अल्पसंख्यक आवासीय विद्यालय लेल भूमिक स्वीकृति

**समस्तीपुर, समदिया**



उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरीक पहल पर समस्तीपुर जिलाक रूपौली पंचायत अंतर्गत गोहदा मे अल्पसंख्यक आवासीय विद्यालयक स्थापना लेल भूमिक स्वीकृति प्राप्त भए गेल अछि। एहि निर्णय कें क्षेत्र मे अल्पसंख्यक समुदायक शिक्षा आ सामाजिक विकासक दिशा मे एक महत्वपूर्ण कदम मानल जा रहल अछि। विद्यालय लेल प्रस्तावित भूमिक निरीक्षण बिहार राज्य अल्पसंख्यक आयोगक उपाध्यक्ष मौलाना उमर नूरानीक नेतृत्व मे कएल गेल। निरीक्षण दल मे समस्तीपुरक जिला अल्पसंख्यक कल्याण पदाधिकारी रजनीश कुमार, बिहार मदरसा बोर्डक सदस्य मौलाना इज़हार, आता उर रहमान, अनस रिजवान तथा दानिश इकबाल सेहो शामिल छलाह। निरीक्षणक दौरान पदाधिकारी आ प्रतिनिधि सभ स्थल निरीक्षण कए विद्यालय निर्माण सं संबंधित आवश्यक पक्षसभक जायजा लेलनि। स्थानीय लोकसभक मानब अछि जे अल्पसंख्यक आवासीय विद्यालयक स्थापना भेला सं क्षेत्रक छात्र-छात्रा सभ कें गुणवत्तापूर्ण शिक्षाक नीक अवसर उपलब्ध होयत तथा शिक्षाक क्षेत्र मे नव संभावनाक विस्तार होएत।उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी कें अल्पसंख्यक समुदायक विकास आ कल्याणप्रति संवेदनशील मानलजाइत अछि। एहि पूर्व सेहो हुनक प्रयास सं क्षेत्र मे मेडिकल कॉलेज, बीआरसी शिक्षक प्रशिक्षण महाविद्यालय, जलमीनार तथा सामुदायिक भवन जकां कतेको महत्वपूर्ण विकास परियोजनाक निर्माणकएल जा चुकल अछि। आब अल्पसंख्यक आवासीय विद्यालय लेल भूमिक स्वीकृति कें सेहो क्षेत्रक समग्रविकासक दिशा मे एक महत्वपूर्ण उपलब्धिक रूप मे देखल जा रहल अछि।

# नागपंचमी पर उमड़ल विषहरी माताक दरबार मे श्रद्धालुसभक भीड़

**शिवाजीनगर, समदिया**



शिवाजीनगर प्रखंड अंतर्गत सोमदिन नागपंचमीक पर्व पूर्ण श्रद्धा, उल्लास आ पारंपरिक उत्साहक संग मनाओल गेल। प्रखंडक विभिन्न गाम आ विषहरी स्थान सभ पर भोरसंहि श्रद्धालुसभक भीड़ लागलरहल। श्रद्धालु सभ विधि-विधान सं माता विषहरीक पूजा-अर्चना कए झाप, दूध, लावा तथा अन्य पूजासामग्री अर्पित कएलनि आ परिवारक सुख-समृद्धि, उत्तम स्वास्थ्य तथा सर्पदंश सं रक्षाक कामना कएलनि। दिनभर मंदिर परिसर माताक जयघोष आ भक्ति गीत सं गुंजायमान रहल, जाहि सं संपूर्ण वातावरण भक्तिमय बनल रहल। शिवाजीनगर थाना क्षेत्रक सरहिला, कांकर, मल्हीपाकर, शिवराम, कोलहट्टा, गायघाट आ भटौरा विषहरी स्थानसभक अतिरिक्त हथौड़ी थाना क्षेत्रक हरिहरपुर लालपुर आ मेघपट्टी मे श्रद्धालुसभक भारी भीड़ उमड़ल। दूर-दराजक गाम सभ सं सेहो पैघ संख्या मे लोक परिवारक संग पूजा-अर्चना लेल पहुंचलाह। कतेको श्रद्धालु पारंपरिक मान्यताक अनुरूप मनौती माङ्गि माताक दरबार मे शीश नवौलनि। महिलासभ, युवा सभ आ बच्चासभक उल्लेखनीय सहभागिता सं पर्वक भव्यता आरो बढ़ि गेल। नागपंचमीक अवसर पर कतेको स्थान पर भव्य मेलाक आयोजन कएल गेल, जतय दिनभर लोकसभक चहल-पहल बनल रहल। मेला मे बच्चा सभ लेल झूला, नाव झूला, टावर झूला, खिलौना, मिष्ठान्न, श्रृंगार सामग्री तथा घरेलू उपयोगक वस्तुक दोकान सभ पर लोकसभक भीड़ लागल रहल। ग्रामीण परिवेशकपारंपरिक संस्कृति सेहो मेला मे जीवंत रूप मे देखबा मे आयल। कांकर, मल्हीपाकर तथा हरिहरपुर लालपुर मे आयोजित आल्हा-रुदल नाच लोकसभक विशेष आकर्षणक केंद्र रहल। देर सांझ धरि एहि सांस्कृतिक कार्यक्रम सभ कें देखबाक लेल पैघ संख्या मे दर्शक सभ जुटलरहलाह। पर्व कें शांतिपूर्ण आ सुव्यवस्थित ढंग सं संपन्न करबाक लेल प्रशासन पूर्ण रूप सं सतर्क रहल।शिवाजीनगर थानाध्यक्ष रविंद्र कुमार तथा हथौड़ी थानाध्यक्ष मौसिम अपन-अपन थाना क्षेत्र मे पुलिस बलक संग निरंतर गश्त करैत रहलाह आ मेलाक गतिविधि सभ पर पैघ नजरि रखने छलाह। प्रमुख पूजा

स्थल सभ आ मेला परिसर मे सुरक्षाक पर्याप्त व्यवस्था कएल गेल छल, जाहि सं श्रद्धालु सभ निडर भए पूजा-अर्चना आ मेलाक आनंद उठौलनि। थानाध्यक्ष रविंद्र कुमार जनौलनि जे एहि वर्ष माता विषहरी पूजाक अवसर पर थाना क्षेत्र मे कतहु सांप, बिच्छू अथवा अन्य वन्यजीवक प्रदर्शन नहि कएल गेल। ओ कहलनि जे वन्यजीव संरक्षण सं संबंधित निर्देशसभक पूजा समिति सभ आ ग्रामीण सभ गंभीरतापूर्वक पालन केने छथि। एहिलेल ओ सभ पूजा समिति, ग्रामीण आ श्रद्धालु सभ कें धन्यवाद आ साधुवाद देलनि।

# पहिल सोमवारी पर देवघर मे उमड़ल आस्थाक सैलाब, 5 किलोमीटर लंबा कांवरिया सभक लाइन

## 'हर-हर महादेव' सं गूंजल पूरा धाम

**देवघर,समदिया**

द्वादश ज्योतिर्लिंग सभ मे शामिल बाबा बैद्यनाथ धाम मे साओनक पहिल सोमवारी पर आस्थाक जनसैलाब उमड़ि पड़ल अछि। विश्वप्रसिद्ध राजकीय श्रावणी मेलाक दौरान देशक कोना-कोना सं आएल लाखो कांवरिया सभ आधा रातिसं कतार मे ठाढ़ भए जलार्पण कए रहल छथि। कांवरिया सभक कतार लगभग 5 किलोमीटर लंबा भए चुकल अछि। बाबा मंदिर मे जलार्पणक सिलसिला लगातार जारी अछि। मात्र बाबा मंदिर परिसर नहि, बल्कि पूरा देवघर शहर



'हर-हर महादेव' आ 'बोल बम' क जयघोष सं गूंजि रहल अछि। जिला प्रशासनक अनुमान अछि जे आइ लगभग ढाइ लाख श्रद्धालु बाबा बैद्यनाथ कें जल अर्पित करताह।108 किलोमीटरक कठिन यात्रा पूरा कए पहुंचलाह कांवरिया सभसुल्तानगंजक उत्तरवाहिनी गंगा सं पवित्र जल लए कए लगभग 108 किलोमीटरक कठिन पैदल यात्रा पूराकए कांवरिया सभ देवघर पहुंचल छथि। श्रद्धालु सभ नंदन पहाड़, बरमसिया बीएड कॉलेज, तिवारी चौक, शिवराम झा चौक, नेहरू पार्क, मानसरोवर क्यू कॉम्प्लेक्स आ फुट ओवर ब्रिज होइत संस्कार भवन मार्ग सं मंदिर दिस बढ़ि रहल छथि।भीड़ कें नियंत्रित करबाक आ सुगम जलार्पण सुनिश्चित करबाक लेल मंदिरक गर्भगृहक बाहर अरघाक व्यवस्था कएल गेल अछि, जाहि सं श्रद्धालु सभ बाहरहि सं जल अर्पित कए रहल छथि। ओतहि मंदिर परिसरक बाहर बाह्य अरघाक सुविधा सेहो उपलब्ध कराओल गेल अछि, जाहि सं बुजुर्ग, दिव्यांग आ लंबा कतार मे ठाढ़ होए मे असमर्थ श्रद्धालु सभ कें राहति भेटि रहल अछि। सरदारी पूजाक बाद शुरू भेल जलार्पण पहिल सोमवारी कें लए कए जिला प्रशासन पूरा तरहे सतर्क अछि। मेला क्षेत्र आ कांवरिया पथ पर लगातार निगरानी राखल जा रहल अछि। जिला प्रशासनक अनुसार आइ लगभग ढाइ लाख कांवरिया सभक देवघर पहुंचबाक संभावना अछि। श्रद्धालु सभक सुरक्षा आ सुविधाक लेल सभ आवश्यक व्यवस्था पहिनेसं पूरा कए लेल गेल अछि। परंपराक अनुसार सोम दिन भोर लगभग 3 बजे मंदिरक पट खोलल गेल। कांचा जल पूजाक बाद सरदार पंडाक द्वारा विधिवत सरदारी पूजा संपन्न कएल गेल। भोर लगभग 4:15 बजे आम श्रद्धालु सभ लेल दर्शन शुरू भेल। सरदार पंडा बतौलनि जे सोमवारीक दिन गंगाजल आ बेलपत्र अर्पित करबा सं अश्वमेध यज्ञक समान पुण्य प्राप्त होइत अछि। एही कारण पहिल सोमवारी पर बाबा धाम मे आस्था, भक्ति आ उत्साहक अद्भुतसंगम देखए कें भेटि रहल अछि। गेंदा, गुलाब आ नीली रोजमेरी सं सजाओल गेल मंदिर पहिल सोमवारीक अवसर पर बाबा मंदिर कें आकर्षक ढंग सं सजाओल गेल अछि। मंदिर प्रशासन पश्चिम बंगाल सं विशेष प्रकारक फूल आ बेलपत्र मंगौने अछि। एहि फूल सभ सं मंदिरक शिखर, मुख्य द्वार आपूरा परिसर कें भव्य स्वरूप देल गेल अछि। मंदिर प्रभारी प्रबंधक रमेश परिहार बतौलनि जे पहिल सोमवारी कें ध्यान मे रखैत मंदिर कें भव्य आ आकर्षक रूप देबाक विशेष तैयारी कएल गेल अछि। सजावटक काज मे लागल माली बतौलनि जे हुनक टीम पछिला 2 दिन सं लगातार काज कए रहल अछि। एहि बेर गेंदा, गुलाब, नीली रोजमेरी आ आन सुगंधित फूल सभक उपयोग कएल गेल अछि। भीड़ प्रबंधन लेल विशेष व्यवस्था भीड़ प्रबंधन कें ध्यान मे रखैत रवि आ सोम दिन शीघ्र दर्शनम कूपनक सुविधा बंद राखल गेल अछि। एहि सं श्रद्धालु सभ एकहि कतार मे व्यवस्थित रूप सं दर्शन आ जलार्पण कए सकताह। जिला प्रशासनक दिस सं सुरक्षा व्यवस्था लेल व्यापक प्रबंध कएल गेल अछि। मंदिर परिसर, आसपासक क्षेत्र आ प्रमुख मार्ग सभ पर पैघ संख्यामे पुलिस बल तैनात कएल गेल अछि। श्रद्धालु सभ कें कतारबद्ध ढंग सं मंदिर धरि पहुंचेबाक लेल पुलिसकर्मी आ प्रशासनिक अधिकारी 24 घंटा मुस्तैद छथि।

# हजारीबाग मे खास महलक भूमि सं अतिक्रमण हटाओल गेल

## 58 डिसमिल सरकारी भूमि पर बनल अस्थायी बाउंड्री जेसीबी सं ध्वस्त

**हजारीबाग,समदिया**

हजारीबाग जिलाक सदर प्रखंड अंतर्गत हुड़हुड़ू रोड स्थित कोर्रा कैंटोनमेंट क्षेत्र मे खास महलक 58 डिसमिल सरकारी भूमिसं सोम दिन अतिक्रमण हटाओल गेल। प्रशासन जेसीबीक सहायता सं ई कारबाइकएलक।उपायुक्तक निर्देश पर सदर अंचलाधिकारी आशुतोष कुमारक नेतृत्व मे अभियान चलाओल गेल, जाहि मे बड़ा बाजार थाना प्रभारी मुकेश रजक पुलिस बलक संग उपस्थित छलाह। कारबाइक दौरान भूमि परबनाओल गेल झाड़-फूसक अस्थायी बाउंड्री ध्वस्त कए देल गेल। एहि भूमि कें लए कए कतेको दिन सं चलि रहल छल विवादप्रशासनक अनुसार, होल्डिंग संख्या-302 बला ई भूमि खास महलक संपत्ति अछि। किछु लोक एहि पर अवैध कब्जा करबाक प्रयास कए रहल छलाह।



एहि भूमि कें लए कए कतेको दिन सं विवाद चलि रहल छल। सूचना भेटलाक बाद प्रशासन घटनास्थल पर पहुंचि अतिक्रमण हटेबाक कारबाइ कएलक। सदर अंचलाधिकारी आशुतोष कुमार बतौलनि जे अतिक्रमणकारी सभ झाड़-फूस आ गाछ-पौधा लगा भीतर निर्माण काजक तैयारी कए रहल छलाह। एकरा रोकबाक लेल

### » प्रशासन देलक चेतावनी

प्रशासन ई कारबाइ कएलक। ओ ईहो बतौलनि जे आयुक्त स्तर सं एहि भूमि कें सरकारक नाम पर फेर सं दर्ज (रिज्यूम) करबाक प्रक्रियाक अंतर्गत अभिलेख पठा देल गेल अछि। एहि मामिला मे बड़ा बाजार थाना मे कांड संख्या 489/2023 पहिनेसंदर्ज अछि। अतिक्रमणमुक्त करबाक लेल लगातार चलत अभियान अंचलाधिकारी आशुतोष कुमार स्पष्ट कहलनि जे सरकारी भूमि पर कोनो प्रकारक अवैध कब्जा सहन नहि कएल जाएत। हुनका अनुसार, वरीय अधिकारी सभक निर्देश पर सरकारी भूमि कें अतिक्रमणमुक्त करबाक लेल लगातार अभियान चलाओल जाएत आ विधिसम्मत कारबाइ सुनिश्चित कएल जाएत। ओ अतिक्रमणकारी सभ कें चेतावनी दैत कहलनि जे एहन सभ लोकक पहचान कए हुनका सभक विरुद्ध कड़ा कानूनी कारबाइ कएल जाएत। उल्लेखनीय अछि जे वर्ष 2023 मे सेहो ई भूमि विवाद मे रहल छल। ओहि समय किछु लोक टीन शेड लगा अस्थायी घेराबंदी कए कब्जाक प्रयास कएने छलाह, जाहि कें तत्कालीन अंचलाधिकारी शशि भूषण सिंहहटबा देलनि। 23 नवंबर 2023 कें हुनका बड़ा बाजार थाना मे अज्ञात लोक सभक विरुद्ध प्राथमिकी दर्ज करौने छलाह। आब फेर एहि भूमिपर अवैध कब्जाक प्रयास सामने आबलाक बाद प्रशासन कड़ा रुख अपनबैत अतिक्रमण हटेबाक कारबाइ कएने अछि।

# जेल भरो आंदोलन कें सफल बनेबाक लेल संयुक्त किसान मोर्चाक बैठक

**बोकारो,समदिया**

संयुक्त किसान मोर्चा आ विभिन्न मजदूर यूनियन सभक बैठक सेक्टर-8 स्थित कालीबाड़ी मे मजदूर नेता डीसी गोहाइक अध्यक्षतामे सम्पन्न भेल। बैठकक संचालन ऑल इंडिया किसान खेत मजदूर संगठनक झारखंड राज्य सचिव कुमुद महतो कएलनि।बैठक मे अमेरिका-भारत मुक्त व्यापार समझौता, न्यूनतम समर्थन मूल्यक कानूनी गारंटी आ चारि लेबर कोड वापस लेबाक मांग कें लए कए 10 अगस्त कें प्रस्तावित जेल भरो आंदोलन कें सफल बनेबाक निर्णयलेल गेल। बैठक मे कहल गेल जे आंदोलनक अंतर्गत किसान सभ आ मजदूर सभ गरगा पुल पर एकत्रित होयताह आ ओतहि सं सामूहिक गिरफ्तारी देताह। अधिक




सं अधिक किसान सभ आ मजदूर सभ सं आंदोलन मे शामिल होएबाक आह्वान कएल गेल।एकरा संगहि 15 नवंबर कें मजदूर मैदान मे किसान महापंचायतक आयोजन करबाक निर्णय सेहो लेल गेल। बैठक मे किसान सभाक प्रदेश उपाध्यक्ष पंचानन महतो, किसान संग्राम समितिक जिलाध्यक्ष गयाराम शर्मा, खेत मजदूर संगठनक जिलाध्यक्ष ध्युजटी घोष, दिवाकर महतो, विश्वनाथ बनर्जी, राजकुमार गोराई, रामाधार सिंह, राजू रजवार, हरिपद महतो, एमपी मंडल, संतोष गोप, रामावतार शर्मा, बीरेंद्र झा, महेंद्र महली, सुभाष रविदास, राजू शाह, शिवनाथ राय, राजू कुमार, पलटू उरांव, अजय कुमार, पंकज कुमार आ राकेश रंजन सहित आन लोक उपस्थित छलाह।

# तीन राज्य मे 4 दिन चलल आयकर विभागक छापेमारी समाप्त

## 350 करोड़ रुपैयाक हिसाब नहि दए सकल रामकृपाल सिंह कंस्ट्रक्शन

**रांची,समदिया**

निर्माण क्षेत्रक प्रमुख कंपनी मेसर्स रामकृपाल सिंह कंस्ट्रक्शन प्राइवेट लिमिटेड आ एकर 10 सहयोगी कंपनी सभक ठिकाना पर आयकर विभाग (अनुसंधान शाखा)क 4 दिन सं चलि रहल व्यापक छापेमारी रवि दिन समाप्त भए गेल। झारखंड, बिहार आ हरियाणा मे चलल एहि कारबाइ मे विभाग कें लगभग 350 करोड़ रुपैयाक वित्तीय अनियमितताक जानकारी भेटल अछि, जाहिक कोनो हिसाब कंपनी प्रबंधन नहि दए सकल। एकरा अतिरिक्त आयकर विभागक टीम कें 50 करोड़ रुपैयाक हवाला ट्रांजेक्शनक प्रमाण सेहो भेटल अछि। एहि आधार पर विभाग आब कंपनी पर पेनाल्टी लगाबाक तैयारी मे अछि। छापेमारीक दौरान भेटल व्हाट्सएप चैट आ डिजिटल साक्ष्य सभ सं हवालाक माध्यम सं रुपैयाक लेन-देनक खुलासा भेल अछि। रांची सं लए कए गुरुग्राम धरि चलल कारबाइ ई पूरा कारबाइ झारखंडक रांची (कचहरी रोड स्थित पंचवटी प्लाजा, फ्लैट 702), बिहारक बेगूसराय (कृष्णा नगर कार्यालय) आ हरियाणाक गुरुग्राम (सेक्टर-54, सनसिटी शॉपिंग आर्केड) स्थित कॉरपोरेट कार्यालयसहित आन ठिकाना सभ पर 200 सं बेसी अधिकारी आ सुरक्षाकर्मी सभक उपस्थितिमे कएल गेल। एहि जांचक दायरामे मेसर्स रामकृपाल सिंह कंस्ट्रक्शन (आरकेएससी)क अतिरिक्त



आयुष श्रेयस प्रॉपर्टी प्राइवेट लिमिटेड, आरकेएससीपीएल इंफ्रा प्राइवेट लिमिटेड आ आरकेएससीपीएल प्रोजेक्ट प्राइवेट लिमिटेड जकां सहयोगी कंपनी सभ सेहो शामिल अछि। ई सभ कंपनी राष्ट्रीय राजमार्ग प्राधिकरणक अधीन सड़क, स्टेडियम, पुल-पुलिया, आवासीय परिसर आ खनन क्षेत्र मे काज करैत अछि। आब की होयतआयकर विभाग 350 करोड़ रुपैयाक कथित बेहिसाबी राशि आ कर चोरीक आधार पर कंपनी कें कारण बताउ नोटिस जारी कए सकैत अछि। एकरा संग आयकर अधिनियमक धारा 271(1)(c)क अंतर्गत टैक्स डिमांड, भारी पेनाल्टी आ ब्याजक नोटिस सेहो जारी कएल जा सकैत अछि। हवालाक मामिला सं जुड़ल रिपोर्ट आगूक दंडात्मक कारबाइक लेल संबंधित एजेंसी कें पठाओल जा सकैत अछि।

# श्रद्धा आ उल्लासक संग मिथिलाक प्रसिद्ध पावनि मधुश्रावणी शुरू

**बोकारो,समदिया**

सावन मास मे पावनि-त्योहार सभक धूम रहैत अछि। मिथिला मे नवविवाहित जोड़ी सभक लेल एहि मासक विशेष महत्व अछि। मिथिला क्षेत्र मे एहि मास नवविवाहिता महिला सभ मधुश्रावणी पावनिमनबैत छथि। एहि वर्ष सोम दिन, 3 अगस्तक मौना पंचमीक अवसर पर पूजन कार्यक्रम सं मधुश्रावणी पूजनक शुरुआत भेल, जखनकि एकर समापन शनि दिन, 15 अगस्त कें होयत। सावन कृष्ण पक्षक पंचमी तिथि सं मधुश्रावणी पावनिक शुरुआत होइत अछि। एहि पावनिक प्रारंभ पंचमीक दिन विधिपूर्वक भगवान शिव, माता पार्वती आ नाग देवताक पूजा-अर्चना सं होइत अछि। नवविवाहिता मैथिल ललना सभ अपन सुहागक रक्षाक कामनासं ई पूजा करैत छथि।एहि पावनिक लेल नवविवाहिता कें



सासुर सं पूजन सामग्री पठाओल जाइत अछि। एहि दौराननवविवाहिता सासुर सं आएल अन्न, मिष्टान्न आ आन खाद्य सामग्री कें भोजनक रूप मे ग्रहण करैत छथि। मधुश्रावणी पूजनक अवसर पर मैथिलानी सभक भक्ति गीत सं पूरा वातावरण भक्तिमय भए जाइत अछि। समापनक दिन नवविवाहिता सभ सासुर सं आएल नव साड़ी, गहना आ शृंगारक सामान सं सुसज्जित भए पूजा मे बैसैत छथि। हुनका संग हुनक पति सेहो पूजा मे शामिल होइत छथि। एहि अवसर पर टेमी दागबाक परंपरा सेहो निर्वाह कएल जाइत अछि। पूजनक समस्त विधि महिला पंडितक द्वारा संपन्न कराओल जाइत अछि। मधुश्रावणी पूजनक समापनक अवसर पर कुटुंब, मित्र आ संबंधी सभ कें विशेष पकवान परसल जाइत अछि, जाहि सं पावनिक उल्लास आरो बढ़ि जाइत अछि।

# निःशुल्क स्वास्थ्य शिविर मे 50 लोक लाभान्वित

**लोहरदगा,समदिया**

जिला सेवा भारतीक द्वारा रवि दिन चुन्नीलाल स्कूल परिसर मे 216म निःशुल्क स्वास्थ्य आ चिकित्साशिविरक आयोजन कएल गेल। एहि अवसर पर जिला अध्यक्ष दीपक सर्राफ, डॉ. कुमुद अग्रवाल, उपाध्यक्ष अवधेश मित्तल आ सचिव संजय चौधरी भारत माताक चित्र पर दीप प्रज्वलित कए पुष्प अर्पित कएलनि। एकरा बाद वंदे मातरम् आ भारत माता की जयक जयघोष कएल गेल। तत्पश्चात शुभम कुमार साहूकआत्माक शांतिक लेल एक मिनटक मौन राखि ईश्वर सं प्रार्थना कएल गेल।शिविर मे 50 लोक स्वास्थ्य जांच आ चिकित्सकीय परामर्शक लाभ लेलनि। एहि दौरान हीमोग्लोबिन, यूरिक एसिड, ब्लड ग्रुप, ब्लड शुगर, बीपी, वजन, हार्टबीट आ ऑक्सीजन लेवल जकां आवश्यक जांच निःशुल्क कएल गेल। एकरा अतिरिक्त आन जटिल स्वास्थ्य जांच आधा खर्च पर उपलब्ध कराओल जाइत अछि। जिला अध्यक्ष दीपक सर्राफ कहलनि जे जरूरतमंद आ असहाय लोक सभ कें अधिक सं अधिक सेवा उपलब्ध करेनाइ सभक उद्देश्य अछि। डॉ. कुमुद अग्रवाल कहलनि जे वर्तमान मौसिम मे स्वास्थ्यक प्रति सजग रहनाइ अत्यंत आवश्यक अछि। एहि अवसर पर गुप्तेश्वर प्रसाद गुप्ता, अतुल सर्राफ, अंजलि सर्राफ, मीना देवी, तबरेज आलम, बिणा उरांव, रामकुमारी देवी, बसंती देवी, शांति देवी, विनिता देवी, बिंदेश्वरी प्रसाद, बिरसा उरांव, अनुप महतो, प्रदीप उरांव, सुमित्र देवी, सतयेंद्र दुबे, सचिता अग्रवाल, कौशलया देवी, हरी उरांव, संजय महतो, रामप्रसाद कास्यंकार, रामजी प्रसाद, कृष्ण प्रसाद, रामव भगत, सुमिरन केरकेट्टा, उदय कास्यंकार, लाली देवी, मेरी देवी, विजय कुमार सहित आन लोक उपस्थित छलाह।

# एचईसी ट्रेनिंग इंस्टीट्यूट फेर सं खुलबाक उम्मीद, झारखंडक युवा सभ कें भेटत लाभ

**रांची,समदिया**

झारखंडक युवा सभ लेल एचईसी ट्रेनिंग इंस्टीट्यूट (एचटीआई) कें फेर सं शुरू करबाक कवायद तेज भए गेल अछि। तकनीकी शिक्षाक प्रमुख केंद्र रहल एहि संस्थानक संबद्धता बहाल करबाक प्रस्ताव आब एचईसीक बोर्ड ऑफ डायरेक्टर्सक बैठक मे राखल जाएत। नेशनल काउंसिल फॉर वोकेशनल ट्रेनिंग (एनसीवीटी) सं डिफिलिएट भए चुकल एचटीआईक संबद्धता फेर सं बहाल करबाक प्रस्ताव बोर्डक मंजूरी लेल प्रस्तुत कएल जाएत। बोर्डक स्वीकृति भेटलाक बादप्रबंधन एनसीवीटी कें पत्र पठा संस्थानक संबद्धता फेर सं बहाल करबाक आग्रह करत। जं प्रस्ताव स्वीकृत भए जाइत अछि, तं लंबे समय सं बंद पड़ल एहि संस्थान मे फेर सं तकनीकी प्रशिक्षण शुरू होएबाक संभावना बढ़त, जाहि सं राज्यक सैकड़ो युवा सभ कें लाभ भेटत। एचईसीक सूत्र सभक अनुसार, प्रबंधन बोर्डक समक्ष ईहो प्रस्ताव राखत जे एचटीआई मात्र प्रशिक्षण संस्थान नहि, बल्कि



कंपनी लेल भविष्य मे कुशल मानव संसाधन तैयार करबाक आ आय बढ़ेबाक महत्वपूर्ण माध्यम भए सकैत अछि।संस्थान कें फेर सं संचालित करबाक लेल बाहरी एजेंसीक सेवा लेबाक विकल्प पर सेहो विचार कएल जारहल अछि। मुदा प्रबंधनक वरीय अधिकारी सभ एखन एहि विषय पर खुलि कए किछु कहए सं बचि रहलछथि। हुनक कहब अछि जे अंतिम निर्णय बोर्ड ऑफ डायरेक्टर्सक बैठक मे लेल जाएत। एचईसीक अधिकारी सभक अनुसार, कंपनीक कमजोर आर्थिक स्थितिक कारण पछिला कतेको वर्ष मे संस्थानक संचालन प्रभावित भेल। मुदा जं बोर्ड सं मंजूरी भेटैत अछि, तं एनसीवीटी सं संबद्धता बहाल करबाक औपचारिक प्रक्रिया शुरू कएल जाएत। एकर बाद संस्थान कें नव स्वरूप मे फेर सं शुरू करबाक दिशामे ठोस कदम उठाओल जाएत। एहन स्थिति मे आब झारखंडक युवा सभक नजरि एचईसी बोर्डक बैठक पर टिकल अछि, जतए लेल जाएबला निर्णय राज्यक तकनीकी प्रशिक्षणक भविष्य तय करत। दरअसल, एचईसीक आर्थिक संकटक सबसं पैघ असरि एकर प्रशिक्षण संस्थान पर पड़ल। लगातार वित्तीय समस्याक कारण एचटीआईक संचालन प्रभावित होइत गेल आ वर्ष 2022-23 सं एतय नव नामांकन पूरा तरहे बंद भए गेल। एकर बाद एनसीवीटी पहिने कोपा आ वेल्डर ट्रेडक संबद्धता समाप्त कएलक। आब इलेक्ट्रिशियन, फीटर आ मशीनिस्ट ट्रेडक संबद्धता सेहो समाप्त कए देल गेल अछि। एकर परिणामस्वरूप संस्थान मे संचालित सभ 5 ट्रेड बंद भए गेल आ एचटीआई मे ताला लागि गेल। एचईसी प्रबंधन एतय आईटीआईक अंतर्गत इलेक्ट्रिशियन, फीटर, मशीनिस्ट (2 वर्षीय) आ कोपा तथा वेल्डर (1 वर्षीय) ट्रेडक संचालन करैत छल। वर्तमान मे संस्थान मे मात्र 2 कर्मचारी तैनात छथि, जे कार्यालय आ अभिलेख सभक देखरेख कए रहल छथि। एखन कोनो ट्रेड मे नामांकन नहि भए रहल अछि।एक समय एचटीआई झारखंड मे औद्योगिक प्रशिक्षणक प्रमुख केंद्र मानल जाइत छल। एतय 2 शिफ्ट मे प्रशिक्षण चलैत छल। प्रत्येक ट्रेड मे दुनू शिफ्ट मिला कए 40 प्रशिक्षु सभ कें प्रशिक्षण देल जाइत छल। सभ 5 ट्रेड मे प्रत्येक वर्ष लगभग 200 छात्र नामांकन लैत छलाह। एतय सं प्रशिक्षण प्राप्त युवा सभ कें एचईसीक अतिरिक्त देशक कतेको पैघ औद्योगिक कंपनी सभ मे रोजगार भेटैत छल। कतेको प्रशिक्षु विदेश मे सेहो अपन सेवा दए रहल छथि। एहन संस्थानक बंद भेनाइ मात्र एचईसी लेल नहि, बल्किराज्यक तकनीकी शिक्षा व्यवस्थाक लेल सेहो पैघ झटका मानल जा रहल अछि। सूत्र सभक अनुसार, बोर्डक बैठक मे ईहो बताओल जाएत जे एचटीआई कें पुनर्जीवित कए एचईसी युवा सभ कें रोजगारमुखी प्रशिक्षण उपलब्ध करा सकैत अछि। एकरा संगहि भविष्य मे विभिन्न उद्योग सभकआवश्यकताक अनुरूप कुशल तकनीशियन तैयार कए अपन आय सेहो बढ़ा सकैत अछि। एही कारण प्रबंधन संबद्धता बहाली कें प्राथमिकता दए रहल अछि। एहि बीच बंद पड़ल संस्थानक सुरक्षा सेहो चिंताक विषय बनल अछि। कर्मचारी सभक अनुसार, एचटीआई परिसर सं कतेको महत्वपूर्ण उपकरण चोरी भए चुकल अछि। संस्थान लेल लगाओल गेल ट्रांसफॉर्मर धरि गायब भए गेल अछि। मशीन सभ मे लागल मोटर आ आन उपकरण सेहो लगातार चोरी भए रहल अछि। आब लेथ मशीन सभक पुर्जा धरि गायब होमए लागल अछि। जं समय रहिते संस्थान कें फेर सं शुरू करबाक आ सुरक्षा व्यवस्था मजबूत करबाक दिशामे कदम नहि उठाओल गेल, तं परिसर मे लागल 150 सं बेसी छोट-पैघ मशीन सभक चोरी होएबाक आशंका अछि।

# चतरा मे बिहार पठाओल जा रहल 16 लाख रुपैयाक शराब जब्त

**चतरा,समदिया**

चतरा पुलिस बिहार पठाओल जा रहल लगभग 16 लाख रुपैयाक 3700 बोतल विदेशी शराब जब्त कएने अछि। पुलिस टीम कें पिचबाक प्रयासक बाद पीछा केलापर तस्करक ट्रक दुर्घटनाग्रस्त भए गेल। चतरा पुलिस अवैध शराब तस्कर सभक विरुद्ध पैघ कारबाइ करैत लगभग 16 लाख रुपैयाक मूल्यक3700 बोतल विदेशी शराब बरामद कएलक। ई शराबक खेप ट्रक मे धानक भूसा तर लुका कए बिहार तस्करी लेल लए जाएल जा रहल छल।कारबाइक दौरान तस्कर सभ पुलिस टीम कें कुचलबाक प्रयास कएलक, मुदा पुलिसक सतर्कतासं पैघदुर्घटना टलि गेल। पुलिसक पीछा करलाक बाद ट्रक अनियंत्रित भए सड़कक कात पलटि गेल, जखनकि चालक घटनास्थल सं फरार भए गेल। पुलिस आब ट्रकक निबंधन संख्या आ आन साक्ष्यक आधार पर पूरा तस्करी नेटवर्ककजांच मे जुटल अछि। सोम दिन सदर थाना मे आयोजित प्रेस वार्ता मे एसडीपीओ सन्नी वर्धन बतौलनि जे पुलिस अधीक्षक अनिमेष नैथानी कें सूचना



भेटल छल जे पैघ मात्रामे विदेशी शराबक खेप चतरा मार्ग सं बिहार पठाओलजा रहल अछि। सूचनाक आधार पर हुनक निर्देश पर सदर थाना प्रभारी अनिल उरांवक नेतृत्व मे विशेष छापेमारी टीमगठित कएल गेल। सदर थाना क्षेत्रक शेरेगड़ा लग वाहन जांच अभियानक दौरान संदिग्ध ट्रक कें रुकबाक संकेत देल गेल, मुदा चालक पुलिसकर्मी सभ कें पिचबाक प्रयास करैत तेज गतिसं ट्रक लए भागि गेल। पुलिस टीम पीछा कएलक तं संघरी घाटी मोड़क लग ट्रक अनियंत्रित भए सड़कक कात पलटि गेल। दुर्घटनाक बाद चालक फरार होएमे सफल रहल। घटनास्थल पर पहुंचल पुलिसकर्मी सभ देखलनि जे ट्रकक डाला धानक भूसा सं भरल छल। जांचक दौरान भूसा तर विदेशी शराबक पैघ खेप लुकाओल भेटल। ट्रक पलटला सं भूसा हटि गेल आ शराबक बोतल सभ सड़क पर पसरि गेल। पुलिस घटनास्थल सं कुल 3700 बोतल विदेशी शराब बरामद कएलक, जाहिक अनुमानित मूल्य लगभग 16 लाख रुपैया बताओल जा रहल अछि। एसडीपीओ कहलनि जे ट्रकक निबंधन संख्याक आधार पर फरार चालक आ तस्कर सभक पहचान कएलजा रहल अछि। एकरा संगहि ईहो पता लगाओल जा रहल अछि जे शराबक खेप कोन राज्य सं आनल गेलछल आ बिहार मे कोन गिरोह धरि पहुंचेबाक योजना छल। पुलिसक कहब अछि जे शीघ्रहि पूरा तस्करी नेटवर्कक पर्दाफाश कएल जाएत।

# साओनक पहिल सोमवारी अजगैबीनाथ धाम मे आस्थाक बाढ़ि

## 3 लाख सं बेसी श्रद्धालु पवित्र जल लए कए देवघर रवाना, कांवरिया सभ सं पाटल 105 किलोमीटरक

**भागलपुर, समदिया**

सावनक पहिल सोमवारी अछि। भागलपुरक सुल्तानगंज सं लए कए झारखंडक देवघर धरि लगभग 105 किलोमीटर सड़क केसरिया वस्त्र पहिरने शिवभक्त सभ सं भरल अछि। अजगैबीनाथ धाम मंदिर मे श्रद्धालु सभक बहुत भीड़ देखल जा रहल अछि। श्रद्धालु आ कांवरिया सभ उत्तरवाहिनी गंगा मे डुबकी लगा पवित्र गंगाजल भरलनि। एकर बाद भगवानक जलाभिषेक कएलनि। लगभग 3 लाख सं बेसी कांवरिया गंगाजल लए कए पैदल आ अलग-अलग वाहन सं बाबा बैद्यनाथ धाम, देवघर लेल रवाना भेलाह। 30 जुलाई मे श्रावणी मेलाक उद्घाटन भेला सं एखन धरि सुल्तानगंज सं 5 लाख सं बेसी शिवभक्त जल लए कए देवघर लेल रवाना भए चुकल छथि।

एकर अतिरिक्त जिला सभक शिव मंदिर सभ मे भोर सं भीड़ जुटनाइ शुरू भए गेल अछि। भोर 5 बजे सं शिवभक्त सभ जलाभिषेक लेल पहुंचि रहल छथि। सुल्तानगंजक नमामि गंगे आ अजगैबीनाथ घाट सं प्रत्येक क्षण कांवरिया सभ जल भरि रवाना भए रहल छथि। सभक एकमात्र लक्ष्य 105 किलोमीटरक कठिन पैदल यात्राक बाद बाबा बैद्यनाथक जलाभिषेक करनाइ अछि। एतय आस्था, श्रद्धा आ उत्साहक अद्भुत संगम देखल जा रहल अछि। कांवरिया सभ मे महिला, पुरुष, बच्चा सभ सहित प्रत्येक उम्रिक लोक शामिल छथि। सभ अपनाके बम कहैत छथि।

श्रद्धालु सभक सुगम, सुरक्षित आ सुव्यवस्थित यात्रा सुनिश्चित करबा लेल बिहार आ झारखंड सरकारक संग संबंधित जिला प्रशासन सभ विशेष व्यवस्था कएने अछि।



### 105 किलोमीटर लंबा कांवरिया पथ पर विशेष व्यवस्था

105 किलोमीटर लंबा दुर्गम आ कच्चा कांवरिया पथ कें शिवभक्त सभक सुविधा लेल विशेष रूप सं तैयार कएल गेल अछि। नंगे पएर चलनिहार कांवरिया सभक पएर मे छाला नहि पड़ए, एकरा लेल लगभग 85 किलोमीटर लंबा कच्चा मार्ग पर महीन बालू बिछाओल गेल अछि। एकर अतिरिक्त उमस आ तेज रौद सं राहति देबा लेल पूरा मार्ग मे नियमित अंतराल पर पानिक फुहारक व्यवस्था कएल गेल अछि। पानिक टैंकर सं लगातार छिड़काव कएल जा रहल अछि।

सांझ आ रातिक समय शिवभक्त सभ कें कोनो असुविधा नहि होए, एकरा लेल पूरा कांवरिया पथ पर हाई-मास्ट लाइट आ एलईडी स्ट्रिप्स लगाओल गेल अछि। मुख्य पड़ाव आ प्रवेश द्वार सभ पर आकर्षक तोरण द्वार आ भक्ति संगीत लेल साउंड सिस्टमक व्यवस्था कएल गेल अछि।

### सीसीटीवी, एआई कैमरा आ ड्रोन सं सुरक्षा व्यवस्था

सुरक्षाक दृष्टि सं भागलपुर, बांका आ देवघर पुलिस-प्रशासन विशेष तैयारी कएने अछि। सुल्तानगंज घाट सं बाबा धाम धरि 500 सं बेसी सीसीटीवी आ एआई कैमरा सभक माध्यम सं वॉच टावर आ कंट्रोल रूम सं चौबीसो घंटा निगरानी कएल जा रहल अछि। संवेदनशील क्षेत्र सभ मे ड्रोनक माध्यम सं भीड़क घनत्व पर नजरि राखल जा रहल अछि।

एकर अतिरिक्त कांवरिया पथ पर बिहार पुलिस, झारखंड पुलिस, होमगार्ड, रैपिड एक्शन फोर्स आ एटीएसक टीम तैनात अछि। सादा पोशाक मे महिला आ पुरुष पुलिसकर्मी सेहो तैनात कएल गेल छथि। पूरा मार्ग पर प्रत्येक 2 सं 3 किलोमीटर पर अस्थायी मेडिकल रिलीफ सेंटर बनाओल गेल अछि। आपातकालीन स्थितिक लेल बाइक एम्बुलेंस, 108 एम्बुलेंस आ जीवनरक्षक दवाइक संग चिकित्सक सभक टीम तैनात अछि।

### सुल्तानगंज मे टेंट सिटी आ होटल श्रद्धालु सभ सं भरल

सुल्तानगंज मे श्रद्धालु सभक ठहरबाक आ सुविधा लेल विशेष व्यवस्था कएल गेल अछि। नमामि गंगे घाट, सीढ़ी घाट आ कच्चा कांवरिया पथक शुरूआत मे विशाल वाटरप्रूफ जर्मन हैंगर टेंट सिटीक निर्माण कएल गेल अछि। एहि ठाम एकबेर मे हजारो श्रद्धालु विश्राम कए सकैत छथि। टेंट सिटी मे मोबाइल चार्जिंग पॉइंट, पंखा, शुद्ध पेयजल, वस्त्र बदलबाक कक्ष आ बायो-टॉयलेट सभक निःशुल्क सुविधा उपलब्ध अछि।

निजी होटल, लॉज आ धर्मशाला सभ मे कांवरिया सभ सं मनमाना किराया नहि वसूलल जाए, एकरा लेल प्रशासन कमराक दर निर्धारित कए सार्वजनिक कएने अछि। निर्धारित दर सं बेसी शुल्क लेनिहार वा रेट सूची नहि लगेनिहार सभक विरुद्ध सीधा कारबाइक लेल मजिस्ट्रेट तैनात छथि। एहि संग गंगाक तट पर जल भरबाक समय कोनो दुर्घटना नहि होए, एकरा लेल मजबूत लोहाक बैरिकेडिंग कएल गेल अछि। एनडीआरएफ आ एसडीआरएफक टीम मोटरबोट आ गोताखोर सभक संग चौबीसो घंटा मुस्तैद अछि।

# सांसद पप्पू यादव पर हमलाक विरोध मे फूंकल गेल पुतला

## पूर्णिया मे समर्थक सभ कांग्रेसक झंडा लए कए कएलनि प्रदर्शन




**पूर्णिया, समदिया**

दिल्ली मे रवि दिन सांसद आवास पर सांसद पप्पू यादव पर हमला भेल छल। एकर विरोध मे हुनक संसदीय क्षेत्र पूर्णिया मे प्रदर्शन कएल गेल। सोम दिन समर्थक सभ सड़क सभ पर उतरि गृह मंत्री अमित शाह आ दिल्लीक मुख्यमंत्री रेखा गुप्ताक पुतला फूंकलनि। घटनाक विरोध मे सैकड़ो समर्थक सभ सड़क सभ पर उतरला। प्रदर्शनकारी सभ हाथ मे कांग्रेसक झंडा आ गला मे भगवा गमछा राखने छलाह। सरकार आ पुलिस प्रशासनक विरुद्ध सेहो विरोध जतौलनि।

सांसद पप्पू यादवक आवास अर्जुन भवन सं सैकड़ो समर्थक सभक एकटा पैघ जत्था पैदल मार्च करैत शहरक प्रमुख आरएन शाह चौक पहुंचल। प्रदर्शनकारी सभक हाथ मे पार्टीक झंडा छल आ ओ सभ केंद्र सरकार आ दिल्ली प्रशासनक विरुद्ध नारेबाजी कए रहल छलाह। समर्थक सभक कहनाइ छल जे भगवा रंग कोनो राजनीतिक दल विशेषक नहि, बल्कि ई देशक प्रत्येक नागरिक आ संस्कृतिक प्रतीक अछि। कोनो एक पार्टी कें एहि पर अपन एकाधिकार जताबाक अधिकार नहि अछि।

समर्थक सभ सांसद पप्पू यादव पर भेल हमलाक आ हुनक जानिक खतरा कें देखैत हुनका पर्याप्त सुरक्षा देबाक मांग राखलनि। एकरा संगहि हमलावरक विरुद्ध सबसं कड़ा कानूनी कारबाइक मांग सेहो उठौलनि। आक्रोशित समर्थक सभ चेतावनी देलनि जे जं सांसदक सुरक्षा मे लापरवाही जारी रहल वा एहि साजिशक पदार्फाश शीघ्र नहि भेल, तं ई विरोध प्रदर्शन मात्र पूर्णिया धरि सीमित नहि रहत, बल्कि आगू आबए बला दिन सभ मे पैघ आ उग्र आंदोलनक रूप लए लेत।

# जहानाबाद मे खाद संकट पर किसान सभक आक्रोश , जहानाबाद-घोसी मुख्य मार्ग जाम



**जहानाबाद, समदिया**

जहानाबाद जिला मे खादक किल्लत कें लए कए किसान सभक आक्रोश सोम दिन सड़क पर देखल गेल। गांधी मैदानक लग स्थित बिस्कोमान कृषक सेवा केंद्र पर खाद नहि भेटलासं नाराज किसान सभ जहानाबाद-घोसी मुख्य मार्ग जाम कए देलनि। दुपहर लगभग 12 बजे सं आवागमन पूरा तरहे बाधित भए गेल, जाहि सं सड़कक दुनू कात वाहन सभक लंबा कतार लागि गेल।

प्रदर्शनकारी किसान सभक आरोप छल जे ओ सभ भोर सं खाद लेबाक लेल केंद्र पर पांतिके ठाढ़ छलाह। लगभग 6 घंटा प्रतीक्षा करबाक बादो हुनका सभ कें खाद उपलब्ध नहि कराओल गेल। किसान सभक अनुसार, केंद्रक कर्मचारी सभ बेर-बेर अलग-अलग बहाना बना हुनका सभ कें टारबाक प्रयास कए रहल छलाह, जाहि सं हुनका सभ मे भारी नाराजगी पसरि गेल। किसान सभक कहनाइ छल जे वर्तमान समय मे धान आ आन फसल सभक खेती लेल खादक सबसं बेसी आवश्यकता अछि। मुदा सरकारी केंद्र सभ पर पर्याप्त मात्रामे खाद उपलब्ध नहि होएला सं हुनका सभ कें कठिनाइक सामना करए पड़ि रहल अछि। किसान सभ ईहो आरोप लगौलनि जे एक दिस सरकारी केंद्र सभ पर खादक कमी बताओल जा रहल अछि, जखनकि दोसर दिस जिला मे कतेको निजी दोकान मे खादक बिक्री जारी अछि। एहि सं कालाबाजारीक आशंका बढ़ि गेल अछि।

# पप्पू यादव पर हमलाक विरोध मे औरंगाबाद मे प्रदर्शन

## समर्थक सभ फूंकलनि केंद्र सरकार आ गृह मंत्रीक पुतला

**औरंगाबाद, समदिया**

पूर्णियाक सांसद राजेश रंजन उर्फ पप्पू यादव पर दिल्ली मे हमला भेल छल। एकर विरोध मे सोम दिन औरंगाबाद मे प्रदर्शन कएल गेल। समर्थक सभ गांधी मैदान सं विरोध मार्च निकालि शहरक मुख्य सड़क सभ होइत रमेश चौक पहुंचलाह।

प्रदर्शनकारी सभ केंद्र सरकार, केंद्रीय गृह मंत्री आ राज्य सरकारक विरुद्ध नारेबाजी कएलनि। समर्थक सभ सांसदक सुरक्षा कें लए कए चिंता व्यक्त करैत कहलनि जे जं एकटा जनप्रतिनिधिए सुरक्षित नहि छथि, तं आमलोकक सुरक्षापर प्रश्न उठनाइ स्वाभाविक अछि।

विरोध-प्रदर्शनक समापन पर रमेश चौक मे केंद्रीय गृह मंत्रीक पुतला फूंकल गेल आ घटनाक प्रति आक्रोश व्यक्त कएल गेल। प्रदर्शनक दौरान पैघ संख्यामे समर्थक सभ उपस्थित छलाह आ दोषी सभक विरुद्ध कड़ा कारबाइक मांग करैत रहलाह।




प्रदर्शन मे शामिल देव प्रखंडक दुलारे पंचायतक मुखिया सह पैक्स अध्यक्ष विजेंद्र यादव कहलनि जे कोनो सांसद पर खुल्लम-खुल्ला हमला होनाइ लोकतांत्रिक व्यवस्थाक लेल अत्यंत गंभीर मामिला अछि। दोषी सभक तत्काल गिरफ्तारी होनाइ चाही आ निष्पक्ष जांचक बाद कड़ा कारबाइ कएल जाए।

जिला परिषद सदस्य ई. सुरेंद्र यादव कहलनि जे राज्य आ देश मे कानून-व्यवस्थाक स्थिति लगातार चिंताजनक बनैत जा रहल अछि। सरकारक विरुद्ध आवाज उठाबनिहार सभ कें निशाना बनाओल जा रहल अछि। लोकतांत्रिक मूल्य सभक रक्षा लेल एहन घटना सभ पर कठोर कारबाइ जरूरी अछि।

प्रदर्शनकारी सभ सांसद पप्पू यादवक सुरक्षा बढ़ेबाक मांग सेहो राखलनि आ कहलनि जे राजनीतिक मतभेदक नाम पर हिंसा कोनो स्थिति मे स्वीकार नहि कएल जा सकैत अछि।

प्रदर्शनक दौरान वक्ता सभ हालहि मे सामने आएल ओहि विवादक सेहो जिक्र कएलनि, जाहि मे पप्पू यादव अयोध्याक श्रीराम मंदिर सं जुड़ल चंदाक कथित गड़बड़ीक मुद्दा पर विरोध-प्रदर्शन कएने छलाह। ओहि समय ओ गेरुआ वस्त्र पहिरि संन्यासीक वेश मे नजरि आएल छलाह। हुनक एहि प्रदर्शनक बाद किछु संगठन आ लोक सभ एकरा सनातन धर्मक अपमान बतबैत विरोध जतौने छलाह।

एहि विवादक बीच पीसीक दौरान सांसद पर हमला भेल छल। एहि मामिला मे पुलिस एक व्यक्ति कें गिरफ्तार कएने अछि आ आगूक जांच जारी अछि।

औरंगाबाद मे प्रदर्शनकारी सभ स्पष्ट कहलनि जे कोनो वैचारिक मतभेदक उत्तर हिंसा नहि भए सकैत अछि।

# डिप्टी सीएम सुपौलक वीरपुर एयरपोर्टक कएलनि निरीक्षण



**सुपौल, समदिया**

बिहारक उपमुख्यमंत्री बिजेंद्र प्रसाद यादव सोम दिन सुपौल जिलाक वीरपुर हवाई अड्डाक निरीक्षण कएलनि। एहि दौरान ओ वाहन सं हवाई अड्डाक पूर्वी छोर धरि पहुंचि निर्माण काजक प्रगति आ प्रस्तावित विस्तार योजनाक जायजा लेलनि। निरीक्षणक बाद मीडिया सं बातचीत मे ओ कहलनि जे वीरपुर हवाई अड्डाक टेंडर भए चुकल अछि आ अगिला 2 वर्षक भीतर एकर निर्माण काज पूरा कए लेल जाएत। ओ कहलनि जे एयरपोर्ट शुरू भेला सं कोसी क्षेत्रक लोक सभ कें हवाई यात्राक सुविधा भेटत।

एकरा सं क्षेत्र मे निवेश, व्यापार आ पर्यटन कें सेहो बढ़ावा भेटत, जाहि सं स्थानीय अर्थव्यवस्था कें नव गति भेटत।

जानकारीक अनुसार, वीरपुर हवाई अड्डाक विस्तार लेल पहिल चरण मे राज्य सरकार 42 करोड़ 37 लाख 79 हजार रुपैयाक स्वीकृति देलक अछि।

ई राशि 88.83 एकड़ भूमि अधिग्रहण पर खर्च कएल जाएत। विस्तार योजनाक अंतर्गत वर्तमान 1200 मीटर लंबा रनवे कें बढ़ा कए 3 किलोमीटर कएल जाएत, जाहि सं व्यावसायिक विमान सभक संचालन संभव भए सकत।

राज्य सरकार 21 जुलाई कें रनवे आ आन आधारभूत संरचना सभक निर्माण लेल 28 करोड़ 42 लाख रुपैयाक टेंडर जारी कएने छल।

## विविध

# बेर-बेर रक्तक कमी भए सकैत अछि थैलेसीमियाक संकेत, समय रहिते करी पहिचान

बहुत लोक मे बेर-बेर रक्तक कमी देखल जाइत अछि। एकर पाछू कतेको कारण भए सकैत अछि, जाहि मे सं एक थैलेसीमिया सेहो अछि। थैलेसीमिया एकटा जेनेटिक बेमारी अछि, जे माता-पिता सं बच्चा सभ मे पहुंचि सकैत अछि। एहि बेमारीक बारे मे सही जानकारी होनाइ बहुत जरूरी अछि। एहि बेमारी मे शरीर सामान्य मात्रा मे हीमोग्लोबिन नहि बना पबैत अछि, जाहि सं एनीमिया अर्थात शरीर मे रक्तक कमी भए सकैत अछि। रक्तक कमी भेलापर कमजोरी, शीघ्र थाकि जाएब, चक्कर आएब आ सांस फूलनाइ जकां समस्या भए सकैत अछि। जखनकि बेर-बेर रक्तक कमी होनाइ हमेशा थैलेसीमियाक कारणे नहि होइत अछि। एकर पाछां आयरन, विटामिन बी-12, फोलेटक कमी, लंबा समय धरि रक्तस्त्राव भेनाइ वा आन स्वास्थ्य समस्या सेहो जिम्मेदार भए सकैत अछि।




एही कारणे बेर-बेर रक्तक कमी होनाइ पर एकर सही कारणक पता करनाइ जरूरी होइत अछि। जं समय रहिते जांच नहि कराओल जाए, तं थैलेसीमिया जकां जेनेटिक बेमारीक पहचान मे देरी भए सकैत अछि। जखनकि समय पर बेमारीक पता चलि जाए, तं रोगीक इलाज आ देखभाल नीक तरहे कएल जा सकैत अछि। आब जानू जे थैलेसीमियाक आन लक्षण की अछि, किनका सभ मे एकर खतरा बेसी रहैत अछि आ चिकित्सक सं कखन भेट करबाक चाही।

सेंटर्स फॉर डिजीज कंट्रोल एंड प्रिवेंशन (सीडीसी)क अनुसार, थैलेसीमियाक लक्षण बेमारीक गंभीरतापर निर्भर करैत अछि। किछु लोक मे कोनो लक्षण नहि देखाइ दैत अछि, जखनकि किछु लोक मे बचपनहि सं समस्या शुरू भए सकैत अछि। थैलेसीमिया भेलापर बेर-बेर रक्तक कमी, शीघ्र थाकनाइ, कमजोरी, चेहरा पील पड़नाइ, सांस फूलनाइ आ बच्चा सभक विकास धीमा होनाइ जकां लक्षण देखल जा सकैत अछि।

किछु मामिला मे आंखि वा त्वचाक रंग पीयर पड़नाइ आ हड्डी सभ मे परिवर्तन सेहो देखल जा सकैत अछि। जाहि लोकक परिवार मे पहिने सं थैलेसीमिया वा थैलेसीमिया ट्रेट रहल हो, हुनका सभ मे एकर खतरा बेसी रहैत अछि, किएक तं ई एकटा जेनेटिक बेमारी अछि आ माता-पिता सं बच्चा सभ मे पहुंचि सकैत अछि। एही कारणे परिवार मे एकर इतिहास होए तं समय पर जांच करेनाइ जरूरी मानल जाइत अछि।

एनीमिया अर्थात शरीर मे हीमोग्लोबिन वा रेड ब्लड सेल्सक कमी होनाइ। एकर कतेको कारण भए सकैत अछि, जेना आयरन, विटामिन बी-12म फोलेटक कमी, अत्यधिक रक्तस्त्राव वा आन बेमारी। जखनकि थैलेसीमिया एकटा जेनेटिक बेमारी अछि, जाहि मे शरीर सामान्य मात्रा मे हीमोग्लोबिन नहि बना पबैत अछि। अर्थात थैलेसीमिया सं एनीमिया भए सकैत अछि, मुदा प्रत्येक एनीमिया थैलेसीमिया नहि होइत अछि। जं बेर-बेर रक्तक कमी भए रहल हो आ इलाजक बादो समस्या बनल रहए, तं चिकित्सक थैलेसीमियाक जांच करबाक सलाह दए सकैत छथि।

जं बेर-बेर रक्तक कमी भए रहल हो, कमजोरी आ थकान लंबे समय धरि बनल रहए, चेहरा पीयर देखाइ दए, सांस शीघ्र फूलए वा इलाजक बादो हीमोग्लोबिन बेर-बेर कम भए जाए, तं चिकित्सक सं जरूर भेट करू। एकर अतिरिक्त जं परिवार मे थैलेसीमियाक इतिहास अछि, तं विवाह सं पहिने वा गर्भधारणक योजना बनेबाक समय चिकित्सकक सलाह लए थैलेसीमियाक जांच जरूर कराउ। एहि सं आगू होमय बला बच्चा मे एहि बेमारीक खतरा बुझए मे मदद भेटैत अछि। समय पर जांच आ सही इलाज सं बेमारीक पहचान शीघ्र भए सकैत अछि आ आगूक देखभाल सेहो आसान भए जाइत अछि।

# इंसुलिन रेजिस्टेंस कोनो बनैत अछि कार्डियोवैस्कुलर सिस्टम लेल खतरा? एक्सपर्ट सं बुझू

इंसुलिन रेजिस्टेंसक नाम सुनिते बहुत लोक कें लगैत अछि जे एकर मतलब मात्र डायबिटीज अछि। मुदा सच्चाइ ई अछि जे एकर असरि डायबिटीज होए सं पहिनहि हृदय आ रक्तक नस सभ पर पड़नाइ शुरू भए जाइत अछि। आसान भाषामे बुझी तं इंसुलिन एकटा हार्मोन अछि, जे रक्त मे मौजूद शुगर कें शरीरक कोशिका सभ धरि पहुंचबैत अछि, जाहि सं शरीर कें ऊर्जा भेटैत अछि।



मुदा इंसुलिन रेजिस्टेंसक स्थिति मे शरीरक कोशिका सभ इंसुलिनक प्रभाव कें ठीक सं स्वीकार नहि करैत अछि। एहि कारणे पैंक्रियास बेसी इंसुलिन बनेनाइ शुरू कए दैत अछि। जखन शरीर मे लंबे समय धरि इंसुलिनक स्तर बेसी बनल रहैत अछि, तं एकर असरि धीरे-धीरे हृदय आ रक्तक नस सभ पर सेहो पड़ए लगैत अछि।

एंडोक्रिनोलॉजी विभागक कंसल्टेंट डॉ. प्रिया कहलनि जे सबसं पहिने रक्तक नस सभक भीतरक परत ठीक सं काज करनाइ छोड़ि दैत अछि। नस सभ पहिनेक तुलना मे कम लचीला रहि जाइत अछि, जाहि सं उच्च रक्तचापक खतरा बढ़ि सकैत अछि। एकर संगहि इंसुलिन रेजिस्टेंस मे ट्राइग्लिसराइड्सक स्तर बढ़ए लगैत अछि आ नीक कोलेस्ट्रॉल अर्थात एचडीएल कम होमए लगैत अछि। शरीर मे हल्का सूजनक स्थिति लगातार बनल रहैत अछि आ एहन हानिकारक तत्व बनए लगैत अछि, जे रक्तक नस सभ कें नोकसान पहुंचबैत अछि।

समयक संग एहि नस सभ मे चर्बी जमए लगैत अछि। एहि सं नस सभ संकरी आ कड़ा भए जाइत अछि, जाहि सं हृदय आ मस्तिष्क धरि रक्तक प्रवाह कम भए सकैत अछि। एही कारण आगू चलि कए हार्ट अटैक, स्ट्रोक आ हृदय सं जुड़ल आन बेमारीक खतरा बढ़ि जाइत अछि।

नीक बात ई अछि जे जं समय रहिते इंसुलिन रेजिस्टेंसक पता चलि जाए, तं बहुत हद धरि एकरा नियंत्रित कएल जा सकैत अछि। नियमित व्यायाम, वजन नियंत्रित राखनाइ आ संतुलित भोजन केनाइ ई तीनू बात रक्त शुगरक संग-संग हृदय कें सेहो लंबे समय धरि स्वस्थ राखए मे मदद करैत अछि।

संतुलित भोजन मे हरियर तरकारी, मौसमी फल आ फाइबरयुक्त खाद्य पदार्थ शामिल करबाक चाही। फाइबर लेल ओट्स जकां खाद्य पदार्थ खाएल जा सकैत अछि। एहि सं वजन नियंत्रित रहैत अछि आ आवश्यकता सं बेसी भोजन करबाक आदत सं सेहो बचल जा सकैत अछि।

जं अहाँ हृदयक रोगी छी, तं एक्सपर्टक सलाहक अनुसार अपन शारीरिक गतिविधि जारी राखू। सामान्य रूप सं प्रत्येक व्यक्ति कें प्रतिदिन कम सं कम 30 मिनट धरि जरूर टहलनाइ चाही।

# ईरान लेल इसराइली लोक सभ कें निशाना बनेनिहार ‘फक्सट्रट नेटवर्क’ की अछि?



**नई दिल्ली, एजेंसी**

हम एकटा खतरनाक अभियान पर जा रहल छी। छोट सन संदेश 19 वर्षक नॉर्वेक युवक जोहान्स नैटलैंड अपन प्रेमिका कें ओहि समय पठौने छलाह, जखन ओ ब्रिटेन जाए लेल विदा भए रहल छलाह। 19 मार्च 2025 कें उत्तरी इंग्लैंडक हडर्सफिल्ड नगरक एकटा होटल सं पुलिस हुनका गिरफ्तार कएलक। हुनका लग सं दूटा पिस्तौल, 19 राउंड गोली आ 2,000 पाउंड नगद बरामद भेल। हालहि मे ब्रिटेनक एकटा न्यायालय नैटलैंड कें ईरान सं जुड़ल स्वीडिश आपराधिक गिरोहक निर्देश पर हत्या करबाक षडयंत्र रचबाक दोषी ठहरौलक। अभियोजन पक्षक अनुसार फक्सट्रट नेटवर्क नामक ई गिरोह नैटलैंड कें सुपारी हत्या (कॉन्ट्रैक्ट किलिंग) अंजाम देबाक उद्देश्य सं ब्रिटेन पठौने छल। फक्सट्रट यूरोपक अत्यंत हिंसक आपराधिक गिरोह सभ मे सं एक मानल जाइत अछि। ई गिरोह किशोर आ युवा सभ कें भाड़ाक हत्यारा बनेबाक लेल कुख्यात अछि। यूरोपीय संघक कानून प्रवर्तन संस्था यूरोपोल एहि प्रकारक गतिविधि कें हिंसाक ठेका कहि परिभाषित केने अछि। एखन धरि स्पष्ट नहि भए सकल अछि जे नैटलैंड कें ब्रिटेन मे ककर हत्या लेल पठाओल गेल छल। मुदा फुटबॉल प्रेमी एक युवक आखिर कोना एहन आपराधिक गिरोहक संपर्क मे पहुंचल, जे ओकरा हत्या करबाक जिम्मेदारी देलक? फक्सट्रट आ ओकर सरगना रावा माजिद कोना विभिन्न यूरोपीय देशसभक किशोर सभ कें अपन मकसद





लेल उपयोग करैत छथि, आ ईरान संग एहि नेटवर्कक कथित संबंध की अछि– एहि पर लगातार प्रश्न उठि रहल अछि।

### फक्सट्रट नेटवर्कक बारे मे की जानकारी अछि?

मार्च 2025 मे नैटलैंडक गिरफ्तारी सं एक सप्ताह पूर्व अमेरिकाक ट्रेजरी विभाग फक्सट्रट नेटवर्क आ ओकर नेता रावा माजिद पर प्रतिबंध लगा देलक। अमेरिका आरोप लगौलक जे ई नेटवर्क ईरानक गुप्तचर मंत्रालय (एमओआईएस) संग मिलि काज करैत अछि। एक मास बाद ब्रिटेन सेहो यूरोपक विभिन्न भाग मे कथित रूप सं ईरानी हितक लेल निशाना बनेबाक आरोप मे फक्सट्रट पर प्रतिबंध लगा देलक। स्वीडिश समाचारपत्र डैगेन्स न्येहटर आ एक्सप्रेसन सेहो इसराइली गुप्तचर संस्था मोसाद सं प्राप्त दस्तावेजक आधार पर दावा कएलक जे रावा माजिद इस्लामिक रिपब्लिक ऑफ ईरान लेल काज करैत छथि। फक्सट्रट नेटवर्क 2023 मे व्यापक चर्चाक विषय बनल। जून 2023 मे स्वीडनक उप्साला नगर मे एकटा भीषण विस्फोट भेल, जकर आवाज लगभग 20 किलोमीटर धरि सुनल गेल। विस्फोट एतेक शक्तिशाली छल जे पांचटा घर क्षतिग्रस्त भए गेल। एहि घटनाक्रम मे एक युवतीक मृत्यु भेल, जकरा पुलिसक अनुसार संभवतः वास्तविक लक्ष्य नहि मानल जाइत छल। ओहि वर्ष स्टॉकहोमक बाहरी क्षेत्र सभ मे लगातार गोलीबारी, बम विस्फोट आ हिंसक संघर्षक घटना सभ सामने आएल। एहि झड़प सभ मे अधिकांश मृतक किशोर

**फक्सट्रट यूरोपक अत्यंत हिंसक आपराधिक गिरोह सभ मे सं एक मानल जाइत अछि**



छलाह, जाहि सं संपूर्ण स्वीडन मे भयक वातावरण उत्पन्न भए गेल। जनवरी 2024 मे स्टॉकहोम स्थित इसराइली दूतावास परिसर मे एकटा विस्फोटक सामग्री भेटल। स्वीडिश बम निरोधक दल समय पर ओकरा निष्क्रिय कए देलक। इसराइली राजदूत एहि घटना कें आतंकवादी हमलाक प्रयास कहलनि। एहि सभ घटनाक बाद स्वीडन, अमेरिका आ इसराइल फक्सट्रट आ प्रतिद्वंद्वी रूंबा गिरोहक माध्यम सं ईरान पर हिंसक गतिविधि करेबाक आरोप लगौलक। मई 2024 मे स्वीडिश सुरक्षा सेवा (सैपो) सेहो प्रेस वार्ता मे आरोप लगौलक जे ईरानी सरकार अपराधी नेटवर्क सभक माध्यम सं स्वीडन आ अन्य देश सभ मे गैरकानूनी आ हिंसक कृत्य कराबैत अछि। सैपोक प्रमुख डेनियल स्टेंलिंगक अनुसार, ई गिरोह मुख्य रूप सं ईरानी शासनक विरोधी सभ कें निशाना बनबैत अछि, मुदा इसराइलक प्रतिनिधि, यहूदी संगठन आ संस्थान सेहो ओकर लक्ष्य बनैत अछि। नीदरलैंड्स सेहो पूर्व मे ईरान पर डच धरती पर विरोधी समूहक नेता सभक हत्या लेल स्थानीय अपराधी गिरोह सभक उपयोग करबाक आरोप लगा चुकल अछि। ब्रिटेनक विदेश मंत्रालय सेहो कहने छल जे ईरान अपन राजनीतिक विरोधी सभक विरुद्ध हिंसक कारबाइ लेल आपराधिक नेटवर्क सभक सहारा लैत अछि। स्वीडिश सुरक्षा सेवा, जे पूर्व मे चीन आ रूस कें प्रमुख सुरक्षा चुनौती मानैत छल, आब ईरान कें सेहो ओहि सूची मे जोड़ि देलक। सैपोक दावा अछि जे हालक वर्ष सभ मे ओ स्वीडन मे ईरानी सुरक्षा तंत्र आ आपराधिक गिरोह सं जुड़ल हत्या करबाक कतेको षडयंत्र विफल कए चुकल अछि। दोसर दिस, ईरान एहि सभ आरोप सभ कें पूर्ण रूप सं अस्वीकार करैत अछि। तेहरानक कहब अछि जे स्वीडन इसराइलक कथित भ्रामक सूचनाक आधार पर आरोप लगा रहल अछि।

### कुर्दिश फक्स रावा माजिद

फक्सट्रट नेटवर्कक नेतृत्व रावा माजिद करैत छथि, जिनका कुर्दिश फक्स नाम सं चिन्हल जाइत अछि। स्वीडिश मीडियाक अनुसार, हुनक परिवार मूल रूप सं इराकी कुर्दिस्तानक अछि। हुनकर जन्म ईरान मे भेल, मुदा किछु समय बाद परिवार स्वीडन आबि उप्साला मे बसि गेल। इंटरपोल माजिदक तलाश कए रहल अछि। हुनका विरुद्ध मादक पदार्थक तस्करी, हत्या, हत्या मे संलिप्तता, हिंसा, हथियारक प्रयोग आ अन्य गंभीर अपराधक आरोप अछि। गिरफ्तारी सं बचबाक लेल ओ कतेको वर्ष पूर्व स्वीडन छोड़ि देलनि। वर्तमान मे हुनकर ठिकाना स्पष्ट नहि अछि। स्वीडिश टेलीविजन 2023 मे दावा कएलक जे माजिद तुर्कीक रास्ते ईरान प्रवेशक प्रयासक समय गिरफ्तार भेल छलाह। स्वीडिश पुलिस हुनका विरुद्ध कतेको गिरफ्तारी वारंट जारी केने अछि। नवीनतम वारंट 2023 मे लगभग 800 किलोग्राम एंफेटामिन, कोकीन आ हशीश बरामदगीक प्रकरण मे जारी भेल छल। स्वीडिश मीडियाक अनुसार, माजिद लग स्वीडिश नागरिकताक अतिरिक्त इराकी आ तुर्की नागरिकता सेहो अछि। एहि कारण तुर्की स्वीडनक प्रत्यर्पण अनुरोध स्वीकार नहि कएलक। मोसाद सं प्राप्त दस्तावेजक आधार पर स्वीडिश समाचारपत्र सभ दावा करैत अछि जे ईरान मे गिरफ्तारीक बाद माजिद कें जेल अथवा ईरान संग सहयोग - दू विकल्प मे सं एक चुनबाक दबाव देल गेल छल। यद्यपि एहि दावाक स्वतंत्र पुष्टि नहि भए सकल अछि। स्वीडन सं पलायन करबाक पूर्व माजिद हत्या, गोलीबारी आ मादक पदार्थक कारोबारक कतेको प्रकरण मे गिरफ्तार भए चुकल छलाह। स्वीडिश सुरक्षा सेवाक अनुसार, 2018 सं ओ विदेश मे रहितो फक्सट्रट नेटवर्कक संचालन करैत रहलाह। फक्सट्रटक अतिरिक्त प्रतिद्वंद्वी रूंबा गिरोह आ ओकर नेता इस्माइल अब्दो पर सेहो ईरान संग सहयोगक आरोप लागल अछि। कखनो रावा माजिदक निकट सहयोगी रहल अब्दो बाद मे हुनकर कट्टर प्रतिद्वंद्वी बनि गेलाह। 2023 मे दुनू गिरोहक संघर्ष चरम पर पहुंचि गेल, जाहि सं स्टॉकहोम आ आसपासक क्षेत्र सभ मे बम विस्फोट, हत्या आ खूनी झड़पक लंबा दौर चलल, जाहि मे दर्जनों लोकक मृत्यु भेल।

# पाकिस्तान मे आत्मघाती हमला मे 14 गोटेक मृत्यु, पुलिस मुख्यालय छल मुख्य निशाना

**इस्लामाबाद, एजेंसी**

पाकिस्तानक उत्तर-पश्चिमी प्रांत खैबर पख्तूनख्वा सं रविदिन एकटा भीषण आत्मघाती हमलाक समाचार सामने आएल अछि। स्वात जिलाक कबाल कस्बा मे आयोजित शांति रैलीक दौरान भेल विस्फोट मे कम-सं-कम 14 गोटेक

**एहि घटना मे 22 गोटे गंभीर रूप सं घायल भेल अछि**

मृत्यु भए गेल, जखन कि 22 अन्य लोक गंभीर रूप सं घायल भए गेलाह। स्थानीय प्रशासनक अनुसार, एहि हमलाक मुख्य निशाना पाकिस्तानी पुलिस छल।

### विस्फोटक बाद मचल अफरा-तफरी

स्वात पुलिस आ जिलाक प्रशासनिक अधिकारी सभक अनुसार, रैली चलि रहल छल, तखने बीच कार्यक्रम मे जोरदार विस्फोट भेल। प्रत्यक्षदर्शी सभक कहब अछि जे एकाएक भीषण धमाकाक आवाज सुनाइ पड़ल, जकर बाद संपूर्ण क्षेत्र मे भगदड़ आ अफरा-तफरी मचि गेल। प्रारंभिक जांच सं ई घटना आत्मघाती हमलाक





प्रतीत होइत अछि, मुदा सुरक्षा एजेंसी सभ एखन धरि आधिकारिक रूप सं एकर पुष्टि नहि केने छथि। घटनाक विस्तृत जांच जारी अछि।

### क्षेत्र सील, फॉरेंसिक जांच प्रारंभ

धमाकाक तुरंत बाद बचाव दल आ एंबुलेंस घटनास्थल पर पहुंचल। घायल सभ कें शीघ्रतापूर्वक नजदीकी अस्पताल सभ मे भर्ती कराओल गेल, जतय कतेको लोकक अवस्था चिंताजनक बताओल जा रहल अछि। पुलिस, रेंजर्स आ अन्य कानून प्रवर्तन एजेन्सी सभ संपूर्ण क्षेत्रक घेराबंदी कए देलक। सुरक्षा बल सभ घटनास्थल कें सील कए साक्ष्य संकलनक काज प्रारंभ कए देलक अछि। घटनाक वैज्ञानिक जांच लेल फॉरेंसिक विशेषज्ञक टीम सेहो बजाओल गेल अछि।

### शांतिक समर्थन मे निकालल गेल छल रैली

समाचार एजेंसी पीटीआईक अनुसार, ई विस्फोट स्वात जिलाक कबाल कस्बा मे आयोजित शांति रैलीक दौरान भेल। एहि रैलीक आयोजन स्थानीय जनजातीय परिषद स्वात अमन जिरगा द्वारा कएल गेल छल। परिषदक आह्वान पर सैकड़ो स्थानीय नागरिक क्षेत्र मे शांति बहाल करबाक मांग लए सड़क पर उतरल छलाह। रैली मे सहभागी लोक सभ हाथ मे तख्ती धारण केने छलाह आ शांतिक समर्थन मे नारा लगा रहल छलाह। उल्लेखनीय अछि जे विगत किछु मास सं स्वात आ लगपासक क्षेत्र सभ मे सुरक्षा स्थिति लगातार बिगड़ैत जा रहल अछि। एहि कारण स्थानीय जनजातीय नेतृत्व शांति स्थापनाक उद्देश्य सं एहि रैलीक आयोजन केने छल।

## द्वितीय विश्वयुद्धक बादक सभ सं पैघ हमलाक तैयारी छल

**वाशिंगटन, एजेंसी।** पश्चिम एशिया मे विगत पांच मास सं तनावक स्थिति बनल अछि। अमेरिका आ ईरानक संबंध लगातार टकरावपूर्ण रहल अछि। बीच–बीच मे वार्ताक संभावना अवश्य देखाइत अछि, मुदा जखन–जखन सैन्य हमला अथवा धमकीक घटना सभ सामने अबैत अछि, तखन फेर परिस्थिति बिगड़ि जाइत अछि। कतेको सप्ताह सं ई क्रम लगातार दोहराइत आबि रहल अछि। अमेरिकाक राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप विगत सप्ताह कहने छलाह जे अमेरिका फेर एक बेर कूटनीतिक मार्ग अपनाबय चाहैत अछि। मुदा एहि बयानक तुरंत बाद ओ इहो कहि देलनि जे अमेरिका ईरान पर अत्यंत पैघ सैन्य



हमला करबाक तैयारी मे छल। हुनक अनुसार, जं ई कारबाइ भए जाइत, तं द्वितीय विश्वयुद्धक बाद ई सभ सं पैघ सैन्य हमला होइत आ ईरान लेल अत्यंत विनाशकारी सिद्ध होइत। एयर फोर्स वन मे पत्रकार सभ सं बातक क्रम मे ट्रंप कहलनि जे अमेरिका बहुत व्यापक सैन्य अभियान पर विचार कए रहल छल। हुनक कथन छल जे एहि आक्रमणक प्रभाव एतेक गंभीर होइत जे ईरान कें सामान्य स्थिति मे आबय लेल बरखो लागैत। ट्रंपक एहि टिप्पणी सं ईरानक तीक्ष्ण प्रतिक्रिया अयबाक संभावना व्यक्त कएल जा रहल अछि। ट्रंप जानकारी देलनि जे सोमदिन सं अमेरिका आ ईरानक बीच फेर वार्ता प्रारंभ होयत। तथापि, ओ एहि वार्ताक स्थान अथवा प्रारूपक संबंध मे कोनो विवरण नहि देलनि।

# ग्रीस मे जंगलक आगि बुझेबाक क्रम मे दूटा हेलिकॉप्टरक टक्कर, एक दुर्घटनाग्रस्त

**एथेंस, एजेंसी**

ग्रीस एखन विनाशकारी जंगलक आगिक भीषण संकट सं जूझि रहल अछि। एहि बीच रविदिन राजधानी एथेंसक पश्चिमी क्षेत्र पसाथा मे राहति आ बचाव अभियानक दौरान दूटा अग्निशमन हेलिकॉप्टर आपस मे टकरा गेल। ई दुर्घटना ओहि समय भेल, जखन दुनू हेलिकॉप्टर जंगल मे धधकैत आगि पर पानीक छिड़काव कए रहल छल। टेलीविजन चैनल सभ पर प्रसारित दृश्यक अनुसार, दुनू हेलिकॉप्टरक रोटर (पंखा) आपस मे टकराएबा सं एकटा हेलिकॉप्टर मे भीषण विस्फोट भेल आ ओ आगिक गोला मे परिवर्तित भए सीधे भूमिपर खसि पड़ल। सरकारी टेलीविजन चैनल ईआरटीक अनुसार, हेलिकॉप्टरक एक चालक दलक सदस्य कें सुरक्षित बाहर निकालल गेल अछि, जखन कि दोसर सदस्यक खोज मे खोजी आ बचाव दल लगातार अभियान चला रहल अछि।

**100 किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सं चलि रहल अछि हवा :** ग्रीसक प्रधानमंत्री क्यारीकोस मित्सोटाकिस देशक वर्तमान परिस्थिति कें अत्यंत गंभीर बतबैत चेतावनी देलनि जे आबयबला किछु दिन आरो कठिन रहत। सोशल मीडिया पर जारी संदेश मे ओ कहलनि जे देश अनियंत्रित मौसिमक प्रकोप झेलि रहल अछि, जतय लगभग 100 किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सं तूफानी हवा चलि रहल अछि। प्रधानमंत्रीक अनुसार, एतेक तेज हवाक कारण उपलब्ध दर्जनो अग्निशमन विमान सेहो सुरक्षित ढंग सं अपन काज नहि कए सकैत अछि।

**घर-घर पहुंचि लोक सभ कें बाहर निकालि रहल अछि पुलिस :** एथेंस सं लगभग 70



**हेलिकॉप्टरक एक चालक दलक सदस्य कें सुरक्षित बाहर निकालल गेल अछि**

किलोमीटर दूर लोकप्रिय तटीय गाम पोर्टो जेरमेनोक आसपास आगि सभ सं बेसी विनाश मचौने अछि। राति भरि आगि पहाड़ी क्षेत्र पार करैत राजधानीक बाहरी इलाका सभ दिस बढ़ैत रहल। एकरा रोकबाक लेल लगभग 500 दमकलकर्मी लगातार अभियान मे जुटल छथि। ग्रीक पुलिस द्वारा जारी वीडियो मे सुरक्षाकर्मी मोटरसाइकिलक सायरन बजबैत सेंट नेक्टारियोस गाम मे घर-घर पहुंचि लोक सभ कें सुरक्षित स्थान पर जाए लेल आग्रह करैत देखल गेल। पुलिसकर्मी प्रत्येक घरक द्वार खटखटबैत पूछैत छथि जे की कोनो व्यक्ति भीतर छथि?

**मेगाफायरक रूप धारण करैत आगि :** मौसिम वैज्ञानिकसभक अनुमान अछि जे मात्र पोर्टो जेरमेनो आ लगपासक क्षेत्र मे 10 हजार हेक्टेयर सं बेसी भूभाग आगिक चपेट मे आबि चुकल अछि। नेशनल ऑब्जर्वेटरीक वरिष्ठ शोधकर्ता थियोडोर जियानारोस चेतावनी देने छथि जे ई आगि आब मेगाफायरक श्रेणी मे पहुंचि रहल अछि।



# 5 अगस्त सं पूर्व बांग्लादेश मे हाई अलर्ट, पुलिस पूर्ण सतर्क

**ढाका, एजेंसी**

बांग्लादेश मे 5 अगस्त सं पूर्व संपूर्ण देश मे सुरक्षा व्यवस्था अत्यंत कड़ा कए देल गेल अछि। खुफिया रिपोर्टक आधार पर बांग्लादेश पुलिस संभावित आतंकवादी अथवा उग्रपंथी हमलाक आशंकाक कारण हाई अलर्ट जारी केने अछि। विशेष रूप सं पुलिसक जीप, ट्रक, बस सहित सरकारी वाहन सभक सुरक्षा बढ़ा देल गेल अछि। पुलिसक ऑपरेशंस कंट्रोल ब्रांच (ओसीबी) द्वारा जारी आंतरिक निर्देश मे देश भरिक सभ पुलिस इकाई कें सरकारी वाहन सभक आवागमन आ पार्किंगक समय विशेष निगरानी रखबाक आदेश देल गेल अछि। किछु समय लेल रोकल गेल वाहन सभ कें सुरक्षित स्थान पर निरंतर निगरानी मे रखबाक निर्देश अछि। स्पष्ट रूप सं कहल गेल अछि जे कोनो सरकारी वाहन बिना देखरेखक नहि छोड़ल जाए, थानाक परिसरक भीतर सेहो नहि। ई हाई अलर्ट 5 अगस्त 2024 मे भेल हिंसक छात्र आंदोलनक दोसर वर्षगांठ सं ठीक पूर्व जारी कएल गेल अछि।

**संभावित हमलाक आशंका सं सुरक्षा कएल गेल कड़ा**

ओहि आंदोलनक बाद तत्कालीन प्रधानमंत्री शेख हसीनाक नेतृत्वबला अवामी लीग सरकार सत्ता सं हटि गेल छल। सूचनाक अनुसार, हालहि मे ढाका मे बम संबंधी अफवाह पसरलाक बाद सुरक्षा एजेंसी सभक सतर्कता आरो बढ़ा देल गेल अछि। पुलिसक कहब अछि जे बम निरोधक दल मोतीझील मेट्रो स्टेशन पर एकटा लावारिस छाताक नीचां राखल रिमोट-नियंत्रित विस्फोटक उपकरण निष्क्रिय कए देलक। दोसर दूटा मेट्रो स्टेशन पर लावारिस बैग भेटलाक बाद सेहो सतर्कता बढ़ाओल गेल, मुदा बादक जांच मे ओहि मे मात्र पान आ तंबाकू भेटल। काउंटर टेररिज्म एंड ट्रान्सनेशनल क्राइम इकाइक प्रमुख मोहम्मद शमशुल हक कहलनि जे 5 अगस्त सं जुड़ल कोनो निश्चित तोड़फोड़ योजनाक खुफिया सूचना नहि भेटल अछि, तथापि एहतियातक तौर पर व्यापक सुरक्षा व्यवस्था कएल जा रहल अछि।

गृहमंत्री सलाहुद्दीन अहमद कहलनि जे संदिग्ध वस्तु सं जुड़ल प्रत्येक घटनाक गंभीरतापूर्वक जांच कएल जा रहल अछि। हुनक अनुसार, देशक कानून-व्यवस्था पूर्ण रूप सं नियंत्रण मे अछि। यद्यपि तोड़फोड़क घटना मे कमी आएल अछि, तथापि सरकार कोनो प्रकारक खतरा नहि लेबाक पक्ष मे अछि आ संपूर्ण सुरक्षा तंत्र उच्च सतर्कताक अवस्था मे राखल गेल अछि।

# जुडो मे पहिल बेर गोल्ड, मुक्केबाज सभक ऐतिहासिक प्रदर्शन
# एहि 5 कारण सं भारत लेल यादगार रहल कॉमनवेल्थ गेम्स 2026

कॉमनवेल्थ गेम्स 2026क समापन भव्य समापन समारोहक संग सम्पन्न भेल। स्कॉटलैंडक ग्लासगो मे आयोजित एहि खेल प्रतियोगिता मे भारतक प्रदर्शन बहुत यादगार रहल। रेसलिंग, बैडमिंटन आ हॉकी जकां महत्वपूर्ण खेल सभ शामिल नहि रहला बादो भारत कुल 39 पदक जीतए मे सफल रहल। आइ जानू ओ 5 प्रमुख कारण, जाहि सं एहि बेरक कॉमनवेल्थ गेम्स भारत लेल विशेष बनल।

**भारतीय मुक्केबाज सभक शानदार प्रदर्शन :** कॉमनवेल्थ गेम्स 2026 मे भारतीय मुक्केबाज सभक प्रदर्शन अत्यंत उत्कृष्ट रहल। भारत एहि खेल मे कुल 10 पदक जीतलक, जाहि मे 7 स्वर्ण पदक शामिल रहल। ई पहिल अवसर अछि जखन मुक्केबाजी मे भारत 7 स्वर्ण पदक जीतलक। विशेष रूप सं भारतीय महिला मुक्केबाज सभ शानदार प्रदर्शन कएलनि। महिला मुक्केबाज सभ 5 स्वर्ण आ 1 रजत पदक जीतलनि, जखनकि पुरुष मुक्केबाज सभ 2 स्वर्ण आ 2 रजत पदक अपन नाम कएलनि।

**जुडो मे ऐतिहासिक स्वर्ण पदक :** जुडो मे सेहो भारतक प्रदर्शन ऐतिहासिक रहल। पहिल बेर भारत कॉमनवेल्थ गेम्सक इतिहास मे एहि खेल मे स्वर्ण पदक जीतलक। अस्मिता डे आ हर्ष सिंह स्वर्ण पदक जीतए मे सफल रहलाह। एहि बेर भारत जुडो मे कुल 4 पदक जीतलक। यामिनी मौर्य रजत पदक आ उन्नति शर्मा कांस्य पदक अपन नाम कएलनि।




**मीराबाई चानूक स्वर्णक हैट्रिक :** कॉमनवेल्थ गेम्स 2026 मे भारोत्तोलनक 48 किलोग्राम वर्ग मे मीराबाई चानू 190 किलोग्राम भार उठा स्वर्ण पदक जीतलनि। एहि जीतक संग ओ लगातार तेसर कॉमनवेल्थ गेम्स मे स्वर्ण पदक जीतए मे सफल रहली आ स्वर्णक हैट्रिक पूरा कएलनि।

**गुलवीर सिंहक यादगार प्रदर्शन :** भारतक लंबी दूरीक धावक गुलवीर सिंह सेहो इतिहास रचलनि। ओ पुरुष 10 हजार मीटर स्पर्धा मे रजत पदक जीतलनि। एकरा बाद 5 हजार मीटर दौड़ मे कांस्य पदक जीतए बला पहिल भारतीय खेलाड़ी बनलाह। एकहि कॉमनवेल्थ गेम्स मे ट्रैक एंड फील्ड मे दू पदक जीतए बला ओ पहिल भारतीय खेलाड़ी छथि।

**शर्मिला धनखड़क स्वर्ण पदक :** भारतक पैरा एथलीट शर्मिला धनखड़ कॉमनवेल्थ गेम्स 2026 मे इतिहास रचलनि। ओ शॉट पुट एफ57 स्पर्धा मे 20 वर्षक प्रतीक्षाक अंत करैत भारत लेल स्वर्ण पदक जीतलनि। शर्मिला 9.81 मीटरक अपन मौसिमक सर्वश्रेष्ठ थ्रो कए स्वर्ण पदक हासिल कएलनि। ओ कॉमनवेल्थ गेम्स 2026 मे पैरा एथलेटिक्स मे स्वर्ण पदक जीतए बली पहिल खेलाड़ी सेहो बनली।

# 8 मैचक एक्सपोजर टूर लेल बेंगलुरु पहुंचल मलेशिया अंडर-21 पुरुष हॉकी टीम



मलेशियाक अंडर-21 पुरुष हॉकी टीम 8 मैचक एक्सपोजर टूर लेल बेंगलुरु पहुंचि गेल अछि। एतय टीम साई (भारतीय खेल प्राधिकरण) नेताजी सुभाष दक्षिणी केंद्र मे भारतीय जूनियर पुरुष हॉकी टीमक विरुद्ध 5 मैच आ साई टीमक विरुद्ध 3 मैच खेलत।

हॉकी इंडिया रवि दिन जानकारी देलक जे ई सीरीज आगाँ होमए बली अंतरराष्ट्रीय प्रतियोगिता सभ लेल दुनू टीमक तैयारीक महत्वपूर्ण हिस्सा अछि। मलेशियाक टीम भारतीय जूनियर पुरुष हॉकी टीमक विरुद्ध 7, 8, 10, 12 आ 13 अगस्त कें खेलत। एकरा अतिरिक्त मलेशियाक टीम 3, 5 आ 15 अगस्त कें साई टीमक सामना करत। भारतीय जूनियर पुरुष हॉकी टीमक मुख्य प्रशिक्षक फ्रेडरिक सोयेज कहलनि जे ई मैच सभ एशिया कपक तैयारी लेल अत्यंत महत्वपूर्ण साबित होयत। हुनक अनुसार, ई बेल्जियम दौराक दौरान शुरू कएल गेल तैयारीक निरंतरता अछि, जतए टीम अपन प्रदर्शन मे उल्लेखनीय सुधार देखौने छल। हुनका आशा अछि जे मलेशियाक विरुद्ध ई सीरीज बेल्जियम मे कएल गेल मेहनति आ पछिला सप्ताहक प्रशिक्षण सं भेल सुधार कें आरो मजबूत करत।

ई एक्सपोजर टूर बेल्जियम मे भारतीय जूनियर पुरुष टीमक सफल प्रशिक्षण आ प्रतियोगिताक बाद आयोजित भए रहल अछि आ आगामी जूनियर एशिया कपक तैयारीक महत्वपूर्ण हिस्सा मानल जा रहल अछि।

## मलेशिया अंडर-21 बनाम भारतीय जूनियर पुरुष टीमक मैच

- 7 अगस्त 2026 : अपराह्न 4:00 बजे
- 8 अगस्त 2026 : सांझ 6:00 बजे
- 10 अगस्त 2026 : भोर 10:00 बजे
- 12 अगस्त 2026 : अपराह्न 2:00 बजे
- 13 अगस्त 2026 : अपराह्न 2:00 बजे

## मलेशिया अंडर-21 बनाम साई टीमक मैच

- 3 अगस्त 2026 : अपराह्न 2:00 बजे
- 5 अगस्त 2026 : अपराह्न 4:00 बजे
- 15 अगस्त 2026 : सांझ 6:00 बजे

# श्रीलंकाक विरुद्ध टेस्ट सीरीज सं बाहर भेलाह बुमराह, आकिब नबी कें पहिल बेर भेटल स्थान

भारतीय तेज गेंदबाज जसप्रीत बुमराह अपन चोट सं पूरा तरहे स्वस्थ नहि भए सकलाक कारण श्रीलंकाक विरुद्ध होमए बली 2 मैचक टेस्ट सीरीज सं बाहर भए गेल छथि। हुनक स्थान पर जम्मू-कश्मीरक तेज गेंदबाज आकिब नबी कें पहिल बेर भारतीय टेस्ट टीम मे शामिल कएल गेल अछि। भारतीय क्रिकेट कंट्रोल बोर्ड (बीसीसीआई) अपन सोशल मीडिया प्लेटफॉर्म एक्स पर जानकारी देलक जे बुमराह अपन बामा घुटनाक चोट सं समय पर स्वस्थ नहि भए सकलाह। एहि कारण ओ श्रीलंकाक विरुद्ध टेस्ट सीरीज मे भाग नहि लए सकताह। बुमराह कें ई चोट इंग्लैंडक विरुद्ध एकदिवसीय सीरीजक दौरान लागल छल। हुनक बाहर होनाइ भारतीय टीम लेल पैघ झटका मानल जा रहल अछि।





बुमराहक स्थान पर घरेलू क्रिकेट मे लगातार शानदार प्रदर्शन कए रहल जम्मू-कश्मीरक तेज गेंदबाज आकिब नबी कें टीम मे स्थान देल गेल अछि। नबी एहि बेर जम्मू-कश्मीर कें रणजी ट्रॉफीक खिताब जितेबामे महत्वपूर्ण भूमिका निभौने छलाह। ओ प्रतियोगिता मे कुल 60 विकेट हासिल कएने छलाह। पछिला 2 रणजी सत्र मे नबी कुल 104 विकेट लए चुकल छथि। हालहि मे ओ श्रीलंका दौरा पर गेल भारत ए टीमक सदस्य सेहो छलाह, जतए 2 मोकाबला मे 6 विकेट हासिल कएने छलाह। आकिब नबी लेल ई अंतरराष्ट्रीय स्तर पर अपन प्रतिभा साबित करबाक ई महत्वपूर्ण अवसर मानल जा रहल अछि। आकिब एखन धरि 43 फर्स्ट क्लास मोकाबला मे 18क औसत सं 162 विकेट लए चुकल छथि। एक पारी मे 5 विकेट लेबाक उपलब्धि ओ 16 बेर हासिल कएने छथि।

**2 रणजी सत्र मे नबी कुल 104 विकेट लए चुकल छथि**

ओतहि लिस्ट-ए क्रिकेट मे 36 मोकाबला मे 27क औसत सं 56 विकेट अपन नाम कएने छथि। घरेलू क्रिकेट मे लगातार उत्कृष्ट प्रदर्शनक कारण आकिब नबी कें भारतीय टेस्ट टीम मे शामिल करबाक मांग लंबे समय सं उठि रहल छल। श्रीलंकाक विरुद्ध 2 मैचक टेस्ट सीरीजक शुरूआत 15 अगस्त सं होयत। पहिल टेस्ट मोकाबला गॉल अंतरराष्ट्रीय क्रिकेट स्टेडियम मे खेलाओल जाएत। एकर बाद दोसर टेस्ट मोकाबलाक शुरूआत 23 अगस्त सं कोलंबो मे होयत। सीरीज शुरू होए सं पहिने भारतीय टीम 7 अगस्त सं श्रीलंका इलेवनक विरुद्ध 3 दिनक अभ्यास मोकाबला खेलत।

# आईसीसी अमेरिकी क्रिकेटर अखिलेश रेड्डी पर 8 वर्षक प्रतिबंध लगौलक

अंतरराष्ट्रीय क्रिकेट परिषद (आईसीसी)क भ्रष्टाचार निरोधी न्यायाधिकरण अमेरिकाक क्रिकेटर बोदुगुम अखिलेश रेड्डी कें आईसीसीक भ्रष्टाचार निरोधी संहिताक 3 उल्लंघनक दोषी पाबि सभ प्रकारक क्रिकेट सं 8 वर्ष लेल प्रतिबंधित कए देलक। आईसीसीक अनुसार, ई प्रतिबंध 21 नवंबर 2025 सं प्रभावी मानल जाएत, किएक तं एहि दिन अखिलेश रेड्डी कें अस्थायी रूप सं निलंबित कएल गेल छल। हुनक प्रतिबंध नवंबर 2033 धरि प्रभावी रहत। ई मामिला अबू धाबी टी10 लीग 2025 सं जुड़ल अछि, जतए एमिरेट्स क्रिकेट बोर्डक तरफ सं आईसीसी नामित भ्रष्टाचार निरोधी अधिकारी (डीएसीओ)क रूप मे जांच कएने छल। जांच मे अखिलेश रेड्डी कें आईसीसी भ्रष्टाचार निरोधी संहिताक धारा 2.1.1क



उल्लंघनक दोषी पाओल गेल। ई धारा कोनो मैचक परिणाम, प्रगति, संचालन वा आन पक्ष कें फिक्स करबाक अथवा अनुचित रूप सं प्रभावित करबाक प्रयास सं संबंधित अछि। एकरा अतिरिक्त हुनका धारा 2.1.4क अंतर्गत सेहो दोषी ठहराओल गेल।




# विश्व बैडमिंटन चैंपियनशिप सं पहिने कोरिया मास्टर्स मे अंतिम तैयारी करताह भारतीय शटलर सभ

बैडमिंटन विश्व महासंघ (बीडब्ल्यूएफ) वर्ल्ड टूरक अगिला पड़ाव कोरिया मास्टर्स 2026 होयत, जतए भारतीय शटलर सभ एहि मास नई दिल्ली मे होमए बली बीडब्ल्यूएफ विश्व बैडमिंटन चैंपियनशिप सं पहिने अपन तैयारी कें अंतिम रूप देबाक उद्देश्य सं उतरथिन। 4 अगस्त सं 9 अगस्त धरि आयोजित होमए बला ई सुपर 300 प्रतियोगिता खेलाड़ी सभ लेल महत्वपूर्ण रैंकिंग अंक अर्जित करबाक संगहि आत्मविश्वास बढ़ेबाक उत्कृष्ट अवसर मानल जा रहल अछि। प्रतियोगिताक 18म संस्करण एहि बेर दक्षिण कोरियाक आसन शहर स्थित आसन यी सुन-सिन जिम्नेजियम मे खेलाओल जाएत। पछिला 3 संस्करण क्रमशः ग्वांगजू (2022, 2023) आ इक्सान (2024, 2025) मे आयोजित भेल छल। एहि बेर प्रतियोगिताक कुल पुरस्कार राशि 2.50 लाख अमेरिकी डॉलर निर्धारित कएल गेल अछि, जे पछिला वर्षक 2.40 लाख अमेरिकी डॉलर सं बेसी अछि।




## पुरुष एकल मे भारतीय चुनौती

पुरुष एकल मे किदांबी श्रीकांत, किरण जॉर्ज, तरुण मन्नेपल्ली, मिथुन मंजूनाथ, रौनक चौहान आ सनीत दयानंद भारतीय चुनौतीक अगुआई करताह। क्वालीफाइंग दौर मे एस. शंकर मुथुसामी सुब्रमण्यम आ तुषार सुवीर सेहो अपन भाग्य आजमौताह।

## महिला एकल मे तन्वी शर्मा पर रहत नजरि

महिला एकल मे हालक समय मे शानदार फॉर्म मे चलि रहल तन्वी शर्मा पर विशेष नजरि रहत। हुनक अतिरिक्त मालविका बंसोड़, अनमोल खरब, आकांक्षा कश्यप, अश्मिता चालिहा, तान्या हेमंत, ईशारानी बरुआ, श्रीयंशी वालिशेट्टी, रक्षिता श्री संतोष रामराज आ मानसी सिंह सेहो भारतक प्रतिनिधित्व करतथि।

## युगल स्पर्धा मे ई जोड़ीक भागीदारी

पुरुष युगल मे पृथ्वी कृष्णमूर्ति रॉय,कृष्ण प्रसाद गरगा, भार्गव राम अरिगेला,विश्व तेज गोब्बुरु आ पोचाना अर्जुन रेड्डी,अचुतादित्य राव डोड्डावरापुक जोड़ी कोर्ट पर उतरत। महिला युगल मे प्रिया कोंजेंगबाम, श्रुति मिश्रा आ सोनाली सिंह,ऋतिका ठाकेर भारतक प्रतिनिधित्व करतथि। मिश्रित युगल मे ईशान भटनागर,श्रुति मिश्रा, ध्रुव रावत,मनीषा के. आ सात्विक रेड्डी कनापुरम,राधिका शर्माक जोड़ी सं नीक प्रदर्शनक उम्मीद अछि।

## किछु प्रमुख खेलाड़ी नहि लेताह हिस्सा

भारत कें किछु प्रमुख खेलाड़ी सभक अनुपस्थिति सेहो महसूस होयत। पुरुष एकल सं एचएस प्रणय, लक्ष्य शर्मा, प्रियांशु राजावत, आलाप मिश्रा, ओरिजित चालिहा, प्रणय शेट्टिगार आ गिनपॉल सोना अपन नाम वापस लए लेने छथि। ओतहि महिला एकल मे तस्नीम मीर आ समिया इमाद फारूकी सेहो प्रतियोगिता मे हिस्सा नहि लेतथि। पछिला वर्ष इक्सान मे आयोजित कोरिया मास्टर्स मे पुरुष एकलक विजेता जिया हेंग जेसन तेह, महिला एकलक चैंपियन चिउ पिन-चियान, पुरुष युगलक विजेता ली जोंग-मिन, वांग चान, महिला युगलक विजेता हिनाता सुजुकी, नाओ यामाकिता आ मिश्रित युगलक विजेता किम जे-ह्योन,जियोंग ना-यून छलाह। भारतीय शटलर सभ लेल ई प्रतियोगिता नई दिल्ली मे होमए बली विश्व बैडमिंटन चैंपियनशिप सं पहिने अपन फॉर्म आ आत्मविश्वास मजबूत करबाक महत्वपूर्ण अवसर मानल जा रहल अछि।

वर्ष 16, अंक 323 **स्वत्वाधिकारी राघवेंद्र**, प्रकाशक, मुद्रक और संपादक **कुमारी सुषमा** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं डीबी कॉर्प, उड़ान टोला, नियर दानापुर कैंट, शिवाला रोड, पोस्ट खगोल, शाहपुर, पटना 801105 से मुद्रित।
**प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेडः** पंकज मिश्रा, संपर्क : 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053